O`zbekistan Respublikasi Joqari ha`m Orta Arnawli Bilimlendiriw Ministrligi

A`jiniyaz atindag`i No`kis Mamleketlik Pedagogikaliq Instituti

"ETNOLOGIYA" pa'ninen

# LEKTSIYA TEKSTI

TARIYX OQITIW METODIKASI
BAKALAVR TA`LIM BAG'DARI
2-kurs 4-semestr

du'ziwshi t.i.k. T.Kud'yarova

**TEMA: Etnologiyanin` a`ha`miyeti ha`m tiykarg`i tu`sinikleri, tariyxi ha`m keleshegi.**

**Jobasi:**

1. Etnologiya pa`ninin` a`ha`miyeti. G`a`rezsiz pa`n sipatinda payda boliwi.
2. Etnologiya pa`ninin` izertlew obekti, tiykarg`i usili, metodlari.
3. Etnologiyani dwirlestiriw. Etnologiyaliq izertlewler metodlarinin` qa`liplesiwi

*Tayanish tu`sinigi*

*Etnologi tariyxinin` izertlew predmeti, O`zbek ha`m Qaraqalpaq xalqi etnologiyasinin` u`yreniliwi, izertleniwi, Ja`ha`n etnologiyasi onin` mektepleri ha`m bag`dari, Etnologiya pa`ninin` derekleri ha`m metodlari.*

Adamzattin` ruwxiy du`n`yasin bayitpay, adamlardin` sana semimlerin ta`rbiyalamay turip, O`zbekstan ma`mleketinin` keleshegi ulli, qu`diretli bay ma`mleketke aylandiriw mu`mkin emes. Sonin` ushin da ha`zirgi waqitta da keleshekte de adamlardin` du`n`ya qarasin tu`p tamirinan o`zgertiw, olardi ha`r ta`repleme bilimli,ma`deniyatli etip ta`rbiyalaw ma`seleleri turipti. Etnologiya tariyxinin` izertlew predmeti tiykarinan etnoslar, elatlar bolip esaplanadi.

Xaliqlardin` kelip shig`iwi olardin` etnogenezi ha`m etnik tariyxi bu`gingi ku`ndegi etnografiya iliminin` basli mashqalasi ha`m ma`qseti bolip tabiladi. Ha`r bir xaliq o`zinin` payda boliwinin` ha`m etnogenzinin` o`zine ta`n bolg`an bay tariyxina iye.q

XIX-a`sirdin` ekinshi yarimi ha`m XX-a`sir birinshi yariminda ja`ha`n etnografiyasi iliminde L.Morgan, E.Taylor h.t.b evolyutsion bag`darda izertlewler alip bardi.

Rossiya etnografiyasinda N.Anuchin, Bograz-Tan, Ch.Ch.Valixanov, N.N.Mikluxo-Maklay, G.N.Potanin, E.Pesherovalar u`lken ilimiy izleniwler alip bardi ha`m sonin` menen birge Orta Aziya elleri tariyxin-etnografiyasin, etnogenezin u`yrenip bardi. XX-a`sir ekinshi yariminda Orta Aziya sonin` menen o`zbek xalqi etnografiyasin u`yreniwde bir qansha ilimiy izertlewler alip barildi. Alimlarimizdan O.A.Suxareva, K.Shoniezov, T.A.Jdanko, V.Basilov, H.Ismaylov h.t.basqalar solar qatarinan. O`zbek xalqinin` etnogenezin ha`m etnografiyasin u`yreniwde XX-a`sirdin` 30-40 jillarinda etnografiya ilimine diqqat awdarila basladi. qorw-jili Tashkent qalasinda bolip o`tken SSSR Ilimler Akademiyasinin` «Etnografiya komissiyasi» o`z ma`jlisin Orta Aziya xaliqlarinin` etnogenezine arnadi.

Qaraqalpaq xalqinin` etnogenezi ma`selesinde pikir aytqan evropali ilimpazlar I.Kirillov, I.Stralenberg, N.Tatishev, G.Miller, E.Fisher, G.Georgi, I.Richkov, M.Chulkov, L.Maksimovich h.t.basqalar boldi.

XX-a`sirdin` 60-80 jillari Qaraqalpaqlardin` etnogenezi ma`selesinde qizig`ip izertlew ju`rgizgen ilimpazlar akademik S.K.Kamalov, V.N.Yagodin, X.E.Esbergenov, L.S.Tolstova, K.Mambetov, D.Aytmuratov, M.Mambetullaev, O.Yusupovlar jan`asha pikirler berdi.

Ha`r bir xaliqtin` ruwxiy o`mirinin` oyaniw da`wiri boladi. Sonin` ushinda ha`r bir xaliq o`zinin` ma`deniy tariyxindag`i ornin, kim ekenligin bilgisi keledi.

Da`sturiy kiyim-kensheklerimizdegi milliy o`zgeshelik bul xaliqtin` milliy o`zgesheligi bolip esaplanadi. Ko`pshilik xaliqlar bul milliy da`sturlerdi qa`sterleydi. Ayirim xaliqlar olardi rawajlandirip, pu`tkil jer ju`zlik xaliqlardin` qizig`iwshilig`in oyatqan. Sonin` ushinda ha`r qanday xaliq kiyimler o`zgesheligi tiykarinda ajiralip turadi. Ko`pshilik xaliqlar bul da`sturlerin a`dewir qa`sterleydi. Misali, Yaponiya, Hindistan, Qitay, Arab ha`m Iran hayal-qizlari qaysi ellerge bariwina qaramastan o`zlerinin` milliy kiyimlerin kiyedi.

Demek xaliqlarimiz ma`deniyatinda da`sturiy kiyim-kensheklerdin` roli ayriqsha eken.

O`zbek, Qaraqalpaq etnografiyasi ilimi tarawinda xizmet etken S.P.Tolstov, P.P.Ivanov, T.A.Jdanko, S.K.Kamalov, M.Mambetullaev, M.Tlewmuratov, A.Utemisov, sonday-aq iskusstvo ilimlerinin` kandidati A.Allamuratov filologiya ilimleri doktori K.Mambetovtin` h.t.b. ilimpazlarimizdin` miynetleri aytarliqtay. O`zbek xalqinin` ruwxiy ma`deniyatina tiyisli etnografiyaliq mag`liwmatlar Al-Xorezmiydin` «Surat al -farz» atli shig`armasi belgili bolip, onda teu en` tiykarg`i jerlerdin` atlari, qalalar, tawlar, da`r`yalar, ten`iz atlira atalip ko`rsetilgen.

Babur babamizdin` «Baburnama» shig`armasi ha`m onin` qizi Gulbadanbegim do`retgen «Xumayunnoma» shig`armasi biybaha tariyxiy-biografiyaliq shig`arma bolip esaplanadi.

Tariyxshi ha`m u`lketaniwshi ilimpaz Xofizi Tonish Buxariy (XVI-a`sir) jazip qaldirg`an «Abdullanama», Masud ibn Quhistoniydin` «Tariyxiy Abulxayirxaniy», Kamolladdin Binoniydin` «Shaybaniynomay Buxara», Xiywa xani Abulg`azinin` «Shajaray turk», Nikolay ha`m Yakov Xanikovlardin` (1851j) «Aral ten`izi ha`m Xiywa xanlig`i kartasina qosimsha» shig`armalari biybaha etnografiyaliq mag`liwiatlarg`a bay do`retpeler bolip esaplanadi.

Hayal-qizlardin` turmisi haqqindag`i etnografiyaliq mag`liwmatlardi G.Meyendorfnin` «Buxarag`a sayaxat» atli shig`armasinan alamiz. Tu`rk tillerin jaqsi bilgen belgili venger shig`istaniwshi alim Arminiy Vamberi 1863jil diywana kiyiminde sawda ka`rwani menen Xiywa, Buxara, Samarkand qalalarina sayaxatqa keledi. Ol birinshi bolip «o`zbek» so`zinin` kelip shig`iwi haqqinda 36 o`zbek qa`wimlerinen` dizimi haqqinda, olardin` kiyim-kensheleri, awqatlari, oyin-ma`resimleri, muzika aspablari, da`stu`rleri tuwrisinda ko`plegen mag`liwmatlar beredi. Rasmiy tu`rde etnografiya g`a`rezsiz pa`n sipatinda 1839-jil Parij etnografiyaliq ja`miyetinin` tiykar saliniwi menen baslandi. Xaliqlardin` etnikaliq ko`rinisin, olardag`i o`zgesheliklerdi izertlew ha`m aniqlaw tariyxiy etnografiya waziypasi. Etnografiyaliq bul taraw xaliqtin` etnogenezin ha`m etnik tariyxin, xaliq bolip qa`liplesiwin aniqlawda a`hmiyetli. O`zbek, Qaraqalpaq xalqinin` etnogenzin ha`m etnografiyasin u`yreniwde keleshekte ha`m ha`zirgi da`wirde to`mendegi ma`selelerge itibar beriw kerek;

Etnologiya buring`i ha`m son`g`i da`wirlerdegi xaliqlar turmisindag`i ma`deniy o`zgesheliklerge duris tu`sinik aliwg`a ja`rdemlesedi. Ha`zirgi da`wirde ja`ha`n xaliqlari haqqinda birikken etnografiyaliq mag`liwmatlar jaziw,ja`ha`n xaliqlarinin` ornalasiw kartasin du`ziw mashqalasi bar. Xaliqlardin` etnografiyaliq ko`rinisin izertlewde etnogenez ha`m etnik tariyxin u`yreniwde, aniqlawda

Etnografiya, Arxeologiya, Antropologiya, Fol`klor, Isskustvo, Ta`biyat-taniw, Til, A`debiyat, Sotsiologiya h.t.b. pa`nlerden paydalaniladi. Bulardan aling`an derekler xaliqlardin` qa`liplesiwi, rawajlaniw o`zgesheliklerin, tariyxin aniqlawda u`lken ja`rdem beredi.

**Etnologiya** grektin etnos- xaliq, logos-taliymat, u`yren`iw degen` eki so`zinen` quralgan. O`zinin manisi boyinsha etnologiya xaliqlardin ja`miyetlik duzimin olardin kelip shigiwin, o`z-ara qarim-qatnaslarin, ruuxiy ha`m materialliq ma`deniyatin izertleytugin ilim tarawi. Ayirim alimlar etnografiya xaliqlardin arasinan dereqlerdi jiynaw menen sheklenedi de, etnologiya sol etnograflardin jiynagan dereklerinin negizinde ilimiy miynetler jazadi degen` tusinikti aytadi. Negizinde bul ilimnin eki tarawi qanday ilim turi boyinsha jurgizilgen` izertlewler eki turli tarawdan turadi.

Birinshiden`, ilim izertlewshi temag`a baylanisli dereqlerdi jiynasa, ekinshiden` sol jiynalgan mag`liwmatlarga ilimiy mani berip ilimiy miynetler oqiu qurallarin maqalalar jazadi. Turmis degenimizde ha`r bir xaliqtin a`sirler boyi qa`liplesken turmis tirishiligi, qundeliqli urp-adet dasturleri, jamiyetliq turmisi uliwma milletliq o`zgesheligin tusinemiz. Dun`ya ju`zindegi jasaytugin san jag`inan ulken` ha`m qishi xaliqlardin ha`r birinin a`sirler boyi qa`liplesken teq o`zine tan turmis o`zgeshelikleri bar.

Ha`zirgi da`wirde xaliqlardin kelip shigiwi ha`m xaliq bolip qa`liplesiwi tariyxi ha`m olardin xojalig`inin` turi ja`miyetlik duzimi, turmis o`zgesheligi ha`m xaliqtin tagi basqa ma`seleleri menen tek g`ana ilimpaz tariyxshilar g`ana emes, ha`r bir adam qizig`adi. Ha`r bir sanali adam o`zine biz kim edik, ata-babalarimiz qay jerlerde, qalay jasag`an, ma`deniyati qanday darejede bolgan degen sorawlar qoyadi. Biraq bul sorawlarga juwapti bir eki derekke tiykarlanip sheshiwge bolmaydi.

**ETNOLOGIYa-** tu`rli etnik toparlardin` qa`liplesiwi ha`m rawajlaniwi protsessin, olardag`i etnik o`zlikti an`law, ma`deniy basqariw tu`rleri ha`mde o`z-ara qatnasiqlar nizamlarina, shaxslar ara qatnasiqlardi ha`mde ja`miyetlik ortaliqti uyretiwshi pa`n.

**ETNOLOGIYaNIN` METODLARI:**

**1) JAZBA DEREKLERDI UYRENIW**

Bunda qadimgi ham orta a`sirlerde Amudar`ya ha`m Sirdar`ya boylarinda jasag`an xaliqlar etnologiyasin uyreniwde zardushtiyliktin` muxaddes kitabi «Avesto», qa`dimgi turkiy bitikler, sug`diy jaziwlari, A.R.Beruniydin` «Qadimgi xaliqlardan qalg`an estelikler», Maxmud Qashkariydin` «Devonu lug`atit turk», Abu Bakir Narshaxiydin` «Buxara tariyxi», Sharafatdin-Ali-Yazdiydin` «Zafarnama», Muxammed Baburdin` «Baburnama», Xofiz Tanish Buxariydin` «Abdullanama», Abulg`aziy Bahadirxannin` «Shajaray turk», Muxammed Salixtin` «Shaybaniynama» siyaqli shig`armalari u`lken a`ha`miyetke iye.

**2) XALIQ AWIZ-EKI TVORChESTVOSI:**

Qayumars, Jamshid ha`m Siyawish apsanalari, Tumaris ha`m Shirak haqqindag`i qissalar, «Go`rug`li», «Alpamis» da`stanlari h.t.b.

3) **ARXEOLOGIYaLIQ MATERIALLAR**:

Jazba ha`m awizeki dereklerge qaraganda arxeologiyaliq izertlewlerden tabilg`an materiallar isenimlirek esaplaniladi. Bul materiallar tiykarinda aniagliwmatlar beriwge boladi. Mis: Arxeologiyalik zatlay derekler ata-babalarimiz jasag`an ma`kan jaylar, miynet kurallari, qurilg`an jaylar suw inshatlari esaplanadi.

4) **TILTANIW METODI:** Bul usildin a`ha`miyeti tu`rli tillerdegi belgili so`zlerdi aniqlawdan ibarat, bul o`z gezeginde jaqin tiller qatnasiqlari shegarasi ha`m olardin` jaqinlig`i, baylanislig`i da`rejesin aniklawg`a mu`mkinshilik beredi

5) **STATISTIK METODI:** Etnologiyada statistik metodi o`zine ta`n metod tiykarinda qollaniladi. Etnologiya pa`n sipatinda jakin arada payda boliwina qaramastan usi statistikaliq mag`liwmatlar ko`p materiallar bermekte. Mis: Xaliqti dizimge aliw, ja`miyetlik-demografiyaliq sawallar aliw h.t.b.

6) **DALA IZERTLEWLERI** (ob`ektda statsionar izertlew keminde 1-jil dawam etiw kerek). U`yrenilip atirg`an etnik aymaqta uzaq mu`ddet dawam etken ilimiy izertlewler ju`rgiziw bul orin toliq u`yreniwge ja`rdem etedi. Etnolog izertlewshi da`slepki 2-3 ay dawaminda bul aymaq benen tanisiwi mu`mkin, biraq toliq magliwmatlar toplaw ushin statsionar tu`rde izertlew jumislari ju`rgiziw kerek. Etnoslar arasinda ko`birek bolip izertlew ju`rgiziw bul etnoslar boyinsha toliq mag`liwmatlar aliw mu`mkinshiligin beredi. MIS: amerikali etnolog ilimpaz L.Morgan Amerikadag`i indeytslerdin` arasinda boliwi, yamasa rus etnolog ilimpaxi Mikluxo Maklay Jana Gveniya papuaslarinin` arasinda bolip ju`rgizgen izertlewleri bir jildan artiq dawam etedi, na`tiyjede ju`da` ko`plegen etnografiyaliq materiallar toplawg`a erisedi.

**ETNOLOGIYaNIN` TIYKARI BAG`DARLARI: 1) EVOLYuTsIONIZM**-adam tabiyattin bir kisimi ha`m ol ta`biyatqa ta`n uliwma nizamliqlar menen birge rawajlanadi. Demek, barliq insanlar psixologiyalik ha`m intellektual jaqtan bir qiyli ta`biyatli ha`m olar tek ozine ta`n bolg`an uliwma qa`siyetlerge iye bolg`an ma`deniyat jaratadi Evolyutsionizm pikir qollap-quwatlawshi ilimpazlardan Eduard Teylor «Ibtidoiy madaniyat», Genri Morgan «Kadimgi jamiyat», Mak Lennon «Patriarxat nazariyasi» h.t.b.

**G`a`rezsizlik jillarinda O`zbekstanda etnologiya pa`ni** ilimiy jetiskenliklerge etisti. Orinlang`a ilimiy izertlewler na`tiyjesinde koplegen monografiyalar, ilimiy kitaplar, maqalalar jazildi. Xaliq izertleushi alim I.Jabbarovt, H.Ismaylov, O.Buriev, A.Ashirov siyaqli ilimpazlar ozbek xalkinin` turmis tarizi, toy maresimleri milliy qadiriyatlarina baylanisli izertlezdi.

I.Jabbarovtin` «Uzbeklar ananaviy turmush tarizi va madaniyati» T-2004, H.Ismaylov «Uzbek toylari» T-1994, O.Buriev «Uzbek oylasi tarixi», A.Ashirov «Avesto» dan meros marosimlar T-2001 kitaplari jazildi.Karim Shoniyazovtin` o`zinin` yarim asirlik ilimiy izertleuleri natiyjesinde Orta Aziya aymaginda jasaushi o`zbekler ha`mde baskada xaliklar etnogenezi ha`m etnik tariyxina baylanisli

fundamental izertlewler ju`rgizdi monografiyalar jazdi. Alimnin` «Uzbek karluklari», «Uzbek xalqining etnik tarixiga oid» , «Uzbek xalkining moddiy madaniyatidan lavhalar», «Kang davlati va Kanglilar», «Qarluq davlati va qarluklar», «Uzbek xalqining shakillanish jarayoni» siyakli miynetleri jarik ko`rdi

O`zbekstanda etnografiya ha`m etnologiya pa`ninin` tariyxnamasi menen shug`illang`an ilimpazlardan A.Doniyarov, D.Hoshimova, I.Jabbarov, O.Buriev, T.Salimov, B.Isoqov atap o`tsek turarli. Ha`zirgi da`wirge kelip Uz.R. bir qatar ilimiy oraylarinda etnologiya bagdarinda izertlewler a`melge asirilmaqda. Wz.RFA Tariyx instituti Etnologiya bo`limi, WzMu «Arxeologiya-etnologiya» kafedrasi, TerDU ha`m Qarshi DU da Etnologiya ilimiy orayi xizmet korsetpekte. O`zbekstan etnologiyasinin` mashkalalarina arnalg`an xaliq araliq ha`m respublikaliq a`njumanlar (1999,2000,2004, 2005, 2007jj) o`tkerildi. Ma`mleketimiz etnologlari AQSh, Angliya, Frantsiya, Yaponiya, Koreya, Turkiya, Orayliq Aziya respublikalari etnologlari menen birge ilimiy izertlewler ju`rgizbekde.

**Temani bekkemlew ushin sorawlar**

1. Etonologiya pa`ninin` a`ha`miyeti?

2.G`a`rezsiz pa`n sipatinda payda boliwi?

3. Etnologiya pa`ninin` izertlew obekti, tiykarg`i usili, metodlari?

4. Etnologiyani dwirlestiriw. Etnologiyaliq izertlewler metodlarinin` qa`liplesiwi ?

**A`debiyatlar**

Its R.F. «Vvedenie v etnografiyu». L., 1974. Izd. vtoroe, 1994

Tokarev S.A. «Istoki etnograficheskoy nauki». M. Nauka, 1978

Jabbarov.I. «Uzbek xalqi etnografiyasi». T.1996

Jabborov I. «Jahon xalqlari etnologiyasi». T. «Yangi asr avlodi», 2005

Ashirov Sh, Atadjanov A «Etnologiya» T., 2007

**Tema: Etnologiya pa`ni, predmeti ha`m izertlew metodlari**.

**REJE:**

1. Etnologiya pa`nine kirisiw ha`m onin` izertlew predmeti.
2. Etnologiyanin` pa`nler ara baylanisi.
3. XIX-XX-a`sirlerdegi Etnologiya predmeti, onin` derekleri.
4. Etnologiya pa`ninin` derekleri ha`m metodlari. Arxiya ha`m muzey materiallari.
5. Dala izertlewleri ha`m olardin` tu`rleri.

***Tayanish tu`sinigi***

*Etnologiya, etnogenez ha`m etnik tariyxinin` izertlew predmeti, O`zbek ha`m Qaraqalpaq xalqi etnografiyasinin` u`yreniliwi, izertleniwi, Etnologiya pa`ninin` derekleri ha`m metodlari.*

Respublikamiz o`zinin` ma`mleket g`a`resizligine eriskennen son` a`jayip mu`mkinshiliklerge eristi. O`zbekstan o`zine ta`n g`a`rezsiz rawajlaniw jolin tan`ladi, o`zbek xalqin pu`tkil du`n`ya ja`miyetshiligi ta`n aldi ha`m hu`rmet etti.

O’zbekistan Respublikasi birinshi Prezidenti I.A.Karimov basshilig`inda ma`mlekette jan`alaniw, ekonomikaliq reformalardi iske asiriw, ruwxiy-ag`artiwshiliq miyraslarimizdi qayta tiklewde na`tiyjeli isler alip barmaqda. O`zinin` «O`zbekstan XXI a`sir bosag`asinda: qa`wipsizlikke qa`wip, turaqliliq sha`rtleri, rawajlaniw kepillikleri» degen kitabinda: «O`z keleshegimizdi o`z qolimiz benen quramiz», sonday-aq O’zbekistan Respublikasi birinshi Prezidenti «Tu`rkistan» gazetasi xabarshisinin` sorawlarina bergen juwaplarinda, ruwxiyliq-ag`artiwshiliq, milliy qa`diriyatlarimiz ma`selelerine u`lken itibar bermekte. Haqiyqatinda da g`a`resizlikke erisken 19 jil ishinde ruwxiylig`imizdi, tariyximizdi, dinimizdi, tilimizdi, milliy u`rip-a`det, da`stu`rlerimizdi tiklewde, olarg`a haqiyqiy tu`rde baha beriwde, onin` qa`dir qimbatin tu`siniw isinde u`lken jumislar ju`rgizilip atir. Bul tarawda islenip atirg`an isler, a`sirler dawaminda islenetug`in islerge tatirliq.

Adamzattin` ruwxiy du`n`yasin bayitpay, adamlardin` sana semimlerin ta`rbiyalamay turip, O`zbekstan ma`mleketinin` keleshegi ulli, qu`diretli bay ma`mleketke aylandiriw mu`mkin emes. Sonin` ushin da ha`zirgi waqitta da keleshekte de adamlardin` du`n`ya qarasin tu`p tamirinan o`zgertiw, olardi ha`r ta`repleme bilimli,ma`deniyatli etip ta`rbiyalaw ma`seleleri turipti.

Sonday-aq I.Karimov o`zinin` «Tarixiy xotirasiz kelajak ywq» miynetinde tariyximizdin` ko`plegen mashqalalarina toqtalip o`tken edi.

**Oylan ha`m pikirin`di bildir**

- I.Karimov ozinin’ «Tariyxiy yadnamasiz keleshek joq» miynetinde tariyximizdi ko`plegen qanday mashqalalarina toqtalip o`tken edi**?**
- Bul miynetinde tariyxshilarimiz aldina qanday ma`seleler qoyildi**?**

Biz tariyximizdi teren` u`yreniw arqali ha`zirgi ku`nimizdi teren` bilemiz. Keleshekke ko`z jiberemiz. Ha`zirgi ku`nimiz o`tmishden kelip shiqqan, al keleshegimiz bolsa bu`gingi ku`nnin` dawami.

Etnologiyanin` izertlew predmeti tiykarinan etnoslar, elatlar bolip esaplanadi.

**Sa`wbetlesiw ju`rgiziw** (temani bekkemlew)

-Etnologiya so`zinin` ma`nisi neni an`latadi**?**

**-**Etnologiya pa`ni neni u`yretedi**?**

**-**Siz etnograflardan kimlerdi bilesiz**?**

Xaliqlardin` kelip shig`iwi olardin` etnogenezi ha`m etnik tariyxi bu`gingi ku`ndegi etnografiya iliminin` basli mashqalasi ha`m ma`qseti bolip tabiladi. Ha`r bir xaliq o`zinin` payda boliwinin` ha`m etnogenzinin` o`zine ta`n bolg`an bay tariyxina iye.

XIX-a`sirdin` ekinshi yarimi ha`m XX-a`sir birinshi yariminda ja`ha`n etnografiyasi iliminde L.Morgan, E.Taylor h.t.b evolyutsion bag`darda izertlewler alip bardi.

Rossiya etnografiyasinda N.Anuchin, Bograz-Tan, Ch.Ch.Valixanov, N.N.Mikluxo-Maklay, G.N.Potanin, E.Pesherovalar u`lken ilimiy izleniwler alip bardi ha`m sonin` menen birge Orta Aziya elleri tariyxin-etnografiyasin, etnogenezin u`yrenip bardi.

XX-a`sir ekinshi yariminda Orta Aziya sonin` menen o`zbek xalqi etnografiyasin u`yreniwde bir qansha ilimiy izertlewler alip barildi. Alimlarimizdan O.A.Suxareva, K.Shoniezov, T.A.Jdanko, V.Basilov, H.Ismaylov h.t.basqalar solar qatarinan.

**Este saqla**

*O`zbek xalqinin` etnogenezin ha`m etnografiyasin u`yreniwde XX-a`sirdin` 30-40 jillarinda etnografiya ilimine diqqat awdarila basladi. 1942-jili Tashkent qalasinda bolip o`tken SSSR Ilimler Akademiyasinin` «Etnologiya komissiyasi» o`z ma`jlisin Orta Aziya xaliqlarinin` etnogenezine arnadi.*

Qaraqalpaq xalqinin` etnogenezi ma`selesinde pikir aytqan evropali ilimpazlar I.Kirillov, I.Stralenberg, N.Tatishev, G.Miller, E.Fisher, G.Georgi, I.Richkov, M.Chulkov, L.Maksimovich h.t.basqalar boldi.

XX-a`sirdin` 60-80 jillari Qaraqalpaqlardin` etnogenezi ma`selesinde qizig`ip izertlew ju`rgizgen ilimpazlar akademik S.K.Kamalov, V.N.Yagodin, X.E.Esbergenov, L.S.Tolstova, K.Mambetov, D.Aytmuratov, M.Mambetullaev, O.Yusupovlar jan`asha pikirler berdi.

Ha`r bir xaliqtin` ruwxiy o`mirinin` oyaniw da`wiri boladi. Sonin` ushinda ha`r bir xaliq o`zinin` ma`deniy tariyxindag`i ornin, kim ekenligin bilgisi keledi.

Sebebi hesh kim zinin` ma`deniy miyrasin bilmey turip, jasap turg`an zamani haqqinda pikir bildire almaydi. Ha`r qanday xaliqtin etnografiyaliq o`zgesheliklkri yamasa, da`stu`riy kiyimleri sol xaliqtin` etnikaliq jaqtan kelip shig`iwi boyinsha kimlerge jatatug`inlig`in, kimlerge jaqin ekenligin aniqlawg`a ja`rdem etetug`inlig`i tariyxtan belgili. Ha`r qanday xaliqtin` da da`stu`riy pishimleri, olardin` kiyimleri, tigiliw usillari ha`m bezewlerinde saqlang`an a`yyemgi da`wirdin` elementleri

xalqimizdin` etnogenezi ha`m etnikaliq tariyxin u`yrenip izertlewde ha`m o`zimizdin` milliyligimizdi an`law boyinsha a`hmiyetli tariyxiy dereklerdin` biri bolip esaplanadi.

O`zligimizdi an`law en` aldi menen ha`r kim o`zinin` na`silin biliw, kelip shig`iwin biliw, u`yreniw- bular ha`mmemizge, ha`r qaysimizg`a za`ru`r na`rseler.

Ata-babalarimizdin` kim bolg`anlig`i olardin` tariyxta qanday iz qaldirg`anlig`i a`lbette ba`rimizdi qiziqtiradi. Olardin` bizlerge qaldirg`an ruwxiy ha`m makterialliq miyraslarina qizig`iwshiliq ha`m hu`rmet penen qaraymiz. Ha`zir ha`mmede jan`asha oylaw, jan`asha ko`z-qaras, sezim payda bolmaqda. Biz bug`an g`a`rezsizlik sharapati menen eristik, basqasha aytqanda derlik u`sh min` jilliq tariyximizda pu`tkilley jan`asha rawajlaniw da`wiri baslanip atir. Da`sturiy kiyim-kensheklerimizdegi milliy o`zgeshelik bul xaliqtin` milliy o`zgesheligi bolip esaplanadi. Ko`pshilik xaliqlar bul milliy da`sturlerdi qa`sterleydi. Ayirim xaliqlar olardi rawajlandirip, pu`tkil jer ju`zlik xaliqlardin` qizig`iwshilig`in oyatqan.

Sonin` ushinda ha`r qanday xaliq kiyimler o`zgesheligi tiykarinda ajiralip turadi. Ko`pshilik xaliqlar bul da`sturlerin a`dewir qa`sterleydi. Misali, Yaponiya, Hindistan, Qitay, Arab ha`m Iran hayal-qizlari qaysi ellerge bariwina qaramastan o`zlerinin` milliy kiyimlerin kiyedi. Demek xaliqlarimiz ma`deniyatinda da`sturiy kiyim-kensheklerdin` roli ayriqsha eken.

Bizin` Qaraqalpaq xalqinin` da`sturiy kiyim-kenshekleride o`zinin` milliylik qa`siyetleri menen o`zine tartadi. Sol ushinda biz xalqimiz da`sturiy kiyim-kensheklerinin` milliyligi, olardin` payda boliwi, qollaniliwi, o`zine ta`n qaytalanbas o`nerleri ha`m xalqimiz da`sturiy kiyim-kensheklerinin` shayirlarimiz shig`armalarinda so`z etiliwi ha`mde milliy kiyim-kensheklerimiz haqqindag`i etnografiyaliq mag`liwmatlarg`a arnawli toqtalip o`temiz.

O`zbek, Qaraqalpaq tariyxi, etnografiyasi ilimleri tarawinda xizmet etken S.P.Tolstov, P.P.Ivanov, T.A.Jdanko, S.K.Kamalov, M.Mambetullaev, M.Tlewmuratov, A.Utemisov, sonday-aq iskusstvo ilimlerinin` kandidati A.Allamuratov filologiya ilimleri doktori K.Mambetovtin` h.t.b. ilimpazlarimizdin` miynetleri aytarliqtay.

O`zbek xalqinin` ruwxiy ma`deniyatina tiyisli etnografiyaliq mag`liwmatlar Al-Xorezmiydin` «Surat al -farz» atli shig`armasi belgili bolip, onda 537 en` tiykarg`i jerlerdin` atlari, qalalar, tawlar, da`r`yalar, ten`iz atlira atalip ko`rsetilgen.

Babur babamizdin` «Baburnama» shig`armasi ha`m onin` qizi Gulbadanbegim do`retgen «Xumayunnoma» shig`armasi biybaha tariyxiy-biografiyaliq shig`arma bolip esaplanadi. Tariyxshi ha`i u`lketaniwshi ilimpaz Xofizi Tonish Buxariy (XV8-a`sir) jazip qaldirg`an «Abdullanama», Masud ibn Qwhistoniydin` «Tariyxiy Abulxayirxaniy» ,Kamolladdin Binoniydin` «Shaybaniynomay Buxara», Xiywa xani Abulg`azinin` «Shajaray turk», Nikolay ha`m Yakov Xanikovlardin` (1851j)«Aral ten`izi ha`m Xiywa xanlig`i kartasina qosimsha» shig`armalari biybaha etnografiyaliq mag`liwiatlarg`a bay do`retpeler bolip esaplanadi.

Hayal-qizlardin` turmisi haqqindag`i etnografiyaliq mag`liwmatlardi G.Meyendorfnin` «Buxarag`a sayaxat» atli shig`armasinan alamiz. Tu`rk tillerin jaqsi bilgen belgili venger shig`istaniwshi alim Arminiy Vamberi 1863 jil diywana kiyiminde sawda ka`rwani menen Xiywa, Buxara, Samarkand qalalarina sayaxatqa keledi. Ol birinshi bolip «o`zbek» so`zinin` kelip shig`iwi haqqinda 32 o`zbek qa`wimlerinen` dizimi haqqinda, olardin` kiyim-kensheleri, awqatlari, oyin-ma`resimleri, muzika aspablari, da`stu`rleri tuwrisinda ko`plegen mag`liwmatlar beredi.

Etnologiya atamasi a`yyemgi grek tilinen awdarilg`anda «etnos» xaliq, «logos» jaziw,siziw ma`nisin bildiredi.Rasmiy tu`rde etnografiya g`a`rezsiz pa`n sipatinda 1839-jil Parij etnografiyaliq ja`miyetinin` tiykar saliniwi menen baslandi. Xaliqlardin` etnikaliq ko`rinisin, olardag`i o`zgesheliklerdi izertlew ha`m aniqlaw tariyxiy etnografiyanin` waziypasi. Etnologiyaliq bul taraw xaliqtin` etnogenezin ha`m etnik tariyxin, xaliq bolip qa`liplesiwin aniqlawda a`hmiyetli.

O`zbek ha`m Qaraqalpaq xalqinin` etnogenzin ha`m etnografiyasin u`yreniwde keleshekte ha`m ha`zirgi da`wirde to`mendegi ma`selelerge itibar beriw kerek;

**Student biliwi za`ru`r:**

***-paleoetnogenetikaliq izertlewler- xalqimiz etnogenetikaliq tariyxin u`yreniwde en` qa`dimgi qa`wimler, etnoslardin` etnoma`deniy tariyxi menen (paleolit, neolit, eneolit, bronza da`wirinen baslap) baylanistirip qaraw kerekligi,***

***-etnodemografiyaliq yamasa migratsiyaliq jag`daylarin esapqa aliw,***

***-etno-geografiyaliq ha`m ta`biyg`iy sharayatlarin, ortaliq ha`m sotsial ekonomikaliq jag`daylarin baylanistiriw.***

*Etnologiya* buring`i ha`m son`g`i da`wirlerdegi xaliqlar turmisindag`i ma`deniy o`zgesheliklerge duris tu`sinik aliwg`a ja`rdemlesedi. Ha`zirgi da`wirde ja`ha`n xaliqlari haqqinda birikken etnografiyaliq mag`liwmatlar jaziw,ja`ha`n xaliqlarinin` ornalasiw kartasin du`ziw mashqalasi bar. Xaliqlardin` etnografiyaliq ko`rinisin izertlewde etnogenez ha`m etnik tariyxin u`yreniwde, aniqlawda Etnologiya, Arxeologiya, Antropologiya, Fol`klor, Isskustvo, Ta`biyat-taniw,Til, A`debiyat, Sotsiologiya h.t.b. pa`nlerden paydalaniladi. Bulardan aling`an derekler xaliqlardin` qa`liplesiwi, rawajlaniw o`zgesheliklerin, tariyxin aniqlawda u`lken ja`rdem beredi.

**TEMANI BEKKEMLEWShI SORAWLAR:**

1. Qaraqalpaq etnografiyasin izertlewshi ilimpazlardi atan`.
2. Al-Xorezmiydin` etnografiyaliq qaysi shig`armasinda jerlerdin` atlari, qalalar, tawlar, da`r`yalar, ten`iz atlira atalip ko`rsetilgen.
3. Gulbadanbegim do`retgen biybaha tariyxiy-biografiyaliq shig`armani aytip berin`.
4. Qaraqalpaq xalqinin` etnogenezi ma`selesinde pikir aytqan evropali ilimpazlar kimler edi.
5. Paleoetnogenetikaliq izertlewler degenimiz ne?

**A`debiyatlar**

Its R.F. Vvedenie v etnografiyu. L., 1974. Izd. vtoroe, 1994
Tokarev S.A. Istoki etnograficheskoy nauki. M. Nauka, 1978
Jabbarov.I. Uzbek xalqi etnografiyasi. T.1996
Jabborov I. Jahon xalqlari etnologiyasi. T. «Yangi asr avlodi», 2005
Mambetov.K.Qaraqalpaqlar etnografiyasi. N.1994

**TEMA: Etnologiya iliminin` mashqalalari ha`m tiykarg`i mektepleri.**

**REJE:**

1. Etnologiyanin` tiykarg`i bag`dari ha`m mektepleri.
2. Dun`ya xaliqlari, O`zbek ha`m Qaraqalpaqlardin` da`stu`riy xojalig`i tu`rleri ha`m olardin` xizmetleri.
3. Diyxanshiliq xojalig`i ha`m diyxanshiliq ma`deniyati onin` tu`rleri.
4. Sharwashiliq. Sharwashiliqtin` rawajlaniw basqishlari. Ko`shpeli sharwashiliq ma`deniyatinin` o`zine ta`n qa`siyetleri.
5. Zu`ra`a`tshilik xojalig`i ha`m agrotexnika.

***Tayanish tu`sinigi***

*Dun`ya xaliqlari, O`zbek ha`m Qaraqalpaqlardin` da`stu`riy xojalig`i, Diyxanshiliq xojalig`i ha`m diyxanshiliq ma`deniyati onin` tu`rleri, sharwashiliq. sharwashiliqtin` rawajlaniw basqishlari. Ko`shpeli sharwashiliq ma`deniyatinin` o`zine ta`n qa`siyetleri, zu`ra`a`tshilik xojalig`i ha`m agrotexnika, diyxanshiliq ma`resimleri,sharwashiliqqa baylanisli irim ha`m da`stu`rler.*

Adamzat payda bolg`annan berli uzaq tariyxiy da`wir ishinde tu`rli ta`biyiy-geografik jag`daylarg`a maslasqan halda jasap kelmekte.

Adamlar a`zelden muzli Arktikada ha`m sahranin` issi tropikaliq shen`gelzarliqlarinda, Tibet ha`m Pamirdin` biyik tawliqlarinda, tundra ha`m tayga tog`aylarinda, Aziya, Avstraliya, Afrika jerlerinde jasap kelgen. Olar da`slep belgili bir ta`biyiy sharayatqa u`yrenisip o`zlerinin` miyneti arqasinda o`zlerine ta`n bolg`an xojaliq-ma`deniy tiplerin jaratiwg`a ma`jbu`r bolg`an.

Ta`biyattag`i bar bolg`an ju`zlep o`simlmk tu`rlerin adamzat o`z qa`bileti ha`m miyneti arqasinda ta`biyg`iy tu`rde ma`deniylestirip, awil xojalig`i o`nimine aylandirip kelgen. Aqibetinde a`yyemgi da`wirlerden insan ushin za`ru`r bolg`an da`nli eginler payda bolg`an.

**Aqilg`a hu`jim**

(Kartan paydalaniw arqali bul ma`mleketlerdin` jaylasiwin aniqlan`)

| | |
|---|---|
| **Sali ha`m tari** | -Shig`is Aziya |
| **Biyday** | -Hindistan, Evropa, Amerika, Avstraliya |
| **Ma`kke** | -Derlik pu`tin ja`ha`nde |
| **Arpa** | -Shig`is Evropa |
| **Ju`weri** | -Afrika ha`m ayrim Batis Aziya jerlerinde |
| **Gu`rish** | -Italiya, Pireney yarim atawi, Hind ha` Tinish okenan boylari, Evropa |

Ayrim o`simliklerdin` kelip shig`iwi qiyin jag`daylarda payda bolip jer ju`zine tarqalg`an. Ma`selen, gu`rish Evropag`a, da`slep Italiya ha`m Pireney yarim atawina, Hind ha`m Tinish okean boylap keminde segiz min` jil dawaminda jetip kelgen. A`yyemgi rimlikler gu`rish botqasin (kasha) sin ishki keselliklerden emleytug`in en` qimbat da`ri esaplang`an.Ja`ha`ndi tan` qaldirg`ae biyday tiykarinan Orta Aziya dan du`n`yag`a tarqalg`an. Amerikadan shiqqan ma`kke du`n`yag`a bes ju`z jil dawaminda jayilg`an.

Misali ma`kke seletsiyasi o`zinin` negizgi hindler jaratqan tu`rini birotala jog`altqan ha`m jeti ju`z jil dawaminda jan`a hasildar, jemisli tu`rilerin payda etip alg`ashqi jabayi tu`rin birotala jog`altqan.

Usinday jag`dayda insaniyat xizmeti na`tiyjesinde o`zinin` negizgi jabayi tu`rin kartoshka, alma ha`m t.b. miywelerde jog`altqan. Biraq o`zinin` jabayi tu`rindegi halinda o`nimligi ku`shli bolg`an eginlerde saqlanip qalg`an. Olardan Orayliq Aziyada payda bolg`an biyday hasildarlig`i (proteyn) ku`shli sebepli saqlanip qalg`an.

Orta Aziyada paxta, lobiya, piyaz, geshir, erik, o`nimlerinin` payda bolg`anlig`in ko`plegen alimlar o`z miynetlerinde atap o`tedi. A`sirese biolog alim N.N.Vavilov o`z shig`armasinda ko`rsetedi.

O`zbeklerdin` ko`p qirli awil xojaliqi a`sirler dawaminda toplang`an da`stu`riy tu`rine iye.

**Este saqla** (statistikaliq mag`liwmatlar)

| |
|---|
| **O'zbekstannin` ha`zirgi aymag`i ta`biyiy-geografiyaliq jag`dayina qarap u`sh awil xojalig`i zonasina bo`linedi:**<br>**- tawli ha`m taw aldi zonasi (20,5protsent),**<br>**- suwg`arma jerler zonasi (18,2 protsent)**<br>**sho`ller ha`m jaylaw-otlaqlar (13,2 protsenti) jerlerinen ibarat.** |

Leykin suwg`arma jerlerdin` barlig`i suwg`ariwg`a jaramli emes. Taw dizimleri ha`m qumliqlar arasinda, da`r`ya boylarinda jaylasqan zu`ra`a`tshilik jerleri Fergana, Qashqadarya, Surxandarya, Zarafshan, Xorezm aymaqlarinda a`yyemgi zamanlardan ma`lim.

Arxeologiyaliq izleniwler na`tiyjesinde qa`dimgi sharwashiliq qa`wimlerinin` diyxanshiliq xojalig`ina o`tiwi shin ma`nisinde jen`is esaplanadi. Neolit, yag`niy jan`a tas da`wiri jetiskenligi bolip tabiladi. Bunday jag`day Orta Aziyada to`rt-bes min` jilliqlar dawaminda payda bolg`an ha`m jillap rawajlanip, quramalasip barg`an. Haywan ku`shi isletiletug`in suwg`arma diyxanshiliq O`zbekstanda eramizdan buring`i 3-2 min` jilliqlarda ken` tarqala baslag`an. Izertlewlerge qarag`anda Orta Aziyaliqlar son`g`i neolit ha`m eneolit da`wirlerinde biyday, arpa, tari, alma, erik, lobiya siyaqli miyweli o`nimler tuximlarin o`zlestirgen. O`zbekstanda zu`ra`a`tshilik suwg`ariw qa`siyetlerine ha`m egin tu`rlerine qaray pariqlanadi. Ma`selen, suwg`arma diyxanshiliqti jergilikli otiriqshilar «suwli jer» yamasa «tirama» yaki «obikor»-«obi», suwg`aril-maytug`in jerlerdi «lalmi» yamasa «bahori» dep atag`anlar.

**Este saqla**

| | |
|---|---|
| ***Suwg`arma diyxanshiliq xojaliqlari tiykarinan-***<br>-----------------------------------------<br>***Ba`ha`rgi eginler-*** | *Xorezm, Buxara, Tashkent, Samarkan Qashqadarya, Surxandarya, Fergana*<br>-----------------------------------------<br>*Tashkent, Fergana, Zarafshan, Qashqadary Surxandarya taw eteklerindegi jerlerge egilgen* |

Suwg`arilatug`in jerler eginler tu`rine qarap dala yamasa ashiq jerler, bag`shiliq ha`m palizshiliq jerlerine bo`lingen. 1916-jilda Tu`rkistan u`lkesinin` u`sh qalayatinda (Sirdarya, Fergana,Samarkand) 2,5 mln desyatina egiletug`in jerlerdin` 2\3 bo`legi suwg`arma jerler, qalg`ani bahori (lalmikar) jer esaplang`an.

A`sirese Mirzasho`lde, Aqdaryada, ferganada, Zarafshanda, Bo`zsuwda jan`a irrigatsiya inshaatlari qurilg`an. 1939- jili 270 km li u`lken Fergana kanali 1,5 ayda qurip pitkerilgen. Suw ku`shinen toliq paydalaniw ma`qsetinde 1943-jili Orta Aziyada en` u`lken Farhad GES nin` qurilisi tariyxiy a`hmiyetke iye.

Zu`ra`a`tshilik xojalig`inin` rawajlaniwi birinshi gezekte onin` texnikaliq ta`miynleniwine ha`m agrotexnika bilimi da`rejesine baylanisli. Arxeologiyaliq mag`liwmatlarg`a qarag`anda zu`ra`a`tshilik buyimlari saqlanip qalip ha`zirgi ku`nge jetip kelgen. Awil xojalig`inin` barliq tu`rlerinde a`sirese zu`ra`a`tshilik xojalig`inda ketpen, bel, oraq tiykarg`i miynet qurllari bolip esaplanadi. O`zbekstanda zu`ra`a`tshiliktin` u`lken tarawi g`a`lle o`nimi esaplanadi. Bul tarawdag`i basli eginler biyday, ma`kke, aq ju`weri, arpa, shali, suli, tari, mash, lobiya h.t.b.

**Soraw-juwap**

1. 1939- jili 270 km u`lken kanal jay jerde qurilg`an.
2. Orta Aziyada en` u`lken Farhad GES nin` qurilisinin` tariyxiy a`hmiyeti nede edi.
3. Haywan ku`shi isletiletug`in suwg`arma diyxanshiliq O`zbekstanda qashan payda bolg`an.

O`zbekler a`yyemgi da`wirlerden sharwashiliq penen shug`illanip kelgen. Leykin otiriqshi ha`m yarim otiriqshi xojaliqlar arasinda tu`rli tu`rdegi sharwa qa`wimleri payda bolg`an. Deshti qipshaqdan kelip jaylasqan ko`shpeli o`zbeklern yarim halda jasap sharwashiliq penen shug`illang`an. A`sirese qong`irat, loqay, qarluq, turk siyaqli qa`wimlerdin` awladlari sharwalar esaplang`an. O`zbek sharwashilig`inda qarako`lshilik itibarg`a ilayiqli bolg`an. Ekstensiv xojaliq sharayatinda sharwashiliqqa itibar ko`p qaratilg`an ha`m uzaq da`wirler dawaminda toplang`an ta`jriybege tayang`an halda a`wlatdan-a`wladqa jetip kelgen. Elde ataqli shopanlar a`wladi belgili bolg`an. Xalqimiz a`zelden jilqishiliq ha`m tu`yeshilik penen de shug`illang`an.

**TEMANI BEKKEMLEWShI SORAWLAR:**

1. Etnologiyanin` tiykarg`i bag`dari ha`m mektepleri.
2. Dun`ya xaliqlari, O`zbek ha`m Qaraqalpaqlardin` da`stu`riy xojalig`i tu`rleri ha`m olardin` xizmetleri.
3. Diyxanshiliq xojalig`i ha`m diyxanshiliq ma`deniyati onin` tu`rleri.
4. Ko`shpeli sharwashiliq ma`deniyatinin` o`zine ta`n qa`siyetleri.
5. Zu`ra`a`tshilik xojalig`i ha`m agrotexnika.

**A`debiyatlar**

Its R.F. Vvedenie v etnografiyu. L., 1974. Izd. vtoroe, 1994
Markov G.E. Istoriya xozyaystv i material`noy kul`turi. M., 1979
Djabbarov I. Obshestvenniy protsess, bit i religiya. T. Uzbekistan, 1979
Djabbarov I., Dresvyanskaya T. Duxi, svyatie, bogi Sredney Azii. T., 1994
Jabborov I. Jahon xalqlari etnologiyasi. T. «Yangi asr avlodi», 2005

**Tema. Dunya xaliqlari ha`m O`zbeklerdin` da`stu`riy xojalig`i ha`m olardin` tu`rleri.**
**Jobasi:**

1. Dunya xaliqlari ha`m O`zbeklerdin` da`stu`riy xojalig`i ha`m olardin` tu`rleri.
2. Xalqimiz tariyxina ha`m etnografiyasina tiyisli mag`liwmatlar.
3. «Avesto» Tu`rkiy tilles qa`wimler. IX-XII a`sirler ma`mleketleri. O`zbek etnonimi. Deshti qipshaqlilar.
4. Milliy g`a`rezsizlik da`wiri. Zamanagoy o`zbekler.
5. O`zbek xalqinin` materialliq ha`m ruwxiy ma`deniyati.

***Tayanish tu`sinigi***

*Dunya xaliqlari ha`m O`zbeklerdin` da`stu`riy xojalig`i ha`m olardin` tu`rleri.*

*Xalqimiz tariyxina ha`m etnologiyasina tiyisli mag`liwmatlar. Milliy g`a`rezsizlik da`wiri. Zamanagoy o`zbekler.*

**Uzbek xalqinin** negizi b.e.sh. birinshi mininshi jillardin ortalarinan baslap putin antik da`wir (IV-VI a`a`) dawaminda etnogenezi, xojaliq turi, ma`deniyati, turmis ko`rinisi, ha`zirgi Uzbekstan jerinde jasagan Evropalilar rasasindag`i qa`wimler menen Shig`istan kelgen` mongol rasasindag`i qa`wimlerdin aralasiwinan payda bolgan. Bul biriqpe eramizga shekemgi V-a`sirdegi saq-massagetler menen gunnilar aralas eftolitler ma`mleketinde bolgan.

Son` Tu`rk qaganatinin` quramindag`i ko`shpeliler kelip bularg`a qosilip, olarda otirishiliqqa aylangan. Shig`istan tu`rk qa`wimler X-XI a`sirlerde qaraxanidler ha`m seldjuqler ma`mleketi da`wirinde ko`birek qeledi, tu`rk tilleri Fergana, Zarafshan, qashqadar`yada tu`rk tilleri u`stemlikke erise basladi. Al Xorezm wa`layatinda mongollar jawlap algannan keyin, XIII-XIV a`sirlerde buring`i Xorezm tili birotala toqtadi. Turkiy tilinen oguz dialekti ornay basladi. Biraq jergilikli xaliqtin` ma`deniyatina etnikaliq quramina ta`sir jasamadi.

VI-VIII a`sirlerde arablardin Orta Aziyani jawlap aliwi aldinda, tu`rk qaganatlari menen jergiliqli aristoqratlar esqi tu`rkiy siyasiy biriqpe tiykarinda Uzbek basqada Orta Aziya xaliqlarinin tili, ma`deniy birikpeleri negizi qusheyi baslagan jerler ko`beydi. a`sirese bunday biriqpeler Fergana, Buha`ra, Sogdiana, Xorezmde payda boldi. Bul da`wirde Orta Aziyaga islamnin` tarawi bunday bir-neshe etnikaliq boleqlerdi bir dinge, olar arasindag`i tillerdin jaqinlasiwin tezletti.Movarounnaxrga arqadan kelip, jergiliqli u`stemlikke erisqen` o`zbeqlerdin keyingi etnik qatlami, islamdi qabil etqen` chagataylar topari edi. Olardin arasinda tu`rk ha`m mongol biriqpeleri (jalair, barlas h.t.b.) bar edi.

Bul birikpeler XIV-XV a`sirlerde chagataylar dep ataladi. Bizin da`wirimizge shekem sol chagatay uriwlarinan jetip kelgenlerinen qarluqlar, barloslar h.t.b. bolip esaplanadi. XV a`sirdin` aqirinda ha`m XVI a`sir baslarinda Orta Aziyada siyasiy ha`m eqonomiqaliq jag`day bosasqan. Ha`kimler, patshalar arasinda biylik, ha`kimliq ushin talas tartislar ko`beygen. Timuridlerdin` qinlari Ferg`ana ha`kimi Babur ha`m Xirot ha`kimi Xusayn Bayqaralar Deshti Qipchaqdan kelgen qu`diretli Shaybanixan basshilig`indag`i jawinger o`zbeklerge qarsiliq ete almay sheginedi. Uzbekler dep tu`rki-mongol turindegi kelgen uriwlar atalg`an. Olar Orta Aziyani etnikaliq quramin antropologiyaliq turin

aytarliqtay o`zgerte almadi. Olar tek XVII a`sirlerde g`ana Uzbekstannin` Zarafshan, Surxanda`r`ya, Qashqadar`ya ha`m Xorezm, Qaraqalpaqstan jerlerine aralasip, jergiliqli etnikaliq biriqpelerdi irilen`dirdi. Etnikaliq ta`sir jasadi. Bul da`wirge tiyisli jazba estelikler «Sheybaniynama», «Nusratnama», «Abdullanama» h.t.b. Uzbek atamasi ele o`zinin ilimiy tusinigine iye emes. Da`slep bul so`z Usman ibn Munqiz XII a`sir, miynetinde gezlesedi. keyin Rashiddin jilnamalarinda XIV a`sir, Jalalatdinnin, XII-a`sir a`sker basshilarinin biri Uzbek dep tilge alinadi. Belgili tariyxshi ha`mdulla qazviniy XV, a`sir Altin Orda a`skerlerin «Uzbekler» dep, al olarga tiyisli jerlerdi «o`zbeq ma`mleketi» dep ataydi. XV-XVI a`sirlerge tiyisli jazba dereqlerde de Sheybani qarawindag`i barliq uriw ha`m qa`wimler biriqpesinde «o`zbekler» dep atagan. Xiyua xani Abulgazi, XVII-a`sir, o`zinin tu`rkler shejiresinde Aqorda xani Tuqtaqu xan o`lgennen keyin onin ornina a`q jasar Uzbek xan taqtg`a otirg`an, son` barliq Juchi elinin barlig`in o`zbek eli dep ataydi.

Geypara o`zbek shejiresinde o`zbek xalqin ow uriwdan qurilgan dep ko`rsetiledi. Biraq bul durisliqqa qelmeydi. Uzbeklerdin kelip shig`iwinday-au, olardin` etnikaliq quraminda o`zgermeli. Geypara uriwlar irilenip, al geypara uriwlar maydalanip, basqa uriwlarg`a aralasip ketken. Man`g`it ha`m qazaq uriwlarinin birikpeleri ha`m Sheybaniy xan qarawinda tu`rki-mongol uriwlarinan payda bolgan etnikaliq toparlar qipshaq, man`g`itlar, qanlilar, qon`iratlilar, naymanlar siyaqli buring`i elatlar birikpesi Uzbek atamasina o`tken.

Demek ha`r turli uriw qa`wimlerden birikken` etnikaliq birikpelerden man`g`it, qon`irat, qiyat, qipchaq, qitay, qan`li, durmen, keneges, min, qiriq, juz, loqay, nayman, chimbay, jalayir, qarluq, nuqus, uysin, qatagan h.t.b. Etnonimler o`zbek ha`m basqa da Orta Aziya xaliqlarinin` qa`liplesiwine qatnasqan. Bul etnikaliq birikpelerdin` atamalari turmisi, xojalig`i, da`sturleri, dini h.t.b. ko`rinisleri a`yyemgi orta a`sir ilimpazlarinin` miynetlerinde ko`rinedi. Olar Maxmud Qashqariy, M.Narshaxi, Beruniy, qitay jazba dereqlerinde (Bichurin ha`m Babur, XVI, Abulgazi XVII h.t.b.).

Uzbek uriw-qa`wimlerinin` atamalari a`sirese etnotoponim-lerde, yag`niy geografiyaliq atamalar menen elatlardin` h.t.b. atamasinda ko`rinedi. Jana da`wirde XIV-XIX-a`sirlerde de ha`m en` jana da`wirde de o`zbek ha`m basqa Orta Aziya xaliqlarinin qa`liplesiwi dawam etken.

Etnikaliq birikpeleri o`zlerinin o`zge atamalari menen birge xojaliginin turinde (otiriqshi, yarim otiriqshi) dasturinde, tilinde de o`zgesheliqlerin saqlagan. Tariyxshilar pikirinshe o`zbek xalqi e subetnostan birikken. Birinshi subetnos - a`yyemgi da`wirlerden otiriqshi qa`wimlerge b.e. I-min`inshi jillari arqadan ko`ship kelip aralasqan tu`rkiy tilindegi qa`wimler birikpesinen qa`liplesken xaliq «Sart» dep atalg`an, ol ko`birek Fergana, Tashkent, Xorezm, Zarafshan wa`layatlarinda jasagan.

Ekinshi subetnos -Shaybaniyler kelmesten buring`i jergilikli tu`rki tilindegi qa`wimler menen jasag`an Shaybaniyler menen kelgen turki qa`wimler aralaspasi «turkler» dep atalgan. Olar XX a`sir baslarina shekem xojalig`inda yarim ko`shpeliler, uriwlarg`a bo`linerlik o`zgeshikleri menen jasag`an.

Bular Fergana, Samarqand, Jizzaq wa`layatlarinda ko`birek aralasqan. Uzbek xalqinin tag`i bir kishkene bo`legi - tatlar, bular Xorezm oblastinda jasap ha`zir o`zbekke aylang`an.

Ushinshi subetnos, buring`i XV-XVI a`sirlerde Movarounnaxrge kelgen Deshpi qipchaqtan ko`ship kelgenlerdin` a`wladlari. Olar «o`zbekler» dep atalgan.

1920-jilg`a shekem, bular o`z uriw atamalarin saqlagan. Ma`selen, Buxarada-40, Xorezmde- 20. Deshti qipshaq uriw atlari o`mir surgen. Olarda endogamiya ta`rtibinde bolgan. Olardag`i Man`g`it, qon`irat, qipshaq, nayman mayda uriwlari ha`m toponimler a`yyemgi etnonimlerdi ko`rsetedi.

**Temani bekkemlew ushin sorawlar:**

1. Dunya xaliqlari ha`m O`zbeklerdin` da`stu`riy xojalig`i ha`m olardin` tu`rleri?
2. Xalqimiz tariyxina ha`m etnografiyasina tiyisli mag`liwmatlar?
3. O`zbek etnonimi?
4. O`zbek xalqinin` materialliq ha`m ruwxiy ma`deniyati?
5. Diyxanshiliqqa baylanis o`tkeriletug`in milliy maresimler?
6. O`zbeklerde o`tkeriletug`in jazg`i, gu`zgi, ba`ha`rgi qanday maresimlerdi bilesiz?
7. «Avesto» kitabinda o`zbekler haqqinda qanday etnografiyaliq mag`liqmatlar berilgen?

**A`debiyatlar**


1. Its R.F. «Vvedenie v etnografiyu». L., 1974. Izd. vtoroe, 1994

2. S.A. «Istoki etnograficheskoy nauki». M. Nauka, 1978

3.Jabbarov.I. «Uzbek xalqi etnografiyasi». T.1996

4. Jabborov I. «Jahon xalqlari etnologiyasi». T. «Yangi asr avlodi», 2005

5. Ashirov Sh, Atadjanov A «Etnologiya» T., 2007

**Tema: Etnologiyada ma`deniyat tu`sinigi. Materialliq ha`m ruwxiy ma`deniyat.**

Reje:

1. Etnologiyada ma`deniyat tu`sinigi ha`m onin` o`zine ta`n ta`riypi.
2. Da`stu`riy materialliq ma`deniya ha`m onin` tu`rleri.
3. Xaliqimiz ruwxiy ma`deniyati ha`m onin` tariyximizdi u`yreniwdegi a`hmiyeti.

***Tayanish tu`sinigi***

*Ma`deniyat tu`sinigi, Etnologiya ilimindegi ma`deniyat tu`sinigi. Xalqimizdin` da`stu`riy materniallíq ha`m ruwxiy ma`deniyati ha`m olardin` tu`rleri.*

**Etnologiyanin-`** izertleytug`in mashqalalarinin` biri ma`deniyat bolip esaplanadi. Ma`deniyat degen tu`sinik ken` ha`m tar ma`niste qollaniladi. Misali, awil-xojalig`inda egiletug`in ha`r tu`rli da`nli o`simlik tu`rlerinde ma`deniy daqillari dep ataladi. Bul ma`deniyat so`zin tar ma`niste qollaniliwi. Al ku`ndelikli turmisimizda ma`deniyat so`zin bilim beretug`in oqiw orinlarinda, ha`r tu`rli ma`deniy-ag`artiw mekemelerine baylanisli aytiladi. Adamlardin` ruwxiy da`rejesin ko`teriwde de ma`deniyat degen so`zi jiye qollanilip kishpeyil bilimli aqil-oy jag`inan jetilisken qa`siyetlerge iye bolg`an adamlardi ma`deniyatli adamlar deydi. Ilimiy tilde ma`deniyat so`zi ken` ma`niste qollanilip, adam balasinin` jigerli miynetinin` na`tiyjesinde payda bolg`an ja`ne ruwxiy bayliqlardin` jiynag`in aytamiz.

Uliwma ma`deniyatti ekige bo`liwge boladi: materialliq ha`m ruwxiy ma`deniyat. Materialliq madeniyatimiz turaq jaylar, u`y ha`m u`y jihazlari, kiyim-kenshekleri, bezeniw tag`inshaqlari, tag`amalari ha`m xojaliq buwimlari menen belgilenedi.

Xalqimizdin` materialliq ma`deniti uzaq tariyxiy basqishlar dawaminda qa`liplesip o`zine ta`n qa`siyetlerge iye.

**MATERIALLIQ MA`DENIYaTIMIZ BELGILERI**

**Miynet qurallari**

**u`y-jaylar, qa`birler**

**A`skeriy qural-jaraqlar**

**Xojaliq buyimlari, diywaldag`i su`wretler**

**Qalalar-sha`ha`rler**

**Este saqla**

**O`zbekstanda sha`ha`r ha`m awillar eramizdan buring`i I-min` jilliqlar baslarinda payda bola baslag`an. Zardushtiyliktin` muxaddes kitabi «Avesto» da qa`dimgi sug`d jaziwlari ha`m parsi dereklerinde, makedoniyaliq Iskenderdin` da`wirine tiyisli maqliwmatlardi bul jerlerde ju`da` ko`p qalalar, awillar, qa`sirler bolg`anlig`i xabar qilinadi.**

**RUWXIY MA`DENIYa TIMIZ BELGILERI**

**-Arxiv hu`jettler**

**-Avesto**

**- Jaziw-siziw**

**-Ten`ge pullar**

**-Aramey jaziwlari**

Arxeologiyaliq ashiliwlar o`zbek sha`ha`r ha`m qalalari bolg`anlig`in olarda bay dekarativ bezewler, su`wretler, boyawlar bolg`anlig`in ko`rsetedi. Salavkiyler ha`m baktriyalilar zamaninda Sug`diena, Margiena, Fergana, Shosh eramizdan buring`i 8-min` jilliqlar aqirlarinda O`zbekstan aymag`inda sha`ha`rler menen bir qatarda awillar, bekkem qorg`anlar, diyxanlar ha`wlileri barlig`i aniqlang`an.

Bunda qorg`anlar Qarshi, Samarkand, Xorezmde ko`plep ushirasadi. Eski Termezdegi Qarato`be qoyimshilig`inda o`tkerilgen qaziw jumislari na`tiyjesinde Budda ibadatxanasi ha`m ondag`i bay o`nerlerge iye bolg`an buyimlar, ganchdan islengen ha`ykeller, tashdan islengen sayabanlar, tas qaqpaqlar, sopol idislari ha`m olardag`i jaziwlar materialliq ma`deniyatimiz belgileri bolip esaplanadi.

Qalalar a`tirapindag`i qishlaqlar rabot dep atalip onda o`nermentshilik, diyxanshiliq penen shug`illaniwshi adamlar jasag`an.Olar qosimsha diywallar menen qorshalg`an.

**Este saqla**

**-Shig`is ma`mleketlerinde en` a`yyemgi jaziwlar u`lkemizde jasag`an ata-babalarimizdin` jaratqanlig`i**

**-Xorezm topirag`inda jaylasqan (eramizdan buring`i 8I-8 a`sirlerge tiyisli) Qoyqirilg`an qala qaldiqlarinan tabilg`an sopol idislarg`a oyip tush benen jazilg`an aramey tipindegi jaziwlar**

**-Xorezmshaxlar paytaxti Topiraqqalada payda etilgen eramizdin` III-a`sirine tiyisli arxiv hu`jjetleri,**

**-Nisadan tabilg`an ha`m eramizdan buring`i I-a`sirge tiyisli Parfiya arxivi hu`jjetleri**

**-Orta Aziyaliqlardin` da`slepki antik da`wirlerdeaq sawatli bolg`anlig`in ko`rsetiwshi maqliwmatlar**

Tariyximizdi u`yreniwde ma`deniy miyraslardin` bir tu`ri bolg`an tamg`alardin` orni ayriqshi.

**Tamg`alar** tariyxiy da`wirlerde adamlardin` hu`jjeti retindn olardin` imzasin yamama mo`rin tastiyiqlawshi belgi xizmetin atqarg`an. Tamg`a haqqinda jazba mag`liwmatlar orta a`sir dereklеninen ushurasadi. Maxmud Qashg`ariy o`zinin` Divan lugat at-tywrka atli shig`armasinda, ma`selen, turk qa`wimlerinin` bir bo`legin qurag`an og`wzlardin` ha`r biri qa`himinin` o`zine ta`n tamg`asi ha`m urani barlig`in jazadi. Sonin` menen birge 22 turli tamg`ani keltirip o`tedi.

Maxmud Qashg`ariydan keyin o`tken rashid ad Dinde og`uz qa`wimleri ha`m olardin` tamg`alari haqqinda mag`liwmat qaldirg`an. Seldjukiylerdin` basqariw sistemasindag`i usinday shaxs Shems ad Din Maxmud esaplang`an. Ol sarayda abroyli bolg`anlig`i sonshelli oni ulig`lap Tugray dep atag`an.

Orayliq Aziya, soniq ishinde Xorezim xukimdarlari jeke tamg`alarg`a iye bolg`an. Qara Qitaylilar ustinen jen`iske erisip Iskandar-i  Soni (eninshi Aleksandr Makedonskiy)-degen laqabqa iye bolg`an Xorezimshax Ala ad Din Muxammed, Djuveyninin` jaziwinsha, o`zin (Sultan Sanjar) dep atag`an ha`m imza shegiw ushin Zill Allax Filard (allanin` jerdegi ko`len`kesi) degen sure menen qatar tug`ir tayarlawdi buyrg`an. Orta A`sirlerdegi tamg`alarg`a axmiyetli berilgenligi sonsheli aylanistag`i ten`gelerde ko`pshilik jag`dayja hukimdarlardin` atlarinin` ornina olardin` tamg`alari ko`rsetiliwi menen sheklengen. A`lbette jazba dereklerde tek xukimdarlardin` tamg`alari xaqqinda g`ana mag`liwmat berilip qoymastan eldegi puxaralardin` tamg`alari jo`ninde mag`liwmat ushirasadi.

1333-jili Qubda Aral boyi qalalari arqali o`tken Morokkali Ibn Battuta adamlardin` mallarinin` jambasina tamg`a salip jaylawg`a bos aydap qoyatug`unlig`inin` guwasi bolg`an.XVIII-XIX a`sirlerdegi Qaraqalpaq biy batirlarinin`, sonday aq belgili ulamalarinin` diplomatiyaliq xatlarindag`its tamg`alarin arxiv materiallardan ko`riwge boladi. Usinday hu`jjetlerdin` birinin` aqirinda- «Bul antqa ant ishtim Qaraqalpaq jurtinin` Qon`irat ruwinin` biyi  min` u`yli kishi bilan bash saldim wa qolim qoydim, wa tamg`am bastim. Men Ejiniyaz axun Bayqoshqar biy amiri ila xat saldim»-dep jazilg`an.

**Disput o`tkeriw** (Milliy urp-a`detlerimiz, da`stu`rlerimiz haqqinda pikirler ju`rgiziw)

**Tu`rkiy xaliqlarda, soniq ishinde qaraqalpaqlarda tamg`a menen qatar maldin` qulag`ina belgi saliw da`stu`ride bar. Bul da`stu`r tiykarinan menshik mallarg`a qollanilg`an ha`m ol «en saliw»- dep atalg`an en saling`an mal-janliqlar tuwisqanlar arasinda, sonin` ishinde dayili-jiyenli adamlar arasinda bir-birine atap enshi etip beriledi** (K.Mambetov. «Qaraqalpaqlar etnografiyasi»).

Solay etip tamg`alar Qubla Aral boylarinda erte da`wirlerde payda bolg`an ha`m olardin` ha`r biri o`zinde belgili bir mag`liwmatti alip ju`retug`in tariyxiy-etnogrfyiyaliq derek. Sonin` menen qatar tamg`alar ata-babalarimizdin` watani a`yyemgi zamanlardan berli Aral ten`izinin` qubla shig`is aymaqlari, ha`zirgi Qaraqalpaqstan Respublikasinin` jeri bolg`anlig`in da`lileytug`in mag`liwmatlardin` biri.

Xalqimizdin` tariyxiy-etnografiyasin u`yreniwde tamg`alar menen qatar ha`r bir uriwlardin` o`zine ta`n uranlari ha`tteki, jaqinda ma`lim bolg`anday quslari da bolg`an. Bul bag`dardag`i mag`liwmatlar xalqimizdin` o`tmishdegi tariyxin, etnografiyasin teren`irek u`yreniwde ju`da` a`hmiyetli derek bolip esaplanadi.

**T A G` I N Sh A Q L A R-** xalqimiz milliyliginin` bir belgisi bolip, a`sirese ata-babalarimizdan miyras bolip qalg`an tag`inshaqlar u`lken a`ha`miyetke iye bolg`an.

Milliy ma`deniyat ha`r bir millettin` milliy, ma`deniy o`zgesheliklerin ko`rsetetug`in a`hmiyetli belgileri menen ko`zge tu`sedi. O`tmishten miyras bolip kelgen xalqimizdin` qol o`neri arqali bizge jetip kelgen Sa`wkele, Ha`ykel, A`rebek, Kiyme- shek, Tu`rme, Aydanli, Qara u`y siyaqli milliy qa`diryatlarimiz: Aqbasqur, Qizilqur, Kergi, Iyin baw h.t. basqada zergerlik buyimlari Qaraqalpaq xaliqlarinin` o`zine ta`n etnografiyaliq o`zgesheliklerin sa`wlelendiredi.

Kelinshekler kiyetug`in kiymeshek negizinen toy kiyimi esaplanip, u`sh mu`yeshlik o`lgisinde tigiledi. Bul kiyim de a`lwan nag`islarg`a bay. Materiali ushig`adan bolip, jawlig`i jipek tawar menen jiyeklengen boladi. Nag`islari ha`r qiyli bolip, bes nag`ishli ha`m tog`iz nag`ishli kiyimler ushiraydi.

Al, jegde bolsa kelte ha`m tar etip tigilgen, tek basqa jamilip ju`retug`in mereke kiyimi. Bul tap qazilardin` arnawli kiyimine uqsap,oni tek qiz jen`geleri g`ana jamiladi.

Bul da`sturiy Qaraqalpaq kiyimlerinin` arnawli eki turi bar:

1) Qizil kiymeshek ha`m aq jegde;

2) Aq kiymeshek aq jegde.

Bunday kiyimlerdi kiyiw hayal-qizlardin` jaslarina qaray belgilengen.

**Sa`wbetlesiw** (Bu`gingi ku`nde bul ma`selege ko`z-qaras qanday**?**)

**Qaraqalpaqlarda erte da`wirlerden baslap qiz jen`geleri qazilar siyaqli belgili bir huqiqqa iye bolg`an. Sebebi, ha`r qanday qizdin` turmistan o`z ornin tawip aliwi ushin jen`geleri juwap bergen. Jen`geleri kiygen kiyimleri boyinsha ajiralip turg`an. Ma`selen, qizil kiymeshek kiyip qizil jegde jamilg`an jen`geler a`dewir jas bolip, qizlarg`a jaqinnan aralasqan. Al,aq kiymeshek ha`m aq jegde jamilg`an jen`geler u`lken aqil ha`m parasatqa iye bolip, ma`sla`ha`tshiliq xizmetlerin atqarg`an.**

Sonday-aq jasi 40 o`tken hayallar keywana esaplanip, qizil kiymeshek ornina aq kiymeshek, qizil jegde ornina aq jegde ha`ykel ornina tumarsha, qalqanli sirg`v ornina bu`rshekli sirg`a, qasli bilezik

ornina kuyma bilezik tag`ing`an. Qizlar negizinen halhali sirg`a, sobiq sirg`a, baldaqli sirg`a, silsileli sirg`a tag`atug`in bolg`an. Sonin` ushin da bulardin` bir-birinen a`dewir parqi bar.

Ma`selen, Qaraqalpaqlardin` 12-13 jastag`i qizlari-ha`ykel, ayshiq, moytumar, ilgek tag`atug`in bolg`an. Al, erjetken qizlar ushin ha`ykel, jumalaq tu`yme, giltsalg`ish ha`m o`n`irmonshaq tag`iw da`stu`rge aylang`an.

Shig`is ma`mleketleri ishinde en` a`yyemgi jaziwlar belgileri u`lkemizde jasag`an ata-babalarimizdin` jaratqanlig`i ilimde belgili. Xorezm topirag`inda jaylasqan Qoyqirilg`an qaldiqlarinan tabilg`an sopol idislarg`a oyip tush benen jazilg`an aramey tipindegi jaziwlar eramizdan buring`i IV-I a`sirlerge tiyisli. Bunnan tisqari Xorezmshaxlar paytaxti Topiraqqalada payda etilgen eramizdin` III-a`sirine tiyisli arxiv hu`jjetleri, Nisadan tabilg`an ha`m eramizdan buring`i I-a`sirge tiyisli Parfiya arxivi hu`jjetleri Orta Aziyaliqlardin` da`slepki antik da`wirlerde aq sawatli bolg`anlig`in ko`rsetedi.

## TEMANI BEKKEMLEWShI SORAWLAR:

1. Materialliq ma`deniyatimiz degen ne?
2. Ruwxiy ma`deniyatimizg`a missallar keltirin`?
3. Sa`wkele degen ne, ol qanday, ta`riplep berin`?
4. Qaraqalpaqlarda erte da`wirlerden baslap qiz jen`geleri qazilar siyaqli belgili bir huqiqqa iye bolg`an ol qanday huqik edi?
5. Topiraqkaladan tabilg`an tariyxiy miyraslardi aytip berin`?
6. Qaraqalpaqlardin` da`stu`riy kiyim-kenshekleri haqqinda aytip berin`?

## A`debiyatlar


1. Etnologiya. Pod. red. Yu.V.Bromleya i G.E.Markova. M. Visshaya shkola, 1982
2. Sadoxin.A.P. ETNOLOGIYA. M., 2001
3. Jabbarov.I. Jahon etnologiyasi asoslari. T.2005
4. .I. Uzbek xalqi etnografiyasi. T., 1996
5. Bromley Yu.V. Sovremennie problemi etnografii. M., 1981
6. Ma`mbetov.M. Qaraqalpaqlar etnografiyasi. N., 1994

**TEMA: Du`n`ya xaliqlarinin` klassifikatsiyasi**

**JOBASI**

1.Du`n`ya xaliqlarinin` jaylasiwi, ta`biy-geografiyaliq jag`dayi.

2. Du`n`ya xaliqlarinin` lingvistikaliq klassifikatsiyasi

3. Du`n`ya xaliqlarinin` antropologiyaliq klassifikatsiyasi

**Du`n`ya xaliqlarinin` etologiyaliq klassifikatsiyasi.** Etnologiya pa`ninde: geografiyaliq, lingvistikaliq, antropologiyaliq klassifikatsiyalar bar. Dunya xaliqlari, sonday-aq xojaliq ma`deniy tu`rlerine ha`m tariyxiy-etnografiyaliq oblastlarg`a bo`linip u`yreniledi.

1) Geografiyaliq klassifikatsiyada xaliq jasaytug`in etnik aymakqa, qita yamasa onin` bo`limlerine tiykarg`i kewil bo`linedi. «Amerika xaliqlari», «Orta Aziya ha`m Qazaqstan xaliqlari» ha`m basqalar. İnsan tarepinen turmis ushin o`zlestirilgen jerlerdin` qurg`aqliq qisimi «Oykumena»-dep ataladi. Jan`a jerlerdi o`zlestiriw menen xaliq saninin` o`sip bariwi ha`m basqalar insannin` jer ju`zindegi jan`adan-jan`a aymaqlardi o`zlestiriwine alip keledi. Ta`biyiy, siyasiy, sotsial-ekonomikaliq sebepler xaliq quraminin` udayi o`zgerip turiwina alip keldi. Misali eramizdan buring`i, bir neshe min` jilliqlarda Hindistannan İndoneziya atawlarina xaliqlardin` ko`shiwleri baslanip bul jerdegi avstralo-veddoit xaliqlari menen aralasiw ju`zege kelgen. Eramizdan buring`i bir neshe min` jilliqlardin` ortalarinda bolsa hind-evropaliq ariy qa`qimleri Hindistan yarim atawina kirip veddoidlardi qublag`a qaray jiljitadi.

Etnik o`zgesheliklerinen ja`ne biri bir aymaqta uzaq jasag`an tu`rli tilde so`ylewshi otiriqshilar uliwma xojaliq o`zgesheliklerin jaratadi. Kavkaz xaliqlarin bung`a misal etip keltiriwge boladi. Pa`nde uqsas (yamasa uliwma) ma`deniy-xojaliq turmis jaratilg`an olayatlar tarixiy-etnografiyaliq oblastlarga birlestiriledi.

**Du`n`ya xaliqlarinin` lingvistikaliq klassifikatsiyasi:** Til so`zsiz en` tiykarg`i etnik belgilerden biri. Onin` tiykarinda xaliqlardin` tariyxiy qatnasiqlari, baylanislari, kelip shig`iwinin` yagonaligi aniqlaniladi. Tiltaniwshiliqta 2 usil menen tiller klassifikatsiyalanadi: Morfologiyaliq ha`m genelogiyaliq. Etnografiyada genelogiyaliq klassifikatsiya ken` qollaniladi. Jer ju`zindegi xaliq 2 min`nan artiq tillerde so`ylessede alimlar olardi 10 til semyasina biriktiredi:

1. Hind-Evropa;
2. Semit-xamit;
3. Ural-altay;
4. Qitay-tibet;
5. Malaya-polineziya;
6. Dravid;
7. Munda:
8. Bantu;
9. Kavkaz;
10. Mon-kxmer.

**-Hind-Evropa til** semyasi ız ati menen Hindistannan Evropaga shekemgi aymaqlarg`a taralg`an. En` a`yyemgi jazba derekler eramizdan buring`i II min` jilliqlarg`a tiyisli bolip Kishi Aziyadag`i xetler usi til semyasina tiyisli da`slepki etnoslardan bolip esaplanadi.

Alimlar pikirinshe Hind-Evropa tilleri eramizdan buring`i III min` jilliqlarda qa`liplesip onin` tarqaliwi eramizdan buring`i II-I min` jilliqlarg`a tuwri keledi.

**-Semit-xamit tilleri** tu`slik Afrikada ha`m kubla-batis Aziya aymaqlarinda ken` tarqalgan til semyasi esaplanilip, onin` bul ati «İnjil» degi Nux payg`ambardin` ullari Sam ha`m Hamlardin` atinan aling`an delinedi. Bul tilde en` a`yyemgi jaziwlar Misr ha`m Bobil ierogliflarinda (eramizdan buring`i IV min` jilliqlarda) jaratilg`an.

Semit-xamit tilleri: semit, barbar, kushit va chad toparlarina bo`linedi.

**-Ural-altay til sem`yasi**. Bazi alimlar olardi ayriqsha til sem`yalarinan dep esaplaydi.Olar tilleri finn-ugor toparina bo`linip ol Volga daryasinin` joqari ag`imlarindag`i aymaqlarda qa`lmplesken. Keyinshelli bul toparlardag`i etnoslar Finlyandiya ha`m Vengriyag`a qaray tarqalg`an.

**Oltoy tillari esa 3 toparg`a bılinadi:** Turkiy tilleri Orayliq Aziyadan Sibirge ha`m Bolqon yarim atawina deyin ken` tarqalg`an. Mong`ol topari Orayliq Aziyada, Mong`olistan, Tuslik-shig`is Qitay, Baykal do`gereklerine tarqalgan.

**Tunis-manchjur tiller** topari Rossiyanin` tu`sligindegi evenk, tungus, nanay-gold ha`m basqada az sanli etnoslarg`a tiyisli bolip tabiladi.

**-Xitoy-tibet til semyasi**. Shig`is ha`m Qubla-shig`is Aziyadag`i u`lken aymaqlarg`a tarqalg`an.

Qitay tilinen basqada bul til toparina tay, myao-yao, tibet-birma ha`m basqada tiller kiredi. Og`an tiyisli da`slepki jazba derekler eramizdan buring`i II min` jilliqlarg`a tiyisli bolia esaplanadi.

**-Malaya-polineziya tilleri**. Geografiyaliq jaqtan ken` aymaqlarda: Hind ha`m Tinish okeanlarinin` onlap atawlarina jaqin. Onin` u`sh sheke tochkasi Madagaskar arallari, Pasxa, qublada Jan`a Zellandiya atawlari. En` ko`p sanli etnos indoneziyaliqlar, Hindi-Qitoydag`i bazi etnik toparlar tilleri, Madagaskar, Mikroneziya, Melaneziya, Polineziya, atawlari xalqi da usi til toparlarin tiyisli.

**-Dravid tilleri** Hindistan yarim atawlarinin` qublada mujassam (kompakt) aymag`ini iyelep, Tseylon atawina deyin tarqalg`an. Alimlardin` pikirinshe dravid tilleri a`yyemde pu`tin Hindistandi Gimalay tawlarina shekem iyelegen. Ariy qa`wileri (eramizdan buring`i II min` jilliqlar ortalarinda) olardi qublag`a qaray iyterip shig`arg`an. Dravid tilleri: tamil, beluju, kannar, malayya toparlarina bo`linedi.

Munda til semyasi wa`killeri Hindistannin` shig`isin iyelegen. Munda tili dravidler siyaqli en` a`yyemgi tillerden esaplanadi.

**-Bantu tilleri**. Ken` aymaqlardi, Afrikanin` derlik barliq qubla bo`limin iyelegen.

**-Kavkaz tilleri**. Kavkaz aymag`inda tarqalgan onlap ko`p sanli bolmagan xaliqlar tillerinen.

**-Mon-kxmer tilleri.** Hindiqitay yarim atawlarindag`i xaliqlardin` tilleri. Alimlardin` pikirinshe kxmer tilleri Kubla-Shig`is Aziya ha`m Okeaniya tilleri arasinda baylanistiriwshi rolin atqaradi.

-Joqarida aytilg`an atlar bekitilgen til semyalarina onlap Amerika indeetsleri, Jan`a-Gvineya papuaslarii, Avstraliya tub otiriqshilari tilleri de bar. Olardan basqada mustaqil tiller: ayn(Yaponiya), koreets, andaman (Andaman orollari), Hindikush tog`lardagi bushiklar, Eniseydagi ketlar, Pireneya yarim orolidagi bask tilleri de bar.

**Du`n`ya xaliqlarinin` antropologiyaliq klassifikatsiyasi**

Dunya xalqlari 4 irqqa bo`linedi. Evropeoid, mongoloid, negroid, avstralo-veddoid. İrqlar insannin` sirtqi belgileri tiykarinda ajratiladi. Denesi ren`i, shashi onin` ren`gi, ko`zinin` du`zilisi, gele su`yeginin` du`zilisi, murninin` formasi, birinshi, ekinshi ha`m u`shinshi darejeli dene tu`klerinin` ko`p yamasa az ekenligi ha`m basqalar tiykarg`i aniqlawshi belgilerinen esaplanadi.

**Xojaliq ma`deniy tu`rleri.** Dunya xaliqlarin etnologiyaliq izertlewlerde olardin` o`z-ara qatnasiqlari xojaliq-ma`deniy tiplerinin` ha`m a`ha`miyeti u`lken. Bazida bir tilde so`yleytug`in etnoslar bir-birinen uzaq alista jasamasada xojalig`i, ku`ndelikli turmis ta`rizi, ma`deniyatlari uliwma basqasha uqsamaydi, basqa jag`daylarda bolsa tu`rli tillerde so`ylesip bir-birinen minlap kilometr araliqta jasawina qaramastan etnoslar (mong`ol ha`m badaviyler) uqsas xojaliq tu`rin ha`m ma`deniyat jaratiu`i mu`mkin. Jer ju`zindegi baoliq insaniyat wakilleri ta`biyiy iqlim jag`dayina mass xojaliq-ma`deniy tiplerin jaratadi. Etnologiya pa`ninde bul qa`siyetler ha`m uliwmaliqlarg`a da katan` itibar qilinadi.

**Temani bekkemlew ushin sorawlar:**

1.Du`n`ya xaliqlarinin` jaylasiwi, ta`biy-geografiyaliq jag`dayi?

2. Du`n`ya xaliqlarinin` lingvistikaliq klassifikatsiyasi?

3. Du`n`ya xaliqlarinin` antropologiyaliq klassifikatsiyasi?

4. Avstraliya neshe etnografiyaliq viloyatqa bo`linedi?

5. Amerika xalqinin` til klassifikatsiyasi qaenday?

6. Evropalilardin` antropologiyaliq klassifikatsiyasi qanday?

**A`debiyatlar**

Ashirov A., Atadjanov Sh. «Etnologiya». T-2007

Its R.F. Vvedenie v etnografiyu. L., 1974

Tokarev S.A. Istoki etnograficheskoy nauki. M. Nauka, 1978

Jabbarov.I. Jahon xalqlari etnografiyasi. T., 1996

Jabborov I. Jahon xalqlari etnologiyasi. T. «Yangi asr avlodi», 2005

Narodi mira. M-L., 1954-1966,t.1-13.

*Tema: Avstraliya ha`m Okeaniya xaliqlari etnologiyasi*

**Jobasi:**

1. Avstraliya ha`m Okeaniya xaliqlari etnologiyasi ha`m etnikaliq tariyxi;
2. Avstraliya ha`m Okeaniya xaliqlarinin` materialliq ma`deniyati;
3. Avstraliya ha`m Okeaniya xaliqlarinin` ruwxiy ma`deniyati.

**Tayanish tu`sinigi**

Avstraliya ha`m Tasmaniya xaliqlari etnologiyasi ha`m etnikaliq tariyxi. Avstraliya ha`m Okeaniya xaliqlarinin` materialliq ha`m ruwxiy ma`deniyati.

**Avstraliya ha`m Okeaniya-** tariyxiy geografiyaliq jaqtan 4-oblastqa bolinedi. Avstraliya ha`m Tasmaniya, Melaneziya ha`m Jana Gviniya, Polineziya menen jana Zelandiya ha`m Mikroneziya. Avstraliya tabiygiy sharayati etnikaliq duzilisi jer sharinin basa boleklerinin` o`zine ta`n o`zgeshelikler iye. Antarktidani qospaganda Avstraliya jer sharinin basqa qurgaqliqlarinan boleq ornalasqan. Bul jerge en` jaqin turg`ani shep tusliktegi Malay arxiplaglar menen ko`plegen atawlar baylanisadi.

Tasmaniya atawi Avstraliyanin on tusliq shig`isina jaqin ornalasqan. Jer ko`lemi 38 min` kv km ge jaqin. Geologiyaliq qurilisi boyinsha erte degi da`wirlerde Avstraliya qurgaqligi Tasmaniya menen bir bolgan. Bul territoriyalardi qlimati jag`inan bir neshshe aymaqlarga boliwge boladi. Avstraliyada xaywanatlardin turide juda ko`p emes.

Jergilikli xaywanlardan qen`guru, vombat qoal ha`m t.b. ha`r qiyli quslar bar. Bul jerde aytarliqtay jirtqish xaywanlarda ushiraspaydi. qolga uyretilgen` xaywanlarda joq. Dingo jabayi iytide bul jerge adamlar menen kelgen`. Keyingi da`wirlerdegi jurgizilgen` izertlewlerdin natiyjesinde Avstraliyanin jer asti bayliqlarinin ko`p eqen`ligi aniqlangan. Avstraliyanin qimbat tabiygiy bayliqlarin Batis Evropa paydalangan. Olar tabiygiy bayliqlardi paydalaniw ushin aborigen`lerdi ayawsiz qiynagan.

1909-jil Avstraliya o`z aldina erqin federativliq mamleqet bolip Angliya menen qarim-qatnastagi el bolip esaplanadi. Xalqinin 98,1 protsentti qalalarda jasaydi. Olar tegis bir darejede ornalaspagan. Geografiyaliq qolayliqlarga qarap adamlardin ko`pshiligi Avstraliyanin shig`is on` tuslik-Batis tarepine qarap tigiz ornalasqan.

Avstraliya menen Tasmaniyada usi qundegi xaliqtin basim ko`pshiligi evropaliqlardin sonin ishinde Angliyalilar quraydi.

Evropalilar daslepqi waqitlari jergiliqli aborigen`lerdi ko`plep qirip taslagan. Ayirimlari qunarsiz shol jerlerge qisip shigarilgan. Usinday qisimlar natiyjesinde Avstraliya ha`m tasmaniyaliqlar sol jag`inan azayip, kelgendi xaliqlar menen aralasip ketken. qoiq-jilgi dereq boyinsha Avstraliyanin jergiliqli xaliqlarinan 150 min` adam qalsa, Tasmaniya aborigen`leri putkilley qirilip ketken. Evropalilar keler aldinda Tasmaniyaliqlardin sani 250-500 minday bolip, olar ruwlarga taypalarga bolinip jasagan. XIX-a`sirdin` 70-jilinda en` son`g`i Tasmaniyali-Uill`yam Lennin qaytis bolgan.

Tasmaniya aborigenlerin qirip jibergenlikten, olardin etnografiyasin tek tariyxiy etnografiya arqali uyreniwge tuwra keledi. Bul materik xalqin uyren`iwdin` o`zgesheligi sonda tasmaniyaliqlardin den`e duzilisi tili ha`m ma`deniyati basqa bir xaliqqa uqsamaydi.

Sonin ushin olardin etnogenezi tuwrali bir yarim a`sirden` aslam waqittan berli tartisli, turli piqirler dawam etpekte. Degen menen Avstraliya materigi antropogen`ezige qirmegen`ligi belgili. Yagniy adam watani emesligi onin keyingi jillarda o`tkizilgen` ayirim antropologiyaliq ha`m arxeologiyaliq izertlewler olardin qaerden` ha`m qashan kelgen`ligi tuwrali ayirim mag`liwmatlar belgili boldi. Ma`selen, 1819-21 jillari Antarktida eqspeditsiyasina qatnasqan Rus alimi I.M.Simonov Avstraliyaliqlardin ata-babalari indiyaliqlardin to`mengi Besinshi materik Tinish okeaninin qublasinda jaylasqan atawlar menen dun`ya shetinde o`zine tan orni bolgan Avstraliyanin tabiyiy sharayati etnikaliq duzilisi jer sharinin basqa boleklerinen o`zine ta`n o`zgesheliklerge iye. Ha`zirgi avstraliya milleti turli qurama (xaliqlardan) elatliqlardan duzilgen materikte 25 mln.g`a shamalas xaliq jasap olar birtegis darejede ornalasqan. Xaliqtin tiykari bolimi Avstraliyanin shig`is ha`m qubla-shig`is bolimlerinde suwg`ariwg`a qolayli tabiyiy o`simlik dun`yasina bay bolgan qubla-batis rayonlarinda jasaydi. Avstraliya xalqinin` ko`pshiligi ayriqsha Angliya ha`m Irlandiya (78 % ti) dan kelgen. Avstraliyanin tupkilikli jasawshi xalqi iborigenlar suwsiz, sho`l zonalarda og`ada to`men awhalda jasaydi.

Okeaniya xaliqlari tiykarinan 3-bolimge bo`lingen. Qubla-batis bo`liminde Meloneziya onin` shig`is ha`m arqa-batisinda polineziya ko`p sanli atawlari, aziya ta`rpeke jaqin mayda atawlardan ibarat miqroneziya jaylasqan. Avstraliya xaliqlarinin ishinde Okeaniya xaliqlari o`zine tan uliwmaliq ha`raqterde rawajlangan. Okeaniya xaliqlari ha`r qiyli tillerde soylep adamlardin den`e duzilisi tillerinin jaylasiwi atropologiyaliq turlerge tuwra qelmeydi. Sonin ushinda materik xalqinin kelip shigiwi ilimde en` qiziqli ha`m axmyietli mashqala bolgan. Bul jerdin en` tupqiliqli xaliqlari arqayin algashqi tiptegi sada, o`zine ta`n ma`deniyatti bizin` da`wirimizge deyin saqlap qalgan. Bul materik xalqin uyreniwdin` o`zgesheligi sonda, tasmaniyaliqlardin den`e duzilisi tili ha`m ma`deniyati basqa bir xaliqqa uqsamaydi. Sonin ushin olardin etnogenezi tuwrali bir yarim a`sirden` berli tartisli, turli piqirler dawam etpeqte.

Degen` menen Avstraliya materigi Antropogen`ezge kirmegenligi belgili. Yag`niy adam watani emesligi onin keyingi jillarda otqizilgen` ayrim antropologiyaliq ha`m arxeologiyaliq izertlewler olardin qaerden` ha`m qashan kelgen`ligi tuwrali ayrim mag`liwmatlar belgili boldi. Avstraliyaliqlardin kelip shigiwinda rus izertlewshisi Ivan Simonov o`zinin daslepqi izertlewlerin bunnan 110 jil burin otqizip edi.

O`tken XIX a`sirdin` 20-jillarinda sidneyge rus kemelerinde kelgen ekspeditsiya ag`zasi I.Simonov avstraliyaliqlardi ko`rgende, olar qubla Hindistanliqlardin` kinlari degen` shamalaw pikirin aytqan edi. XIX a`sirde ayrim sayaxatshi alimlar (E.Eyr, J.Richard). Avstraliyalilardi sirttan materikke adasip

yamasa qulliqtan qaship kelgen` Afrikalilardan degen` bolsa, bazibirewler molayl arxipelagi ha`m jana Gvineya arqali kelgen` en` a`yyemgi okeaniyaliqlardin` qinlari degen pikirdi aytqan. 1970-jillarda bul materik penen tanisqan N.N.Makliko-Maklay o`zinin` onin` baqlawlarinda tiykarinanda avstraliyaliqlar g`a`rezsiz o`z aldina rasa degen juwmaqqa keldi. Avstraliyaliqlar o`zine ta`n antropologiyaliq tipin duzdi.

Ayrim izertlewshiler materiktin` tupkilikli xaliqlari negroid ha`m evropoid rasa aralig`inda payda bolgan dese, ayrim alimlar avstraliyalilardi (u`lken negroavstraloid) Ekvitarial rasanin` arnawli tili dep esaplaydi. Olardin shashlari qara, terisinin ren`i negroidliqqa uqsas, bas suyegi uzinraq, bas asti suyegi shigininqi, qalin` en`li uzin erinli, boyi ortasha ha`m biyiqlew.

Bug`an uqsas tipler Avstraliyadan basqa indoneziyada Shri-Lankadag`i vedzolarda, hindistannin qubla ta`repindegi qawimlerde ushirasadi. Sonin` ushinda biraz waqitlari olardi vedda-avstraloid dep ju`rgiziledi. Ha`zirgi klassifikatsiyag`a tiykarlanip u`lken avstraloid rassaga Avstraliyanin` tu`pkilikli xaliqlari, papuaslar ha`m meloneziyaliqlar, negrotoslar ha`m veddioidlar qiredi. Demek, avstraliyaliq ha`m tasmaniyaliqlardin ata-babalari bir zamanlari qubla-shig`is aziyada ha`m indoneziyada jasagan. Materiktin` geografiyaliq jaylasiwi ha`m Yava atawinan tabilgan avstroloid tipindegi eki bas su`yek qaldiqlari bugan da`lil bola aladi.

Tasmaniyaliqlrdin kelip shig`iwi elege deyin toliq aniqlanbag`an. Olar shashinin buyralig`i, den`esinin toliq ren`ligi, kelte boyi menen avstraliyaliqlardan ajiralip turadi. Tasmaniyaliqlar antropologiyaliq du`zilisi jag`inan melaneziyaliqlarga, ayriqsha jan`a kalezoniyadag`i tupkilikli xaliqlarga uqsaydi. Alimlardin pikirinshe, tasmaniyaliqlar a`yyemgi da`wirlerde Avstraliyadan qisip shigarilip tupkilikli xaliqlardin qinlari. Materikke adamlardin ko`ship keliwi da`wiri joqari paleolit da`wirine tuwri keledi.

Shama menen bunnan 18-19-min` jillar burin Avstraliya ma`terigi Aziya menen qosilgan bolip en` a`yyemgi avstraliyaliqlar qubla-shig`is aziyadan qurg`aqliq arqali ko`ship kelgen`. keyinirek bunnan 12-13-min` jil burin okean suwlarinin` ko`teriliwi na`tiyjesinde besinshi materik payda bolgan. Usi waqitlari baylanis bolip turgan a`yyemgi aziyaliq ata-babalarinan ajiralip qalgan avstraliyaliqlar usi da`wir ja`miyetlik duzimi ha`m ma`deniyatin o`tken a`sirge deyin bekkem saqlap qalg`an. Ha`tte xaliqtin` jaylasiw barisi juda` uzaq dawam etken olar da`slep jasawga qolayli bolgan shig`is jagalawlari iyelegen, keyin orayliq sahra bo`limi ha`m batis rayonlarg`a ko`ship ketken, ha`tte qolonizatorlar kelgenshe deyin tupkilikli xaliqlar materikti toliq o`zlestire almag`an. Evropa kolonizatorlari kelgennen keyinde Avstraliya ha`m Okeaniya xaliqlari o`zlerinin` xojaliq xizmeti ha`m jamiyetlik duziminde tili ha`m antropologiyaliq duzilisinde a`yyemgi obshinaliq duzim qaldiqlarin saqlap qalgan.

Basqa materikte olarga uqsas belgiler derlik ko`rinbeydi. qoloniyaliq siyasat na`tiyjesinde bul jerde jasawshi tupkilikli xaliqlardin materialliq ha`m ruwxiy turmisinda, u`lken o`zgerisler boladi. Usinin`

na`tiyjesinde ko`plegen etikaliq birikpeler ayrim elatlar ma`selen tasmaniyaliqlar pu`tkilley qirilip ketken sonin ushinda ayrim etnoslardin` kelip shig`iwi ha`m etnografiyaliq ta`repin u`yreniw imkaniyati og`ada qiyin. Uzaq waqit dun`ya menen baylanisli bolgani ushin

Avstraliyaliqlardin tilleri basqa tillerge uqsamaydi ha`m ha`tte jaqinlaspaydi. Antropologiyaliq jaqtan jaqin bolsada ayrim qa`wimler bir-birinin` tiline hesh tu`sinbegen. Avstraliyaliq tu`pkilikli xaliqlardin` tillerin lingvist

***1. Kepella alti gruppag`a boledi.***

***2. Qubla-shig`is Afrika tilleri***

***3. Jana qubla Uel`s tili***

***4. Arqa ha`m Orayliq kvinsloid tili***

***5. Orayliq ha`m qubla-batis Avstraliya tili***

***6. Arixemlen`d tili***

***7. Arqa ha`m Arqa-batis territoriyadag`i ko`plegen basqa tiller.***

Barliq tiller o`z duzilisi aniqliqi ha`m so`z baylig`i menen o`zgesheliklerge iye. A.Kepellonin bul klassifikatsiyasi ele tamamlanbagan ha`m ko`pshiliq alimlar ta`repinen qabil etilmegen. Poter V.Shmidt Avstraliya tillerin o`z-ara bir birine jaqin eki-qubla ha`m batis gruppalarga boledi. Avstraliya tillerinin sana qa`wimleri siyaqli 500 den artiq xa`r bir til so`z baylig`i grammatiqaliq turlerinin baylig`i menen ajiralip turadi.

Ma`selen, orinda tilinde 10-min`nan artiq so`z bolgan ha`m 450-den artiq ha`reket belgileri bolgan. Avstraliyaliqlardin ja`ne signallar tili de belgili bolip, ha`r bir na`rseni aniq belgiler ja`rdemi menen ta`riplegen. Ha`r qiyli siziq belgileride ko`plegen ma`nini an`latqan. Ja`ne de olardin` quwanish, qa`wip, qayg`i signallarida qen` tarqalgan.

Melaneziya atawlarinda burinnan xaliq jasap kelmekte. Jergilikli tiykarg`i xalqi negroidlar rassasindag`i buyra shashli qara den`eli adamlar bolip esaplanadi. Olardin ayirim turleri (papuas, pigmey, h.t.b.) basqa atawlarg`a qon`is basqannan son` qirilip ketken. Bo`lek atawlarda jasagannan sol olar a`sirler dawaminda ayiriqsha turmis qeshirip, o`zli-o`zi sonday-aq basqa qorshap turgan ortaliqtag`ilar menende az baylanista bolg`an. Demek baylanis bolg`an. Bug`an Okeaniya atawinda jasawshi qa`wimler arasindag`i ma`deniyattin` uqsaslig`i guwa bola aladi. Sonday-aq tildin` taraliwi meloneziya tili jergilikli a`yyemgi dialektler tiykarinda duzilip, ol son` kelip qonislasqan Indoneziyalilardin` tilinede o`z ta`sirin tiygizgenligi ma`lim boldi. Meloneziyalilardin kelip shig`iw ma`selesi elege shekem qaran`g`i bolip kiyatir. Bug`an sebep meloneziyalilardin` hesh iz qaldirmaw yamasa ol jerdegi klimattin` evropalilar ushin qolaysiz boliwinda shig`ar.

A`debiyatlardi alip qarasaqta meloneziya etnogenezine arnalg`an maqalalardi tabiw og`ada qiyin. Ol haqqinda Grebner ha`m Reverstende ko`re almaymiz. Biraq Shpeyzer miyneti o`zine ilayiq diqqatti talap etedi.

Melaneziya xaliqlarin antropologlar tiykarg`i to`rt tipke: papuas, negrotoyt, melaneziyali ha`m janakamdonskiy yamasa shig`is melaneziyalilar dep boledi. Olardin barlig`i Okeaniya shaqabindag`i negro-avstroidlar yamasa u`lken rasadag`i ekvatriallar dep ataladi. Olardi ekvatoriallar rasasina denesinin` qarali, shashtin buyralig`i, salistirmali turde murinnin` enliligi jaqinlastiradi. Papuas tipi Jana Gvineyanin orayliq boleginde ushirasadi. Sonday-aq papuas tipindegi usasliqlardi jan`a britaniya ha`m isaqa Irlandiya  atawinda jasawshi qa`wimlerdin su`wretlerinde uqsasliqlardin bar ekenligin ko`remiz. Negroid tipine ta`sirs qa`wimindegi adamlar qirip, olar jana Gvineya atawinin tawli ha`mde batis rayonlarinda jasaydi. Bug`an uqsas gruppadag`i adamlardi Santo jana Gebrid atawinda da ushiratiwga boladi. :shinshi tiptegi adamlardi Jana Gvineya atawinin arqa jag`alawinda jasawshi yaqomul qa`wimlerin kirgiziwge boladi, olar melaneziya tipindegi adamlar. Son`g`i to`rtinshi tipqe melaneziya gruppasindag`i ostrovityanlar jatip, olar jaka komdaniyada jasaydi.

**Temani bekkemlew ushin sorawlar:**

1. Avstraliya ha`m Okeaniya xaliqlari etnologiyasi ha`m etnikaliq tariyxi?
2. Avstraliya ha`m Okeaniya xaliqlarinin` materialliq ma`deniyati?
3. Avstraliya ha`m Okeaniya xaliqlarinin` dini ha`m diniy tu`sinikleri?
4. Avstraliya ha`m Okeaniya xaliqlarinin` ruwxiy ma`deniyati?
5. Innitsiattsiya da`stu`rinin` o`tkeriliwi?
6. Milliy maresimlerinin` o`tkeriliw o`zgeshelikleri?

**A`debiyatlar**


Ashirov A., Atadjanov Sh. «Etnologiya». T-2007

Its R.F. Vvedenie v etnografiyu. L., 1974

Tokarev S.A. Istoki etnograficheskoy nauki. M. Nauka, 1978

Jabbarov.I.  Jahon xalqlari etnografiyasi. T., 1996

Jabborov I. Jahon xalqlari etnologiyasi. T. «Yangi asr avlodi», 2005

Narodi mira. M-L., 1954-1966,t.1-13.

Bruk S.I Naselenie mira. M., 1981

**TEMA:Polineziya, Jan`a Zelandiya, Melaneziya, Jan`a Gveniya, Mikroneziya**

**Jobasi**

1. Poleneziya ha`m Jan`a Zelandiya xaliqlari .
2. Melaneziya, Jan`a Gveniya ha`m Mikroneziya xaliqlari.
3. Materialliq ma`deniyati.
4. Ruwxiy ma`deniyati. Dini-diniy tu`sinikleri.

***Tayanish tu`sinigi***

*Poleneziya, Jan`a Zelandiya, Melaneziya, Mikroneziya xaliqlari ha`m olardin` turmis ta`rizi, milliy u`rp-a`detleri, dini ha`m diniy tu`sinikleri. Innotsiattsiya marasimi, xaliqlarinin` materialliq ha`m ruwxiy ma`deniyati.*

Poleneziyalilardin kelip shig`iwi: Polineziyalilardin boyi (170-173 sm) denesi tu`nerip turadi, shashlari uzin iyrek- iyrek bolip, denesindegi ju`nler a`ste o`sip, saqali ortasha halda o`sedi. Beti u`lken, murini en`li boladi. Polineziyalilardin barliq tipi Marqiz ha`m Tuamot atawinin shig`is ta`repinde ushirasadi. Polen`eziya rasasina avstraloidlardi A.Uolles jaqin dep aytadi. Ayrim uqsasliqlarina baylanisli polineziyalilardi qubla evropalilar olardi evropoidliq rasaga jatqaradi (Eykshtedt, Montandon). Etnografiyaliq jaqtan bul boljawlar (misali, Myul`man) a`yyemgi «ariy» yamasa «indoevropa» ma`deniyatina jatqaradi. Sebebi olardin ma`deniyati ha`m xaliq poeziyasinda poleneziya miflerinin izlerin izleydi. Morfologiyaliq jaqtan polineziyalilar tipi Amerika indeytslerinin tipine jaqin bolip qeledi. Bugan sebep, olardin dene, shash, murinlarindag`i uqsasliq. Biraq buni da moyinlaw mu`kin emes. Sebebi Tinish okean arqali Amerika materigi menen baylanista bolgan dewge bolmaydi. En` isenimli uqsasliqti qubla-shig`is Aziyadan tabiwg`a boladi. Solay etip polineziyalilar o`z tipine uqsas belgilerdin o`zine ta`nliligin bir ta`repten mongoloidlar, al basqa ta`repten Okeaniya negroidlarinan izleydi. Polineziyalilar tipi alip barilg`an uzaq izertlewlerden` son` o`zlerinin kelip shig`iwin qubla-shig`is Aziya ha`m Indoneziyag`a alip keledi. Polineziyalilardin kelip shig`iw maselesinin basli deregi bolip qintan qinqa etnogenetikaliq beriliw bolip esaplanadi. Bul qintan-qinqa beriliwdin a`hmiyetliligin en` birinshi 1838-42 jj Okeaniyag`a sho`lkemlestirilgen Amerika ekspeditsiya qatnsiwshisi lingvist tilshi Xoreshio (Goratsiy) edi. Ol geneologiyaliq an`izlardi izertley otirip, bul an`izlardin ata-babalari Aziyalilar degen juwmaqqa qeledi. Ol bunin kelgen` jollarin aniqlawg`a da ha`reket etti. Onin oylawinsha bul jol Indoneziyadan Jana Gvineyanin en` jag`asinan melaneziya atawi arqali fidji ha`m Samoaga kelgen.

**Meloneziyalilardin kelip shig`iwi:** Melaneziya atawlarinda burinnan xaliq jasap kelmekte. Jergilikli tiykarg`i xalqi negroidlar rassasindag`i buyra shashli qara den`eli adamlar bolip esaplanadi. Olardin ayirim turleri (papuas, pigmey, h.t.b.) basqa atawlarg`a qon`is basqannan son` qirilip ketken. Bo`lek atawlarda jasagannan sol olar a`sirler dawaminda ayiriqsha turmis qeshirip, o`zli-o`zi sonday-aq basqa qorshap turgan ortaliqtag`ilar menende az baylanista bolg`an. Demek baylanis bolg`an. Bug`an Okeaniya atawinda jasawshi qa`wimler arasindag`i ma`deniyattin` uqsaslig`i guwa bola aladi.

Sonday-aq tildin` taraliwi meloneziya tili jergilikli a`yyemgi dialektler tiykarinda duzilip, ol son` kelip qonislasqan Indoneziyalilardin` tilinede o`z ta`sirin tiygizgenligi ma`lim boldi. Meloneziyalilardin kelip shig`iw ma`selesi elege shekem qaran`g`i bolip kiyatir. Bug`an sebep meloneziyalilardin` hesh iz qaldirmaw yamasa ol jerdegi klimattin` evropalilar ushin qolaysiz boliwinda shig`ar.

A`debiyatlardi alip qarasaqta meloneziya etnogenezine arnalg`an maqalalardi tabiw og`ada qiyin. Ol haqqinda Grebner ha`m Reverstende qo`realmaymiz. Biraq Shpeyzer miyneti o`zine ilayiq diqqatti talap etedi. Melaneziya xaliqlarin antropologlar tiykarg`i to`rt tipke: papuas, negritoskiy, melaneziyali ha`m janakamdonskiy yamasa shig`is melaneziyalilar dep boledi. Olardin barlig`i Okeaniya shaqabindag`i negro-avstroidlar yamasa u`lken rasadag`i ekvatriallar dep ataladi. Olardi ekvatoriallar rasasina denesinin` qarali, shashtin buyralig`i, salistirmali turde murinnin` enliligi jaqinlastiradi. Papuas tipi Jana Gvineyanin orayliq boleginde ushirasadi. Sonday-aq papuas tipindegi usasliqlardi jan`a britaniya ha`m isaqa Irlandiya  atawinda jasawshi qa`wimlerdin su`wretlerinde uqsasliqlardin bar ekenligin ko`remiz. Negroid tipine ta`sirs qa`wimindegi adamlar qirip, olar jana Gvineya atawinin tawli ha`mde batis rayonlarinda jasaydi. Bug`an uqsas gruppadag`i adamlardi Santo jana Gebrid atawinda da ushiratiwga boladi. :shinshi tiptegi adamlardi Jana Gvineya atawinin arqa jag`alawinda jasawshi yaqomul qa`wimlerin kirgiziwge boladi, olar melaneziya tipindegi adamlar. Son`g`i to`rtinshi tipqe melaneziya gruppasindag`i ostrovityanlar jatip, olar jaka komdaniyada jasaydi.

**Jan`a Gvineya xaliqlari.**

Atawdin` shig`is bo`limi Papau-Jan`a Gvineyasinda 4,1 mln xaliq  jasaydi. Otiriqshilarinin`  90% papuaslar quraydi, 700 ge jaqin etnoslari bar.

Antropologik jishatdan ham papuas  va melaneziyaliklar tipi (Avstroloid irqi) farqlanadi. İkkala tipda sham jingalak soch, qalin lab, keng burun bılsada papuaslar chızinchoq yuzlari, burunlari yoysimonligi bilan ajralib turadi. Yangi Gvineyaliklar sıqa deshqonchiligi bilan shug`ullanib-taro, yams, batat, banan, shakarqamish, kokos va saga palmalari, non daraxti etishtiradilar. Annaviy meshnat qurollari -tosh bolta, chıqmor, uchi ıtkir tayoq (sıqa)bılgan. Uy shayvonlaridan: chıchqa, tovuq va it boqqanlar. Deshqonchilikdan tashqari ovchilik, qisman baliqchilik mavjud. Shunarmandchiligi deshqonchilikdan ajralib chiqmagan. Qishloqlarida  asholi  soni  100-150  kishidan iborat. Kıp joylarda erkaklar uylari saqlanib qolgan. Uylari ustunlar ustiga qurilgan bılib bambuk va daraxt pıstloqlari asosiy qurilish ashyosi shisoblangan. Tomlari palma yaproqlari bilan yopilgan. Uylari asosan tıg`ri tırt burchakli qurilgan. Erkaklarning ananaviy kiyimlari tapadan qilingan belbog`chalar bılsa, ayollari ısimlik tolalari va ıtlardan kichkina yubkachalar kiyishgan. Zeb-ziynatlar asosan erkaklarda bılgan.

**Taomlari.**  Asosan ısimlik mashsulotlaridan bılib, gısht kam istemol qilingan. Taomlarni ochiq olovda tayyorlashgan. Olovni esa ishqalash yıli bilan olishgan. Tuzni kuldan ajratganlar. Papuaslarda qabilalar bılsada ular kıproq etnik xususiyatga ega. Papuaslarda qabila boshliqlari (germanlar,

slavyanlardagi kabi), qabila tashkiloti strukturalari bılmagan. Ularni faqat til va madaniy birlik bo\lab turgan. Papuaslar qabila uru\chilik-patriarxal bılib, urug` jamoalari fratriyalarga bılingan.

**Papuaslar jamoalari 3 asosiy turga:**

1. Qon-qarindoshlik; 2.Geterogen jamoa (getera-ıynash): 3.Qıshnichilik jamoalariga bılinadi.

Papuaslarning diniy tasavvurlari xilma-xil bılib, bazi qabilalarda totemizm, seshrgarlikka ishonch sham keng yoyilgan.

**Mikroneziyalilardin kelip shig`iwi.** Mikroneziyalilardin kelip shig`iw ma`selesi ju`da` az izertlengen. Olardin etnikaliq kelip shig`iwina ha`r qiyli qo`z-qaraslar aytilgan. Geybir avtorlar Dyumon-Dyurvil`, Meynike, Finsh, olardi polineziyalilarga kirgizedi, a`lbette bul naduris. Basqa birewleri, ma`selen, Bastian, Gerland, Lesson, Shteynbaxlar olardi o`z aldina etnikaliq gruppaga jatqaradi, bul haqiyqatliqqa tuwri qeledi. Ko`pshlik izertlewshiler mikroneziyalilardi aralas qa`wimlerge jatqizadi. En` birinshi bolip olardin kelip shig`iwina duris baha bergen rus ten`izshi alim F. P. Litke bolip esaplanadi. Ol bastan-aq olardin siyasiy awhalin, diniy tu`sinigin, u`rp-a`detin, oy-o`risin izertleydi. Litke korolina atawindag`ilar polineziyalar menen tili ha`m antropologiyaliq jaqtan ogada uqsas eqen`ligin aytadi. Sonday-aq qubla-shig`is aziya menen tariyxiy, ma`deniy jaqtan baylanisli ekenligin aytadi. Mikroneziyalilardin kelip shig`iw maselesi polineziyalilardin ko`ship qoniw jollari haqqindag`i ma`sele menen tikkeley baylanisli. Usilay bolsada, bolmasada, eki etnikaliq gruppalar arasinda tariyxiy baylanistin` bar ekenligi so`zsiz. Usinday so`zsiz baylanis ma`deniy jaqtan Polineziya menen a`sirese shig`is Miqroneziyada ku`shli, demek, onda batis ta`repi ma`deniy jaqtan Indoneziya menen baylanista bolgan. Mikroneziyanin` u`lken bir bo`legi bul korolina ataw bolip, ol antropologiyaliq ta`repten basqalarinan go`re jaqsi uyrenilgen. Mikroneziyalarda Okeaniyanin eki gruppasin da yamasa da`slepki turinde ko`riwimizge boladi. Qublasinda melaneziyalardin` elementin, shig`is polineziyalardi ushiratiwga boladi. Bul eki tiptegi adamlar Mikroneziyanin` orayi arqali eki zonag`a bo`lip turadi. Mikroneziyalilar Mikroneziyanin orayinda jaylasqan. Barliq jiynalgan mag`liwmatlardi jiynay otirip, mikroneziya tipinin batis yamasa qublada Okeaniyalilardin antropologiyaliq belgisi bar zonada juzege kelgen dep juwmaq shigariw mu`mkin. Buru, Xal`maxera, Tselebes atawinan kelgen ten`izshi qa`wimler batistan kelip, ol jerlerdi boysindirgan, ha`m jergilikli hayallarg`a u`ylengen. Usinin` na`tiyjesinde ha`zirgi jasawshi adamlar payda bolgan.

**Temani bekkemlewshi sorawlar:**

1. Poleneziya ha`m Jan`a Zelandiya xaliqlarinin` kelip shig`iwi tariyxi?
2. Melaneziya, Jan`a Gveniya ha`m Mikroneziya xaliqlarinin` etnogenezi?
3. Melaneziya, Jan`a Gveniya ha`m Mikroneziya xaliqlarinin` materialliq ma`deniyati?
4. Melaneziya, Jan`a Gveniya ha`m Mikroneziya xaliqlarinin` ruwxiy ma`deniyati?

**A`debiyatlar**

Ashirov A., Atadjanov Sh. «Etnologiya». T-2007
Its R.F. Vvedenie v etnografiyu. L., 1974
Tokarev S.A. Istoki etnograficheskoy nauki. M. Nauka, 1978
Jabborov I. Jahon xalqlari etnologiyasi. T. «Yangi asr avlodi», 2005
Narodi mira. M-L., 1954-1966,t.1-13.
Bruk S.I Naselenie mira. M., 1981

**Tema: Aziya xaliqlari ha`m elatlari.**

**REJE:**

1. Aziya xaliqlari  ha`m elatlarinin` tariyxiy-geografiyaliq jag`dayi.
2. Aziya ma`mleketleri xaliqlarinin etnogenezi ha`m etnik tariyxi.
3. Aziya xaliqlarinin` turmis ta`rizi ha`m xojaliq turleri.
4. Aziya xaliqlarinin diniy tu`sinikleri, milliy urip a`detleri ha`m da`sturleri.

***Tayanish tu`sinigi***

*Aziya xaliqlari  ha`m elatlarinin` tariyxiy-geografiyaliq jag`dayi, Aziya ma`mleketleri xaliqlarinin etnogenezi ha`m etnik tariyxi, Aziya xaliqlarinin` turmis ta`rizi ha`m xojaliq turleri, Aziya xaliqlarinin diniy tu`sinikleri, milliy urip a`detleri ha`m da`sturleri.*

**Ilimde Aziya elleri-**  geografiyaliq ha`m tariyxiy-etnografiyaliq jaqdan alti bo`limge bo`linip u`yreniledi.

**AZIYa elleri**

↓

**Orayliq Aziya ha`m Qazaqstan**

↓

**Batis yamasa Aldin`g`i Aziya**

↓

**Qubla ha`m Orayliq Aziya**

↓

**Qubla-Shig`is Aziya**

↓

**Shig`is Aziya**

↓

**Arqa Aziya**

Aziya du`n`yada en` ko`p aymaqqa iye bolgan ta`biyati ha`r qiyli xalqi ko`p ha`m tig`iz  jaylasqan ellerden ibarat. Bul jerde adamzat payda bolgan en a`yyemgi ma`deniyatlar  jaratilg`an. Aziyanin territoriyasi 32 mln kv km ge jakin. Dun`ya xalqinin` yariminan ko`bin Aziyaliqlar quraydi.

A`dette shet el Aziyada ilimde geografiyalik tariyxiy etnografiyalik jaqtan 6 bolimge bolinedi. Shet el Aziya o`zi basqa materiklerden o`zinin` ta`biyiy bay resurslari ma`selen neft, suw o`simlik ha`m haywanat du`n`yasinin` ko`pligi menen ajiralip turadi.

Ataqli rus alimi  I.I.Vavilovtin pikirinshe Aziya kopshilik eginlerdin watani. Bul jerde Dun`ya diyxanshilik  oraylarinin 10/6 bo`limi jaylasqan ha`m 10-min`nan artiq o`zine ta`n o`simlik turine iye. Aziyada bunnan 10-15 mln jil buring`i jasag`an adam siyaqli maymillardin` (gominidlar) su`yekleri tabilgan.

En a`yyemgi alg`ashqi adam ata-babalari Yavadag`i pitekantrop. Qitaydag`i sinantrop adamlar, bunnan 200-400 min` jil burin jasagan neondertal` adamlardin wa`killeri Aziyanin` ko`pshilik bo`limi Polestina Irak h.t.b. jerlerinen tabilg`an. Aziyada son`g`i paleolit ha`m mezolit da`wirine ta`n ha`zirgi rassalar qa`liplesken. Aziyada neolit da`wirinde-aq ha`zirgi tiptegi adamlar ken` territoriyada batis ha`m qubla Aziyadan oraylik, shig`is ha`m qubla-shig`is Aziyag`a ko`ship kelip neantertal` a`wladlari menen aralasip ha`zirgi shig`is etnoslarinin` payda boliwina sebep bolgan. Usi da`wirden baslap ha`zirgi etnoslardin` ata babalari qa`liplese baslag`an.

**Batis yamasa alding`i Aziya xaliqlari ulken tariyxiy etnografiyaliq oblastlardi quraydi.**

**Batis yamasa Aldin`g`i Aziya elleri**
Xalqinin` sani- **240 mln.**

↓

**TURKIYa- 42 mln. adam**

↓

**IRAN-34 mln adam**

↓

**AFGANISTAN-20 mln adam**

↓

**IRAK- 12 mln adam**

↓

**SAUDIYa ARABSTANI-**8,8 mln adam

↓

**YaMAN XALIQ DEMOKRATIYaLIQ RESPUBLIKASI-**1,8 mln.adam

↓

**YaMAN ARAB RESPUBLIKASI-**7 mln.adam

↓

**IZRAIL-**3,5 mln.adam

↓

**IORDANIYa-**2,9 mln.adam

↓

**LIVAN-**2,4 mln.adam

↓

**KUVEYT-**1,1 mln.adam

↓

| **BIRLESKEN ARAB A`mirligi-1** mln.ge jaqin adam |
|---|

Batis yamasa alding`i Aziya xaliqlari ulken tariyxiy etnografiyaliq oblastlardi quraydi. Regionnin` xalqi tiykarinan Turkiya, Iran-Afganstan, Irak ha`m Saud Arabstanda jasaydi.

Antropologiyalik jaqtan Batis Aziya xaliqlari tiykarinan evropoydliq rasaga kiredi, olarg`a ta`n belgileri shashi-ko`zi qara, terisi buwday ren`li. Murni ortasha, erni kishkene ha`m qalin`raq. Batis Aziya xaliqlarida o`zinin ishinde ha`r qiyli tiplerge bo`linedi. Ma`selen Turkler, Arablar, Yaxudiyler Batis Aziya tipine, Afganstan Iran, Xind, Pamir tipine batis Turkler ha`m ko`shpeli Arablar jer-orta teniz tipine kiredi. Bular ishinde bazibir etnoslar kazariyler turk ha`m arablardin` bir bo`limi- mongoloyd, qubla arabiya arablari. Afganstan ha`m Iran bragunlarinda avstraloidlik belgiler seziledi.

Batis Aziyada jaylaskan a`g` arab ma`mleketlerinde jasawshi xaliqlar qon`si izrail` turkiya xam irandag`i arablar, batis Aziyaliq semit tilinde so`yleytugin xaliqlar quraydi. Iran tilinde parislar pushtunlar, lurlar, tajikler, kurdlar bolujiylar, baxtierlar, xozariylar ha`m t.b. Etnik gruppalar so`yleydi.

Batis Aziyadag`i ha`zirgi o`mir su`rip kiyatirg`an tillerden hesh qaysisi tupkilikli tillerge kirmeydi. Semito-xamit, hindevropa ha`m turk tilleri kirip kelgennen keynn buring`i shumer, elamit urartu pilibey tilleri joq bolip ketken. Semito-xamit tilleri B.e.sh. IV min`inshi jillari Batis Aziyag`a, arqa Afrikadan kirip kelgen, jergilikli tiller menen aralasip ketken. Olar 3- 2 min`inshi jillarda akkad tili ha`m onin` tiykarg`i bo`limsheleri Bobil, Assuriya ha`m Aramey tilleri belgili boladi. Usi da`wirlerde Balkan yarim atawi ha`m kavkaz ta`repinen hind-evropa tilleri o`te baslaydi. Aramey tili bolsa a`sirimizdin baslarinda pu`tkil Batis Aziyag`a jetip barg`an. Keyinirek onin` ornina arab tili hu`kmdarliq etti. Tillerdin` aralasiwi ha`m tarqaliwi xaliqlardin` etnogenezi ha`m etnik tariyxi bir-biri menen baylanisip ketken. Batis Aziyada tu`rli xaliqlar ha`m elatliqlar etnoslardin` aralasiw barisi barqulla dawam etip turg`an. B.e.sh. 1-min`inshi jillarda payda bolgan hind evropa tillerindegi xaliqlar Batis Aziyanin` bir qansha bo`limin basip alip Midiya, Persiya, keyinirek Parfiya ha`m Baktriya siyaqli hu`diretli ma`mleketlerdi duzgen. Bul ma`mleketlerde jasag`an jergilikli elatlar menen kelgindi etnoslardin` aralasip ketiwi aqibetinde ko`pshilik iran tillerindegi ha`zirgi otriqshi xaliqlar (parsilar, gilenlar, mazandaronlar, pushtun-lardin` bir bo`limi ha`m ta`jikler) ha`m ko`shpeli elatlar (pushtunlardin bir bo`limi, kurdlar, purlar, baxtierlar h.t.b. usagan uqsas xaliqlar) qa`liplesken. Jergilikli xaliqlar menen VII-VIII a`sirlerde kirip kelgen arablardin` aralasiwinan ha`zirgi arab milleti payda bolgan.

XI-XII asirlerde kishi Aziyag`a bastirip kirgen seljukiyler jer-gilikli xaliqlardi tu`rkiylestirib ha`zirgi tu`rkler, azerbayjanlar ha`m baska tu`rkiy xaliqlardin` qa`liplesiwine tiykar salg`an. Bul waqiyalar ta`biyiy halat penen birge zorlik penen a`melge asirilg`an. Ma`selen, XVI asirlerde irang`a zorliq penen Armyanlar Gruzinler ko`shirilgen.

XVIII asirlerde kurdlardi Xorasanga bir bo`limin oraylik Anatoliyga ko`shiwge ma`jbu`rlegen. Usi da`wirde o`sh aliw siyasatin a`melge asirgan Turkiya ma`mleketi sistemaliq ra`wishte Armiyan ha`m Aysorlardi qirip turg`an.

Bul waqiya 1922 jilga deyin dawam etken. Usinin` sebebinen ko`plegen armiyanlar tu`rli territoriyalarg`a tarqaliwg`a ma`jbu`r bolg`an. 1948 jili Izrayl ma`mleketi payda bolg`annan keyin 1 mln.g`a jaqin arablar Palestinaliqlar zorliq penen o`z territoriyasinan quwg`inga ushirap qon`si ma`mleketlerge ko`ship o`tken, olardin` ornina usinshama yaxudiylar turli ma`mleketlerden ko`ship o`tken. Batis Aziya xaliqlari tili ha`m rasasi jag`inan ayirmashiliqqa iye bolsada, uzak tariyxiy da`wir ishinde o`z-ara jaqin mu`na`sebette bolip, bir birine o`tkizgen ta`siri na`tiyjesinde ma`deniy-turmis xizmeti uliwmaliq belgilerge iye bolip qalg`an.

Etnikaliq du`zilisi jag`inan Turkiya xalqi bir qiyli onin` hwO` yag`niy 35mln.dan artig`i Turkler, 4 mln. kurdlar qalg`ani mayda elatlar (Arablar, Gruzinler, Armiyanlar, Turkmenler, Grekler h.t.b.) Regiondag`i en` ko`p milletli ma`mleketler Iran ha`m Afganstan esaplanadi. Iranda iraniy tilinde barliq xaliqtin` 75% so`yleydi, qalg`anlari turkiy tilde so`yleydi. Jergilikli statistikaliq mag`liwmatlarg`a qarag`anda Iranda 40 tan artiq turli xaliqlar jasaydi. Tu`pkilikli xaliqlar bolg`an parsilar barlik xaliktin yariminan azin quraydi. Afganstanda 30 g`a jaqin xaliq jasaydi. Olar Iran ha`m Turk tillerinde so`yleydi, Afgan xalqinin` tu`pkilikli jasawshilari pushtunlar (55%) quraydi. Qalg`anlari tajikler, o`zbekler, charoymaqlar, turkmenler h.t.b. Pushtunlar qa`wim birikpelerge bo`linedi. Olardan en` ulkenleri abdallar, gilzoy, momand, shinvori, vordagi, dzodzi, mong`ol, kakar, xostvol h.t.b. Olardin 20% xalqi ha`zirge deyin ko`shpeli ha`m yarim ko`shpeli jag`dayda jasaydi. Arab ma`mleketleri en` ko`p milletli esaplanadi. Livan, Siriya ha`m Irak ma`mleketlerinde arablar pu`tkil xaliqtin` 80-90% tin quraydi, qalgan 10-20% xaliqlar Armiyanlar h.t.b. quraydi. Saud-araviya xalqinin` 10% tropik Afrikadan keltirilgen qullar quraydi.

Qubla Aziya xaliqlarina Hindisan, Pakistan, Bangladesh, Shri-Lanka ha`m Neopol, Buton ha`m Moldava respublikalari, Sengol bug`azindag`i Andamon ha`m Nikobor atawlari da Qubla Aziyag`a tiyisli.

**QUBLA AZIYa elleri**

jer maydani-**4,5 mln.kv.km** xalqinin` sani-**860 mln.dan artiq** (1985-jilg`i mag`liwmat**)**

↓

Hindistan 663mln

↓

Pakistan 78,8mln

↓

Bangladesh 88,5mln

↓

Niepal 14mln

↓

Shri-Lanka 15mln

↓

Butan 1,3mln

↓

Moldava Respublikasi 150min`

↓

Bengal bug`azi

↓

Andaman atawi

↓

Nikobar atawi

Antropologiyaliq jaqtan qubla Aziyaliqlar tiykarinan ulken Evropid rasag`a tiyisli bolip, onin` o`zine ta`n shig`is tarmag`in payda etedi.

Bul jerde negroild ha`m mongoloid rasalari menen aralas tillerdi Kubla Hindistan, Shri-Lankada veddoid ha`tte Avstroloid tiplerdi ushiratiwg`ada boladi. Pa`s boyli Pigmey tipindegi andamansilar dene du`zilisi menen ajiralip turadi. Qubla Aziyanin` lingvistikaliq duzilisi ha`r qiyli bul jerde ko`plegen tiller bo`limsheleri ushirasadi. Keyingi klassifikatsiyag`a tiykarlanip Qubla Aziyada 180 nen artiq til du`rkini belgili bolg`an. Olardin` en` tiykarg`isi Hindariypar gruppasi onnan keyingisi Drovid, Tamil, Monkxemer ha`m Tibet-birma til wa`iklleri. Qubla Aziyada rawajlang`an kapitalistlik eller menen birge alg`ashqi ja`miyet duzim da`rejesinde turgan ayrim qa`wimlerdi ushiratiwga boladi, olar uzaq o`tmishte ha`m orta a`sirlerde joqari ma`deniyat jaratqan etnoslar menen aralasip o`z tili ha`m ma`deniyatin sin`dirip joqari ma`deniyatti ha`m o`z etnosin qabil etiw jolinda turipti. Aziyada tu`rkiy migratsiya, assimiliyatsiya na`tiyjesinde milletler aralasiw barisinda turipti. Bul barista tuwri tu`siniw ushin regionnin` etnikaliq tariyxin aniqlap aliw za`ru`r.

**Aziya kontinentinin` en` ko`p sanli xaliqlari Shig`is bo`liminde jaylasqan**.

**ShIGIS AZIYa elleri xalqinin` sani-1,5 mlyard adam (1985-jilg`i statistik mag`liwmat)**

↓

**Qitay 1-mlyardan artiq**

↓

**Mongoliya 3,6 mln**

↓

| Koreya 65 mln |
|---|

↓

| Yaponiya –120 mln.adam |
|---|

↓

| Taybaniya -17,5 mln.adam |
|---|

Shig`is Aziya xaliqlari en` qa`dimgi jaziw du`zimin jaratqan. Eramizdan buring`i II-min` jilliqlar baslarinda payda bolg`an Qitay ieroglif jaziwlari qon`isi ma`mleketlerge tarqalip orta a`sirlerde xaliq-araliq a`hmiyetke iye bolg`an. Bul jaziwlar dizimi da`slep ma`nisti tu`sindiriwshi belgilerden ibarat bolip ju`da` jen`il ha`m tez tarqaliwg`a imkan bergen. Usi jaziw tiykarinda vetnamlar, yaponlar, koretslar o`z jaziw dizimlerin payda etken. VI-IX a`sirlerde Turkiy xaliqlar rinik, keyin uyg`ir alfavitinen paydalang`an.

Shig`is Aziya xaliqlarinin` ma`deniyatinda ta`sir ko`rsetken dinlerdin` biri buddizm. Bul din da`slep Qitayda son` Yaponiya ha`m Koreyada eramizdin` birinshi a`sirlerinde-aq payda bolg`an. Yaponiyada jaratilg`an sintoizm dini menen buddizm talimati qosilip u`zine ta`n ko`rinislerdi payda etken. Ayirim tun`g`ish payda bolg`an xaliqlarda, tiykarinan daxurlar ha`m koretslerde buddizm ha`m daosizm menen birge shamanizm ken` tarqalg`an. Tibet ha`m mon`g`ol xaliqlarinda ha`zirgi ku`nge shekem buddizm-lamaizm saqlanip kelgen. Koreyada IV-VI a`sirlerde kirip kelgen buddizm X-a`sirde ma`mleketlik dinge aylandi. XVI-a`sirge kelip konfutsiylik ma`mleket dini dep ja`riya etildi. Shig`is Aziya xaliqlarinin` turmisinda diniy tu`sinikler tiykarg`i orinda turg`an. Orayliq Aziyanin` en` ko`p sanli ha`m qa`dimgi xalqi O`zbekler bolip esaplanadi. Orayliq Aziya xaliqlarinin` ma`deniy turmisinda islam dini tiykarg`i orinda turadi.

## TEMANI BEKKEMLEWShI SORAWLAR

1. Aziya xaliqlari ha`m elatlarinin`kartadan ko`rsetip berin`?
2. Aziya ma`mleketleri ha`m xaliqlarinin etnogenezi ha`m etnik tariyxi qanday?
3. Aziya xaliqlarinin` turmis ta`rizi ha`m xojaliq turleri?
4. Aziya xaliqlarinin diniy tu`sinikleri, milliy urip a`detleri ha`m da`sturleri?
5. Kitay xaliqlarinin` materialliq ma`deniyati?
6. Yafonlardin` milliy kiyimleri ha`m tag`amlari?
7. Qubla Aziyag`a kiriwshi ma`mleketlerdi kartadan aniqlan`?
8. Hind xaliqlarinin` dini ha`m diniy tu`sinikleri?
9. Batis yamasa aldin`g`i Aziyag`a kiriwshi ma`mleketler?
10. Aziya kontinentinin` jer maydani ha`m xalqinin` sani?

## A`debiyatlar

Etnologiya. Pod. red. Yu.V.Bromleya i G.E.Markova. M. Visshaya shkola, 1982
Sadoxin.A.P. Etnologiya. M., 2001
Jabbarov.I. Jahon etnologiyasi asoslari. T.2005
Narodi mira. M.-L., 1954-1966, T.1-13
Bromley Yu.V. Sovremennie problemi etnografii. M., 1981

**Tema: Amerika xalqinin etnogenezi ha`m etnik tariyxi.**
**Jobasi:**

1. Amerikalilardin` kelip shig`iwi ha`m olardin` etnogenezi, etnik tariyxi.
2. Til klassifikatsiyasi. Antropologiyaliq o`zgeshelikleri.
3. Xojalig`i, dini ha`m diniy da`stu`rleri.
4. Zamanagoy Amerika xalqi. Olardin` etnik qurami.

***Tayanish tu`sinigi***

*Evropa kolonizatsiyasina shekemgi Amerikanin` jergilikli xalqi. Amerikalilardin` kelip shig`iwi ha`m olardin` etnogenezi, etnik tariyxi. Otiriqshi hindler. Til klassifikatsiyasi. Antropologiyaliq o`zgeshelikleri. Tlinkitler, Erogezler ha`m Algonkinler. Xojalig`i, dini ha`m diniy da`stu`rleri. Zamanagoy Amerika xalqi. Olardin` etnik qurami. Migratsiyaliq protsessleri. Ma`deniyatindag`i integratsiyaliq protsessler.*

**Amerika materi-** territoriyasi 44,5 mln kv km. quraydi. Atlantiq ha`m Tinish oqean aralig`inda jaylasqan, arqadan qublaga 15,5 min` kv km bolip eki qurg`anliqtan ibarat. Eki qurg`anliq arasinda tinish ha`m atlantiq oqeanlarin baylanistirgan Panama qanali XX a`sirde qazilip bul jer xaliq araliq sawda jolin aylangan.

Amerikanin xalqi qoit jilg`i esap boyinsha 600 millionnan asti, sonnan 250 mln Arqa Amerikada, 350 mlnnan aslami latin Amerikasinda jasaydi. Evropalilar kelgen`ge deyin materikte turli jamiyetliq rawajlaniw darejesinde bolgan o`z-ara jaqin tuwisqan indeets xaliqlari jasagan. Olardin ko`pshiligi Meksikanin qubla bolimi, Orayliq Amerika ha`m And tawlarinda jaylasqan bolip joqari jamiyetliq ekonomikaliq darejede turgan xaliqlardan esaplanadi. Arqa ha`m qubla Amerikanin u`lken territoriyalarinda tomen darejede mayda qa`wimler jiynawshiliq, an`shiliq, baliqshiliq penen shug`illanip algashqi obshinaliq duzimnen ko`terilmegen.

Indeetslerdin kelip shig`iwi uzaq da`wirden beri ilimde sir bolip turli gipoteza ha`m mashqalalardi payda etti. Ayirim alimlar Amerika xalqi usi jerde payda bolgan degen` piqirdi ko`terip shiqqan. Biraqta ha`zirge deyin bul jerde alg`ashqi poleontrop adamlar jasagan ma`kanlar, adam ta`rizli maymillardin izleri aniqlanbag`an. Amerikag`a adamlardin` Aziyadan kelgen`ligi onin arqadan qublaga qaray a`ste-aqirin ko`ship barg`anlig`i tastiyiqlang`an. Son`g`i izertlewlerge su`yen`ip alimlar bul jerde adamlar bunnan 25-30 min` jillar burin payda bolgan degen` piqirge kelgen`, ataqli antropolog L. Liki Amerikag`a da`slep aziyaliqlar 50-100 min` jil burin kele baslagan degen` piqirdi aytadi. qubla Amerikaga adamlar da`slep 17-11 min` jil burin kelgen` dep esaplaydi.

Amerikanin tupqiliqli xaliqlarinin ata-babalari pu`tkil materikte Arqa Amerikadan qubladag`i togayliq jerge deyin aziyaliqlardan kelip shiqqanlig`in arxeologiyaliq da`lillerden` basqa antropologiyaliq duziliside tastiyiqlaydi. Jergiliqli xaliqlarda mongoloidliq rasaga tan belgiler toliq bar. Alewt eqsimoslari Amerikag`a ko`ship kelgen xaliqlardin` son`g`i ag`imlari menen baylanisip qalgan barliq indeetsler min` jilliqlar dawaminda a`ste aqirin qublaga ha`m keyin materiktin ishqi territoriyasina tarqalip turli xaliqlardin qaliplesiwine tiykar salgan uliwmaliq belgilerge qarap olardi

u`lken u`sh gruppaga: Arqa Amerikaliq, Orayliq Amerikaliq ha`m qubla Amerikaliqlarga bolingen. Olar boyinin uzin qelteligi, terisinin ren`i menen ajiralip turadi. Son`g`i da`wirlerde ko`pshiliq ilimpazlar qatip etqen` klassifikatsiyag`a tiykarlanip jergiliqli tillerdi 20 g`a jaqin til sem`yalarina biriqtirgen`, olardan en` u`lkeni eksimos, Algonkino-vaqash, siu-xoqa, yuto-tonyuantek, penuti mayya-soke ha`m t.b. til sem`yalari.

Ha`zirgi da`wirde indeets tillerinin tiykarg`i bolimi ayrim ma`mleketlerdin ma`mleket tilleri ta`repinen sig`ip shig`arilg`an. Tek gana u`lken til sem`yalari quchua, aymara, mayl uqsag`an tiller o`z qa`lbin saqlap bul tillerde kitaplar shig`ip mekteplerde usi tilde sabaq o`tedi. 1975-jili 27-iyun`de 1-shi ret Amerika materiginde Peru ha`qimiyati kenua tilin ma`mleketlik til dep ja`riyaladi. XVI-a`sirdin` baslarinan baslap evropa qolonizatorlari Amerika materiginin tupkilikli xaliqlari ta`g`dirinde a`hmiyetli rol` oynay basladi. Bul jag`day qisqa waqit ishinde indeetslerdin lingvistiqaliq, antropologiyaliq ha`m etnik quraminda qatti o`zgerisler alip qeldi. Usinin sebebinen` ko`plegen indeetsler qirilip ketken. Amerikanin ashiliwi XIX a`sir ortalarina kelip Amerika materiginin etnikaliq qurami bir qansha o`zgerip qetti. Arqa Amerikada Britaniyalilar, qubla Amerikada ispan, portugal tili hu`kimdarliq etip, bunnan basqa frantsuz, italyan tilinde soyleytugin elatliqlar ko`beydi. Amerika xalqi kelgendi elatliqlar menen aralasip jana etnoslardi payda etti. Arqa Amerika xaliqlari: Arqa Amerikadag`i son`g`i arxeologiyaliq izertlewler indeets jamiyetinin rawajlaniwi tariyxin shama menen on bir min` jil dep belgiledi. Arxeologlar materikte yaki en` a`yyemgi poleindeets ma`deniyatinin qaldiqlarin aniqlagan. Olar orayliq zonadag`i qus awlawshilar ha`m Tinish okean jagalawindag`i jiynaushiliq penen shug`illaniwshi qortsil`er ma`deniyati edi. Bul maden`iyatlar b.e.sh. VIII min`inshi jilliqqa deyin dawam etip keyin pu`tkil materik terrioriyalarina ken` tarqalgan. A`sirese indeetsler materiktin shig`is bolimi ha`m qubla batisinda Arqa Amerikanin togayli jerlerinde tig`iz ornalasqan. Usi jerlerde a`-shi ret indeetslerden` da`slepki maden`iyat orinlari qaliplesip son` materiktin basqa orinlarina taralgan. Bul orindag`i da`slepki ma`deniyat Arxaik da`wirinde b.e.sh.

VIII-I -min`inshi jillari payda bolgan. Bul maden`iyat adamlari awshiliq ha`m jiynawshiliq penen shug`illangan. Usi territoriyadag`i ekinshi ma`deniyat, Vudlenu ma`deniyati dep atalip ol qubla qanadadan Meqsiqa bugazina deyingi qen` territoriyani iyelep, ol o`zinin gu`lalshiliq ha`m diyxanshiliq tarawi menen ajiralip turadi.

VII a`sirde bul maden`iyat orayi a`ste aqirin meqsiqa bug`azi ta`repine ko`ship Missisipi ma`deniyati dep atalip bul da`wir o`z ishine VII-XV a`sirlerdi qamtip alding`i maden`iyat jetiskenliklerin rawajlandirip, qala ha`m qorganlar saray tipindegi jaylar qurip gu`lal idislardin ko`rkem sanaattin h.t.b. buyimlardin jana turlerinin payda boliwi menen ajiralip turadi. Evropalilar kelgen`ge deyinde Arqa Amerika indeetsleri joqari maden`iyat payda etqen`. Biraqta ilimde XX-a`sir baslarinda indeetsler ma`deniyatin artta qalgan algashqi qa`wimler degen kemsitiwler payda boldi.

Arxeologiyanin izertlewlerge qaraganda Arqa Amerikanin qubla rayonlarinda diyxanshiliq b.e. sh. 3-min`inshi jilliqlarda payda bolgan.

Bul orindag`i en` da`slepki diyxanshiliq kogiz ma`deniyati xaliqlari payda etken. Bul orinda kogis ma`deniyatinin 300-700 jil keyin «Xoxokam» ha`m «Mogol`on» ma`deniyati qa`liplesken. XV a`sir aqirlarinda Arqa Amerikanin indeets xaliqlari shama menen 9-10 million adamga jetken ha`m juda ko`p turli tildegi qa`wim ha`m elatlardan ibarat bolgan.

**Orayliq ha`m qubla Amerika xaliqlari:** Amerika materiginin AQSh penen Meksika shegarasinin qubla bolimi Latin Amerikasi dep ataladi. Latin Amerikasi ma`mleketlerinin 2/3 bo`liminde ispan tili rasmiy til dep qabil etilgen`. Braziliyada Portugal tili, qishqen`e ma`mleketlerde frantsuz, inglis, golland tili ma`mleketliq til dep qabil etilgen`. Bul ma`mleketlerdin jamiyetlik ekonomikaliq rawajlaniwi ha`r qiyli, maselen: Amerika, Braziliya ha`m Ven`esuella rawajlangan ma`mleketler qatarina qiredi. Ol og`an qon`silas ma`mleketlerdin` ekonomikaliq ko`rsetkishleri og`ada to`men.

Latin Amerikasinin xalqinin etnikaliq quramida ha`r turli. Uzaq jillar dawaminda jergiliqli xaliqlar menen kelgendi evropalilar ha`m millionlap qul etip keltirilgen Afrikalilar aralaspalarinan payda bolgan. Ha`zirgi ma`mleketlerdin o`zine tan milliy ma`deniyati, xaliq tvorchestvosi qa`liplesken. Latin Amerikasinin jergiliqli xaliqlari o`tmishte joqari rawajlangan maden`iyat do`retip tek Latin Amerikasinda emes dun`ya ma`deniyatinin rawajlaniwina u`lken u`les qosqan. Meqsiqa territoriyasina adamlar bunnan 15-20 jil burin kele baslagan. Olar da`slep Tinish okean jagalarin boylap otirip, keyin ishki oypatliqlarga tarqalgan. B.e.sh. 4-min`inshi jilliqlardan baslap bul jerde da`slepki diyxanshiliq payda boladi. B.e.sh. I-min`inshi jilliqlardin aqirinda bul jerde al`meklar ha`m sopoteklardin` o`zine ta`n diyxanshiliq ma`deniyati qa`liplesedi.

IX-X a`irlerge kelip bul maden`iyatlar a`ste aqirin kriziske ushirap meksika alabinda jan`a elatliqlar atstek qa`wimleri payda boladi. Olar XIV a`sir baslarinda arqa-batis rayonlarina jarisip a`yyemgi ma`deniyat orinlarin iyelep, o`z tillerin saqlap qalgan, Atstekler qu`diretli ma`mleket birikpesine tiykar saladi. Qubla Amerikada ja`ne de maya xaliqlari joqari ma`deniyat payda etken xaliqlar esaplanadi.

Mayalilar ispanlilar basip kelgenge qatar qu`diretli ma`mleketke aylanadi. Bul jerde bir qansha rawajlangan diyxanshiliq xojalig`i qaliplesip diyxanshiliqtag`i tiykarg`i qurallardi mis ha`m altinnan aralastirip tayarlagan. Maya qa`wiminin` kalendari menen matematikaliq esaplawlari 20-a`sirdegi dun`ya ilimpazlarin tan`landiradi. Jil esabin bir minutqa deyin aniqlap qalendar duzgen. Kalendar 20 ku`nlik aydan ha`m qe ku`nlik ha`pteden ibarat bolgan. Olar 20 jildan bir u`lken tas taxtag`a 10-iroglif sistemasina tiykarlangan mayya jaziwlari menen su`wretler jaziwlar ha`r qiyli duwalar tariyxiy waqiyalardi jazip qaldirgan.

**Amerikanin ha`zirgi etnikaliq qurami:** Amerika materigi ilimde aniqlangannan keyin bes a`sirlik tariyxi dawaminda materikqe juda ko`p ha`r qiyli xaliqlar kelip onin etnikaliq duzilisinin

tupten` o`zgeriwine sebep boldi. Xazir AQSh ha`m Braziliyada 100 den` artiq xaliqlar, qanada Meksika ha`m Argentinada 50-den ko`birek xaliq ha`m elatliqlar jasaydi. Alimlar Ha`zirgi Amerika xalqinin til jag`inan eki u`lken gruppaga boledi. kelgendi hind Evropa tilleri (tiykarinan ingliz, ispan, frantsuz) ha`m jergilikli indeets tilleri (maya, atsteq, aymara, kechua h.t.b.) Amerikadan zorliq penen keltirilgen ha`r qiyli xaliqlar bantu, yoruba xuasa h.t.b. materiktin etnikaliq quramina o`z ta`sirin o`tkizgen ha`zirgi Amerikanin ayirim ma`mleketlerinde negrler ko`pshilikti quraydi. Evropalilardin koloniyaliq siyasati natiyjesinde indeetslerdin ko`p a`sirlik etnikaliq barisi lingvistikaliq ha`m antropologiyaliq turmis jag`dayinda u`lken o`zgerisler juz berdi.

Kelgendi evropaliqlardin etnikaliq tariyxi ha`r qiyli bolip olar materiktin barliq qolayli jerlerine ta`rtipsiz turde ornalasadi. Da`slep Arqa Amerikaga Angliya Irlandiya ha`m Shotlandiyadan kele baslag`an. Kelgendilerdin ko`pshiligi rasaliq ayirmashiliqlarga itibar bermey jergilikli qa`wimler menen sem`ya qurg`an. XIX a`sirde evropanin` ko`pshilik ma`mleketlerinen keyin yaponiya ha`m qitaydan qele baslaydi. Evropalilar ko`binese AQSh ha`m Kanadanin` shig`is ha`m orayliq bo`limlerine ha`mde orayliq ha`m qubla Amerikaga ornalasqan. Yapon ha`m qitaylilar Tinish okean boylarina jaylasqan. AQSh xalqi qurama bolip onin tiykarg`i tili inglizshe. Tek g`ana 30 protsent xalqi o`z ana tilinde so`yleydi. Bir neshshe a`sirlik assimilyatsiya natiyjesinde ha`zirgi inglis tilinde so`ylewshi Amerika milleti qa`liplesken.

Ha`qimiyat basinda ulli evropalilar basqa adam turiwi biyqar etilgen`. Biraqta g`a`rezsizliq ushin gu`reslerden` keyin 1776-jili AQSh qonstitutsityasi qabil etilip jana payda bolgan shtatlar ha`kimlikti o`z qolina aladi. Rasalardin aralasiwi qoloniyaliq da`wirde baslanadi. Usinin natiyjesinde juda ko`p metisler payda boladi. Evropalilar menen negrler aralaspasinan payda bolgan «Mulat» dep atalgan. Olar negrler ko`birek ornalasqan rayonlarda targalgan. Vest Indiyada bunday a`wladlar arnawli terminler menen aytilgan. Orayliq Amerika, qolumbiya ha`m Eqvadorda indeets penen negrler neqesinen` payda bolganlardi «Sambo» dep atagan.

Bulardan basqa XIX a`sirdin` 30-jillari qulliq biykar etilgennen keyin Amerikag`a Hindistan ha`m qitaydan kontrakt tiykarinda jallanba rabochiylar kele baslag`an. Olardin` ko`pshiligi Vest Indiya ma`mleketlerine jaylasip jan`a etnik gruppalardin` qa`liplesiwine qatnasqan. Indeetslerdin ha`zirgi geografiyaliq jaylasiwi bir tegis emes. Arqa Amerikada eksimos indeetsleri ko`plep ornalassa, vest indiya, ha`m urugvayda sol indeetsler birotala joq bolip ketken. Latin Amerikasinda jaylasiwshi xaliqtin 11-protsenti metisler quraydi. Antropologiyaliq ha`m etnografiyaliq mag`liwmatlarg`a qaraganda Latin Amerikasinda sap evropoyd rasaga tan adamlar xaliqtin 5/1 bolimin quraydi.

Ha`zirgi da`wirde Amerikada barliq qauim ha`m xaliqlar millet bolip qa`liplespekte. Qubla Amerikanin rawajlanip qiyatirgan ma`mleketlerinde zamanago`y milletler payda bolmaqta. Amerikanin orayliq ha`m qubla zonalarindag`i ma`mleketlerdin tariyxiy ta`g`diri, tili, dini (katolik) ta`biyiy sha`rayati og`ada jaqin sol sebepli bul jerde xaliqtin` o`siwshiligi ogada tez pa`t penen

barmaqta. Arqa ha`m qubla Amerika arasinda sotsial-ekonomikaliq ha`m ma`deniy etnikaliq jaqtan o`zgeshelikler bar sonin` ushinda olardin demografiyaliq rawajlaniwi ha`r qiyli. 1960-jillari Arqa Amerika, latin Amerika xalqinin sani shama menen ten` bolsa, XX-a`sirdin` aqirina kelip Latin Amerikasinin xalqi Arqa Amerikaga qaraganda eki ese ko`beydi.

**Temani bekkemlewshi sorawlar:**

1. Amerikalilardin` kelip shig`iwi ha`m olardin` etnogenezi, etnik tariyxi?
2. Til klassifikatsiyasi?
3. Antropologiyaliq o`zgeshelikleri?
4. Xojalig`i, dini ha`m diniy da`stu`rleri?
5. Zamanagoy Amerika xalqi. Olardin` etnik qurami?

**A`debiyatlar**


Ashirov A., Atadjanov Sh. «Etnologiya». T-2007

Its R.F. Vvedenie v etnografiyu. L., 1974

Tokarev S.A. Istoki etnograficheskoy nauki. M. Nauka, 1978

Jabbarov.I. Jahon xalqlari etnografiyasi. T., 1996

Jabborov I. Jahon xalqlari etnologiyasi. T. «Yangi asr avlodi», 2005

Narodi mira. M-L., 1954-1966,t.1-13.

Bruk S.I Naselenie mira. M., 1981

A.P.Sadoxin. Etnografiya. M., 2002

Bromley Yu.V. Sovremennie problemi etnografii. M., 1981

**Tema: Evropa xaliqlarinin etnogenezi ha`m etnikaliq tariyxi**

**Jobasi:**

1. Evropa xaliqlarinin` etnogenezi ha`m etnik tariyxi.
2. Evropanin` roman-german ha`m anglo-saks xaliqlari.
3. Evropa bo`limindegi Shig`is Slavyan xaliqlari.
4. Volga-Kama boyi xaliqlari ha`m moldavanlar.
5. Kavkaz xaliqlari.

***Tayanish tu`sinigi***

*Evropa kolonizatsiyasi. Evropaliqlardin` kelip shig`iwi ha`m olardin` etnogenezi, etnik tariyxi. Til klassifikatsiyasi. Antropologiyaliq o`zgeshelikleri. Xojalig`i, dini ha`m diniy da`stu`rleri. Zamanagoy Evropa xalqi. Olardin` etnik qurami. Migratsiyaliq protsessleri. Ma`deniyatindag`i integratsiyaliq protsessler.*

**Evropa xaliqlari-** pu`tkil dun`ya ma`deniyati tariyxinda belgili orindi iyeleydi. Bul jerler en` a`yyemgi zamanlardin u`lken maden`iyat payda etqen` ayriqsha buring`i Gretsiya ha`m Rim da`wirlerinen` baslap dun`yaga taralgan bu`gingi Evropa ma`deniyatina tiykar salgan elatliqlardin qinlari. Bul jerlerdegi ma`deniy miyraslar ulli geografiyaliq ashiliwlardan keyin ha`m son`g`i renesans da`wirinde dun`yanin basqa materiklarine tarqaladi. Pu`tkil jer sharindag`i qurg`anliqtin r protsentin iyelegen Evropada shama menen 490 mln.g`a shamalas, yag`niy dun`ya xaliqlarinin we protsenti usi territoriyada jasaydi. Bul jerde Ha`zirgi waqitta 50 den artiq u`lken ha`m qishi xaliqlar belgili. Bulardin etnogenezi ha`m etnikaliq belgileri o`zine ta`n ta`biyiy geografiyaliq jag`daylarina baylanisli o`zine ta`n o`zgesheliklerge iye. A`yyemgi da`wirlerden Evropa adamzat jasiwi ushin qolayli sha`rayatqa iye. Onin basqa materiklerden parqi sonnan ibarat, ma`mleketler orninda ta`biyiy sho`listanliq ha`m tawliqlar joq. Bul jerler tig`iz xaliqtin ornalasiwi ha`m togayliqlar ha`m o`nimdarli topiraqlar arqali shegeralasqan. Evropanin arqa bolimi SHpetsbergen subtropika yamasa Arktika кen`ligine jetse qubla bo`limi krit atawina subtropik polyusqa (shama menen 5 min` km) taqaladi. Ken`ligi Batistan shig`isqa Pireney yarim atawinan Atlantika okeani jag`alarinan Balqan yarim atawi, qara ten`iz boylarina (3100 km) deyin sozilg`an. Etnografiyaliq jaqtan keyingi klassifikatsiyag`a tiykarlanip shet el Evropa tiykarinan 4-gruppaga bo`linedi.

1. Arqa Evropa (Finlandiya, Shvetsiya ha`m Norvegiya, Daniya ha`m Islandiya.

2. Shig`is Evropa (Pol`sha, GDR, ChSSR, Veengriya, Ruminiya, Bolgariya, Yugoslaviya, Albaniya).

3. Batis Evropa (Angliya, Irlandiya , Frantsiya, FRG, Bel`giya, Niderlandiya, Shveytsariya, Avstriya, Monoko, Lyuksemburg).

4. Qubla Evropa (Portugaliya, Ispaniya, Italiya, Gretsiya, Gibroltar, Mol`ta, San-Marina. Degen menen en` a`yyemgi ma`deniyat oshag`i Evropada emes, b.e.sh. M-V-III min`inshi jillari Arqa Afrika, qubla Aziya territoriyasinda payda bolgan. Usi waqitlarda Evropada an`shiliq ha`m jaylawshiliq penen shug`illaniwshi algashqi qa`wimler jasagan. Adamzat qubla Evropa ha`m onin orta boliminen` a`yyemgi da`wirlerden` baslap o`zlestire baslagan. keyingi da`wirlerde o`tqizilgen` izertlewler

ko`pshiliq Evropa ma`mleketleri erte poleolit da`wirinde adamlar jasaganin qo`rsetedi. ko`pshiliq Evropa ma`mleketlerinde erte poleolit da`wirleri baslap adamlar jasagan. Frantsiyadag`i o`n`girlerden` tabilgan tas qurallar, arxeologlardin ta`riplewinshe, bul jerde izli-izinen` poleolit ma`deniyati qa`lipleskenligin tastiyiqlaydi. Maselen, shel`, ashel` ha`m must`e tomen`gi poleolit maden`iyatlarina tiyisli (b.e.sh. 400-300 min` jillar) geydel`berg ha`m isandertallar jasaganlig`i, keyingi da`wirde Orin`yak, sol`yutre, madlen` joqari poleolit ma`deniyatin payda etqen` qa`wimlerdin jasaganlig`in sipatlap ko`rsetti. To`mengi poleolit ma`deniyatin do`retken geydel`berg ha`m Ieondertal` dep atalgan mag`liwmatlar ele ha`zirgi zaman adami darejesine jetpegen bolsa, keyingi joqari poleolit ma`deniyatin payda etkqenler, aqilli adamlar darejesine ko`terilgen. Bulardin keyingi qinlari pu`tkil Evropaga tarqalgan. Olardi Antropologiyaliq jaqtan Ha`zirgi Evropaliqlarga jaqin qromen``on Rosasi tipi dep ta`riplen`edi. Demek ha`zirgi Evropa xaliqlarinin ata-babalari shama menen bunnan e0-min` jillar burin payda bolgan bazibir izertlewlerdin ko`rsetiwinshe Evropanin qubla rayonlarini antropogen`ezge (adam watanina) qiredi.

B.e.sh. 2-min`inshi jillardan baslap pu`tkil Evropa materiginde hind-Evropa tillerinde soyleytugin qa`wimler tarqala baslaydi. Olar aqirin qublada Balqan yarim atawin ha`m krit atawin keyin (B.e.sh. I-min`inshi jillarda) Italiyanin ko`pshiliq bolimin iyeleydi. En` u`lken tolqin (qel`t qa`wimleri) Batis Evropaga jetip Ha`zirgi Frantsiya ha`m Belgiyaga jaylasqan. Pireney yarim atawina kelgen` qel`tler iberlar menen aralasip «qel`tiber» xalqina tiykar salgan. Britaniya atawin iyelegen` hind-Evropa tilleri B.e.sh. II-I jillarda pu`tkil Evropaga tarqalgan. Biraq bul tillerdin tiykarg`i kelip shiqqanlig`i qanday eqen`ligi xazirshe ma`lim emes. keyingi xaliqlardin ulli ko`shiwi da`wirinde shet el Evropa xaliqlari ja`nede ko`birek aralasip ketken. Shig`istan ko`ship kelgen gu`nilar avarlar, bolgar ha`m ven`gerler jergiliqli xaliqlardi ha`reketke keltirgen. Usi da`wirde german qa`wimleri batis ta`repke jiljip кen` territoriyada jaylasqan.

Dnepr ha`m visla do`gereklerinde jasagan slavyan qa`wimleri Balqan yarim atawina ha`m shig`is Evropaga ko`ship kelip ornalasqan. Bul etnikaliq o`zgesheliq barisi keyinde dawam etip Ha`zirgi Evropa xaliqlarini qaliplesiwine tiykar salgan.

Evropa xaliqlarinin ko`pshiligi hind- evropa-slavyan, german, roman ha`m qel`t tillerinde soyleydi. Slavyan til toparina batis slavyanlardin chexlar, slavaqlar, polyaqlar ha`m qubla slavyanlardan serblar, bolgarlar xorvatlar, slavyanlar, chernogorlar, moкedonyaliqlar ha`m bosкiyler кiredi. Roman til toparina qubla ha`m batista jasawshi ital`yanlilar, frantsuzlar, valonlar, ispanlar, portugallar ruminler qiredi. A`yyemgi da`wirlerde кen` tarqalgan qel`t tilinde soyleytugin xaliqlardin qinlari hazir teк Irlandiya , Shotlandiyanin ayirim jerlerinde, Angliya ha`m Frantsiyanin Breton yarim atawinda jasaydi. qel`tlerdin ko`pshiliq bolimi Rim imperiyasi hu`kimdarliq etqen` da`wirde roman tilleri menen aralasip keyinireq german qa`wimlerinin` tarqaliwi menen german tiline sinisip ketken.

German xaliqlarina nemetsler, avstriyaliqlar gollandlar, flamandlar, shvedler, norvegler daniyaliqlar, ispandlar, inglisler shvetsariyaliqlardin ayrim bolimleri qiredi. Hind-evropa tillerinde greqler ha`m albanlilarda soyleydi.

Vengerler yamasa mad`yarlar, finnler, soamlar ha`m loparlar finno-ugor til sem`yasina qiredi. Balqan yarim atawinda jasawshi tu`rkler ha`m gagauzlar ese tu`rkiy tillerinde soyleydi. Biraqta Mal`ta atawinda arab tili saqlangan.

Batis slavyanlardin polyaкlar X-a`sirlerge kelip polyaqlar, vislyanner, pomorlilar, mazovsha ha`m silezinlerden` duzilgen` ma`mleket territoriyasinda xaliq sipatinda qa`liplesken. Usi da`wirlerde ulli moraviya qnyazlig`i shegarasinda chex, slavaq, morava qa`wimleri birigip ha`zirgi Chexoslavakiya xaliqlarina tiykar salgan edi. Biraq XI-a`sirde slavaklar Venger ma`mleketinin quramina qirgiziledi ha`m XX a`sirge deyin olarg`a boysingan. Chex ha`m Morava qa`wimleri biriqpesinen` duzilgen` chex xalqi XIII-XVI a`sirlerde nemetslerdin кoloniyasina aylanadi. XVII a`sirden` baslap Avstriya ma`mleketine quramina kiredi. Usi da`wirlerde olarg`a kolonizatorlar nemetslestiriw siyasatin a`melge asira baslaydi ha`mde 1918-jili chexoslavakiya ma`mleketi payda boladi.

Ha`zirgi Bolgar xalqi V-VI a`sirlerde Balkanga kelgen qubla slavyan qa`wimleri menen jergilikli frokiy xalqi ha`mde VII-a`sirlerde shig`istan basip kirgen ha`m o`z atamasin bergen turkiy tildegi ko`shpeli bulgarlardin aralasiwi natiyjesinde payda boladi.

Yugoslaviya xaliqlarinin` slavyan ata-babalari VII-a`sirlerde juda qen` territoriyada -qara ten`iz jagalawlarinan Adriotikaga deyin jaylagan olar a`yyemgi jergiliqli Illiriya ha`m Froniyaliq rolin xaliqlari menen ha`r qiyli tariyxiy sebepler menen aralasip ketken. Yugoslaviya xaliqlari jiyi-jiyi Vizantiya, Ven`griya, Avstriya tu`rkiya ma`mleketleri ta`repinen basip alinadi. Tek 1918-jili Yugoslaviya g`a`rezsiz ma`mleket bolip birigedi.

Ha`zirgi en` u`lken milletlerden` esaplangan nemetslerdin etnogenezine a`yyemgi xaliqlar kel`tler, soqs bavar, tyuring, gess, fronn siyaqli qa`wimler a`hmiyetli rol` oynaydi. X-a`sirde nemetsler qol astina o`tken Oder ha`m El`ba da`r`yalari boylarinda jasawshi slavyanlar ha`m nemetsler menen aralasip o`z ma`deniy ta`sirin o`tkizgen.

Orta a`sirlerde to`men jag`dayda jasagan nemets xalqi o`zine ta`n ma`deniyat jaratqan. German tiline jaqin inglislerdin kelip shig`iwinda da`slep Britaniya atawina ko`ship kelgen kel`tler eramizdin I-shi min` jillig`i ortalarinda jaylasqan ko`p sanli german qa`wimleri anglosakslar yuta ha`m frizler, keyinirek qosilgan daniyaliqlar, norvegler ha`m ayriqsha frantsuzlasqan normanlar belgili orin iyeleydi.

Frantsuz xalqinin qaliplesiwinde ha`m qel`t tilinde so`yleytugin bulgar tiykarg`i rol` oynagan. Olar eramizdan buring`i I-a`sirlerde rimlikler ta`repinen basip aling`an ha`m romanlastirilg`an. Keyin vestgot, burgund ha`m fronk siyaqli german qa`wimleri frantsuz xalqinin a`hmiyetli komponenti bolip roman xaliqlari menen aralasip ketken ha`mde frank qa`wimlerinin` frantsuz xalqinin ati kelip

shiqqan. Italiya xalqina da`slep B.e.sh. I min`inshi jillarda Apenin yarim atawina kelip jaylasqan qa`wimleri ayriqsha latinlar tiykar salgan. Rim imperiyasi ulagannan keyin V-a`sirlerden` baslap bir neshshe juz jillar dawaminda varvar qa`wimleri basip qeledi ha`m rawajlangan maden`iyatli italyalilarga qosilip aralasip ketken. Pireniy yarim atawinda en` a`yyemgi xaliqlar «iber»lar ha`m «bosk»lar jasagan. Olar b.e.sh. I-min`inshi jillarda kelgen qel`tler, keyinsheliq rim imperiyasi basip algannan son` latin tilinde so`yleytugin elatliqlardin` aralasiwi na`tiyjesinde Ha`zirgi ispan ha`m portugal xaliqlari payda boladi.

Ha`zirde Pireneyda frinilarda ayirim jerlerinde jasawshi a`yyemgi xaliqlardin o`z tillerin saqlap qalgan. Olar o`zine tan ona tilinen` basqa qaysi ma`mlekette jasasa sol ma`mlekettin tilinde toliq iyelegen`. Ha`zirgi da`wirde bul jerde 60 qa jaqin etnoslar jasaydi. Olardan 38 i bir millionnan aslam xaliqqa iye shet el Evropa xaliqlari basqa materiklerge qaraganda milliy jaqtan aldinraq qaliplese baslagan. XIX-a`sirdin` ortalarina kelip ko`pshiliq xaliqlar millet sipatinda o`zinin milliy ma`mleketi ha`m shegarasina iye bolgan. Xazir Evropa xalqinin yarimina jaqini bir milletliq yag`niy 90 protsenti o`zinin ma`mleketinde jasaydi. Ayirim ma`mleketlerde mayda milletlerdin ayrim gruppalari jasaydi, bazi bir ma`mleketler, maselen` Yugoslaviyada serbler, xorvatlar, chernogorlar bosqiylar, slavaklar, makedonliqlar, albanlar vengerler, Belgiyada flomondlar ha`m vallonlar. Ulli Britaniyada inglizler shotlandlar, irlandlar uel`sqliqlar, gollar, chexoslovakiyada chexlar ha`m slavaklar, ispaniyada ispanlar, katolonliqlar, nalsibiylar, basqalar h.t.b. jasaydi.

Shet el Evropanin ma`mleketlerinin shegaralas rayonlarinda aralas etnik gruppalar, ko`p milletli oblastlarda ushiraydi. Evropanin 90 protsenti hind evropa tillerinin wa`qilleri bolip, olar til sem`yalarina german, roman, slavyan ha`m qel`t tillerine bolinedi. Bul tillerdin en` u`lkeni 17 xaliqtan ibarat german gruppasi bolip onda 178-mlnnan aslam xaliq soyleydi bul bir neshshe payda tarmaqlarga bo`linedi. Roman til gruppasina qiretugin xaliqlar tig`iz jaylasip olardin uliwma sani 177 millionnan aslam. Slavyan tilinde soyleytug`in 11- xaliqtin sani shama menen 79 mln adam. Juda az xaliqqa iye bolgan Kel`tler 7,5 million adamdi qurap bular en` a`yyemgi Evropa xaliqlarinin qinlari esaplanadi.

Hind-Evropa til sem`yasina qiretugin a`yyemgi frokillalardan qinlari esaplangan albanlar antiq da`wirde yunonlar menen orta a`sirlerde orqadan ko`ship kelgen` slavyanlar ha`m albanlar menen aralasip ketken Ha`zirgi greqler (9 mln artiq) g`a`rezsiz gruppalarga ajiralip tilinde ha`m trmis tu`rzinde o`zine ta`n o`zgesheliqlerdi saqlap qalgan. Pu`tkil Evropaga mayda gruppalarga bolinip tarqalgan lwliler tiykarinan X-XII a`sirlerde hindistannan ko`ship kelip Evropanin turli ma`mleketlerinde jaylasqan.

Evropa ma`mleketlerinde jasawshi yaxudiylar tiykarinan o`zinin jasagan ma`mleketinin tilinde soyleydi, diniy ibadat etiwde a`yyemgi yxudiyler tilinen` paydalanadi. Basqa til sem`ya wa`qillerinen` uval tili sem`yasina tiyisli q xaliq finler, ven`gerler ha`mde ko`shpeli popar (saam) lar tu`rkiy

gruppasina tiyisli Balqan yarim atawindag`i tu`rkler ha`m gagauzlar o`z tillrinde soyleydi. Biraqta olardin tilinde ital`yan ha`m inglis so`zleri ko`p ushyraydi.

Evropada a`yyemgi da`wirlerden` jergiliqli ta`biyiy sharayatqa qa`liplesken evropaliq rasaliq ha`r qiyli tipleri jaylasqan, keyinreq evropaga mongollardin qirip qeliwi menen ayirim etnoslarda mongoloid rosanin belgileri o`z ta`sirin tiygizgen`. Bug`an Skandinaviyada jasawshi mongolloid belgilerine iye bolgan loparlar misal bola aladi.

Negroydliq rasa wa`killeri payda bolip olar jergiliqli xaliqlar menen aralasip ketken. Buring`i awqam ellerinin Evropa bolimlerindegi shig`is slavyan xaliqlari Shig`is slavyan ellerine tiykarinan ruslar, ukraynlar ha`m beloruslar qiredi. Slavyanlardin ayrimlari AQSh, qanada ha`m batis evropa ma`mleketlerinde jasaydi. Slavyanlar u`lken evropaliliq rasaga tan bolip, onin o`z-ara ha`r qiyli tillerine qiredi. Maselen qubla Uqrayna ha`m qara ten`iz boylarinda jasiwshi xaliqlar qara shashli ha`m qara qo`zli bolip atlanta qara ten`iz tipine, shig`is evropa tegisliginde jasawshi rus, uqrain ha`m beloruslar malle ren` rasa tiplerin duzse, arqa rayonlarda jasawshi xaliqlar baltiqa tiline, shig`is oblastlarda jasawshi ruslarda mongoloid belgileri biraz seziledi.

Shig`is slavyan til toparina kirgen rus tili eki bolimge q) shig`is rus, w) qubla rus. Ukrain ha`m Belarus tilleride rus tiline juda jaqin, u`shewide hind-evropa til sem`yasinin slavyan toparinin shig`is slavyan shaqapshasina qiredi.O`zlerinin kelip shig`iwi, tili ha`m ma`deniyati menen shig`is slavyanlar Evropadag`i batis ha`m qubla slavyanlar menen ko`p uliwmashiliqqa iye. Ha`zirge deyin olardin etnogenezinin en` a`hmiyetli ha`m da`lillenbegen mashqallari menen toli. Sonin ushinda ha`zirge deyin uliwma slavyanlardin kelip shig`iwi toliq aniqlanbagan.

Arxeologiyanin izertlewlerge qaraganda slavyanlardin etnogenezi b.e.sh. III-II min`inshi jilliqlarda Orayliq, Arqa ha`m Shig`is Evropada payda bolgan hind- Evropa qa`wimleri menen baylanisli. Slavyanlardin a`yyemgi ma`kanlari orta dnepr boylari ha`m joqari Dnepr, arqada Karpat boylari ha`m Volga boylarinda jaylasqan. Da`slep shig`is slavyanlar qara ten`iz arqasinda jaylasqan «antlar» atamasi menen tilge alinadi. keyinireq slavyan qa`wimleri bir qansha aqtiv ra`wishte do`gerek-a`tirapqa ko`ship Evropanin ko`pshiliq bolimine tarqalgan.

B.eramizdin I-min`inshi jillari shig`is slavyanlar shig`is evropaga jaylasa baslaydi. Qubla ta`repke ko`ship olar Dnepr boylap Dunay a`tiraplarindag`i u`lken territoriyalardi iyelep algan. Arqa-batis ta`repke ko`shken bolimi letto-litva qa`wimleri il`man ha`m gud ko`llerine jetip Volga-ona da`r`yasi ortalarindag`i otiriqshi bolip jaylasqan.Bizin eramizdin I-min`inshi jillardin basinda juda qen` territoriyada rus jilnamalarinda tilge alingan a`yyemgi qauim toparlarinin (pol`yaqlar, drevlyanlar, radimiglar, vyatichlar, slavyan h.t.b.) birigip a`yyemgi rus xalqi payda boladi. Bul baris aqibetinde pu`tkil shig`is slavyanlardin a`yyemgi rus ma`mleketi qiev rusi do`geregine biritiredi. Usi da`wirde Dnepr boyinda jaylasqan rus yamasa ros qauim awqami qiev ma`mleketinin payda boliwinda tiykarg`i rol` oynagan. Bul qa`wimlerdin ati jergiliqli Ros da`r`yasi ati menen baylanisli bolip, rus xalqinin

atida usidan kelip shiqqan ha`m boljawlar bar. a`yyemgi rus xalqi o`zinin uliwma tili, ma`deniyati, jaziwi ha`m a`debiyatina iye bolgan.

Orta a`sirlerdegi o`z-ara urislar mongol basqinshilig`i rus xalqinin qaliplesiwine irqinish jasadi. XIV a`sirden` baslap a`yyemgi rus elati a`tirapinda rus, uqrain ha`m belorus xalqi qaliplese baslaydi. keyinirek Mosqva knyazlig`i a`tirapina ja`mleksken rus xalqi oraylasqan ma`mleketke iye bolip, XVI-XVII a`sirlerden baslap mosqvanin siyasiy ta`siri qu`sheyip, az xaliqqa iye bolgan arqa ha`m qubla rayonlarga, Ural ha`m Sibir` ta`repqe u`zliksiz basip qirip o`zinin etnik territoriyalarin bir qansha qen`eytti. Ruslar keyin Volga boyi ha`m Arqa kavkazdi XVIII-XIX a`sirlerde Baltik boyi, qara ten`iz boylarin, Zakavkaz`e, Orta Aziya, Qazaqstan ha`m Uzaq Shig`is rayonlarin o`zine qaratip ruslardin ko`pshilik bolimi usi territoriyalarga ko`ship barip jergiliqli xaliqlar menen aralasip xojaliq ha`m ma`deniy jaqtan o`zgerisler alip keledi.

Buring`i awqamnin Evropa bolimindegi slavyan emes xaliqlardin etnogenezi ha`m etnikaliq tariyxi Slayan emes xaliqlar Baltiq boyi, orta povol`je qama, Volga boyilarinda jasaydi. Olar shig`is slavyanlar menen qon`si turganlig`i sebepli o`z-ara uliwmaliq belgilerge iye.Antropologiyaliq jaqtan slavyan emes xaliqlar tiykarinan u`lken evropoid rasasinin turli tiplerine qiredi. Biraqta Volga boyi xaliqlar- mariylar, udmurtlar, chuvachlar tatar ha`m bashqirlar loparlardin bir boliminde mongoloid rasasinin belgileri seziledi.

Til jag`inan slavyan eme xaliqlar bir neshe gruppaga bolinedi, en` ko`bi finn-ugor toparina tiyisli fin tilinde soyleytugin estonlar, qorellar, livlar, vepslar, saamlar udmurtlar, mordvalar, qomi-permyaqlar. Litva latish xaliqlarinin tilleri hind-evropa til sem`yasinin arnawli letto-litva shaqapshasina, moldavanlar roman til toparina tiyisli. Bul jerde tu`rkiy tilde soyleytugin xaliqlar chuvashlar, tatarlar, bashqirlar, gagauz ha`m qara imlar jasaydi. Qalmaqlar Altay til sem`yasinin mongol shaqapshasina kiredi. Bul xaliq ha`m elatlardin etnogenezi ha`m etnik tariyxi ha`r turli, olardin ishinde tariyxiy etnik ha`m ma`deniy jaqtan uliwmaliq belgilerge iye bolgan Baltik boyi xaliqlari ajralip turadi. Baltiq boyinda tiykarinan 3- xaliq jasaydi, litvaliqlar (o`z ati listuvyan) latishlar ha`m estonlar Baltiq boyi xaliqlari o`z respubliqasinan tisqari uqrain avxaziya psqov Belorussiya ha`m Rossiyanin arqa-batis boliminde AQSh qanada, Latin Amerikasi Avstraliya ha`m Pol`shada jasaydi.

Baltiq boyina adamlar en` a`yyemgi da`wirlerden` kelip jaylasqan. Bronza da`wirinde-aq Ha`zirgi latviya territoriyasina qubladan a`yyemgi ata-babalari letgollar, sellar, zemgollar ha`m qursheylar kelip tariyxiy jaqtan ele aniqlanbagan jergiliqli elatliqlar menen aralasip ketken. Latish xalqinin qaliplesiwi XII-XIII a`sir baslarindag`i nemetslerdin basip aliwi sebepli toqtap qalgan ha`m XVI-a`sir baslarina kelip xaliq bolip qaliplesiwi tamamlangan. 1940-jili latviya buring`i SSSR quramina qosip alinadi. A`yyemgi etnikaliq gruppalardin latchallar o`z ma`den`iy turmis o`zgesheliqlerin saqlap qalgan. Latishlar menen toliq aralasip ketken mayda etnik gruppa-livlar ku`ndelik turmista eski tilinen paydalanadi. Litva xalqinin a`yyemgi ata babalari iyamunas ha`m Daugava da`r`yalari jagalarina

b.e.sh. II- min`inshi jilliqtin qirip kelgen` turli baltiqa qa`wimlerinen` ibarat bolgan. Hasli litva etnosi IX-XII a`sirlerde qaliplese baslagan ha`m onin qaliplesiwinde joqarida aytilgan qa`wimlerden` basqa litva yamasa auqshtayt elati, jemayte, skol`va, kadrova, kursheylar ha`m zemgallar qatnasqan. XVII a`sirdin aqirinda litva territoriyasinin tiykarg`i bolimi Rossiyag`a qosiladi. 1940-jili litva buring`i SSSR quramina qosiladi. Latviyanin arqasinda a`yyemgi da`wirlerden baslap eston xalqinin ata-babalari rus jilnamalarinda tilge alingan chud` atamasin dag`i finn tilinde soyleytugin qa`wimler jasagan. Olar Ha`zirgi estoniya territoriyasinda b.e.sh.II-min`inshi jilliqta payda bolgan. Keyinirek Baltika, Skandinav qa`wimleri, I-min`inshi jilliqtin aqirinda shig`is slavyanelemen`tleri kelip aralasip eston xalqinin negizin duzgen`. Eston xalqinin etnogenezi jaylasqan setu yamasa setikez atli etnografiyaliq gruppala xazirge deyin ajiralip turadi. XIII a`sirlerdegi nemets basqinshilarina qarsi azatliq gu`resi milliy birlesiw barisin ku`sheytti. 1710-jildag`i Arqa urisinan keyin estoniya rossiyag`a qosilip eston milleti qa`liplese baslag`an.

Baltik boyi xaliqlarinin ma`deniy turmisinda, materialliq ha`m ruwxiy ma`deniyatinin qaliplesiwinde bir ta`repten` shig`is slavyanlardin ekinshi ta`repten basitag`i qon`silari nemets shvets siyaqli german qa`wimlerinin` ta`siri o`tken. XIII-a`sirde litva ulli qnyazliginin payda boliwi ha`m ogan shig`is slavyan jerlerinin bir boliminin o`tiwi natiyjesinde ha`tte u`sh a`sir dawaminda rus tilin ma`mleket tiline aylandirgan edi. keyin litvanin Pol`shaga qosiliwi natiyjesinde bul jerde polyaklardin ta`siri ku`sheyedi ha`m katolik dini tarqaladi. Buring`i awqamnin evropa bolimindegi arqa xaliqlari Buring`i awqamnin evropa boliminin arqasinda a`yyemgi ruslardan basqa qorslar, vepsalar, saamlar, nomi-permyaqlar ha`m nemetsler jasaydi. Olardin ishinde antropologiyaliq jaqtan saamlar (poplar) aralas mongoloid rasaga, qalgan barliq etnoslar evropoid rasaga qiredi.

Koreliya oblastinda 137-min`nan aslam koreller jasaydi. Rus jilnamalarinda qorela ati menen tilge alingan korellerdin ata-bablari IX-a`sirlerde podoga ko`linin batis boylarinda jaylasqan. Olar XI-XII a`sirlerdi ha`zirgi koreliya oblastinin batis bolimin iyelegen keyin arqa ha`m shig`is ta`repke tarqalgan ha`m jergilikli vepslar menen aralasip ketken. XII a`sirde koreller rus ma`mleketine qosilip ruslardin ta`sirine o`tken. qorel xalqinin qaliplesiwi XV a`sirden` baslap XIX a`sirge deyin dawam etedi. Tili ha`m ma`deniyati jag`inan qorellarga jaqin ven`sa xalqi a`yyemgi ves` atli fin qa`wimlerinin` qinlari. Saamlardin shig`istan kelgen da`slepki mongoloid tilindegi ata- babalari ural tilinde so`ylegen.

Olar bul jerde neolit da`wirinde qen` territoriyaga tarqalgan jergilikli fin qa`wimleri menen aralasip mopor tili ha`m o`zine tan mongoloid antropologiyaliq tilin payda etken. Ha`zir arqa evropanin kol`sk yarim atawinda arqa skandinaviyada da`slep ko`shpeli turmis keshirgen eki min`day moporlar jasaydi. Finn til toparina qirgen` udmurt, qomi, Mordva ha`m moriylerdin a`yyemgi ata-babalari b.e.sh. III-II min`inshi jilliqlarda shig`istin Volga qoma boylarina kelip jaylasqan, olardin bir bolimi Eston liva ha`m qorelofinlar b.e.sh. II-I min`nshi jillarda Baltiq boyi ha`m qoreller ta`repke o`tip ornalasqan. Bizin eramizdin baslarina kelip joqarida atalgan xaliqlar etnikaliq gruppa sipatinda

qa`liplese baslaydi. Vyatqa ha`m koma da`r`yalari aralg`inda jaylasqan qa`wimler udmurt xalqina tiykar salgan. B.e.sh. I-min`inshi jilliqlarda joqari qoma ha`m Vichegda basseyninde finno-ugor qa`wimlerinen komiziryak etnosi duziledi. Pegora ha`m vichegda basseyinde jergiliqli qa`wimler menen aralasip ketken perm` qa`wimler birikpesi tiykarinda komi-permyaklari payda bolgan, olardin jaylasqan territoriyasi ulli Perm` dep atalgan. XIV-XV Komi ziryan ha`m Komi-permyaklar Moskva ma`mleketine qosiladi, usi da`wirden baslap bul etnoslarda ruslar menen jaqin baylanis ornatip rus ma`deniyati ken` tarqalgan.

**Volga-koma boyi xaliqlari:** Evropadag`i slavyan emes xaliqlardan orta Povolj`eda ha`m qama boyinda jaylasqan udmurtdlar, mariylar, mordvlar, chuashlar, tatar ha`m bashqirlar o`zine tan tariyxiy etnografiyaliq rayondi duzgen`. Antropologiyaliq jaqtan bul xaliqlar u`lken evropoid ha`m mongoloid rasasinin turli tiplerine tan. Til jag`inan barliq Volga-qoma xaliqlari eki gruppaga bolingen`. Udmurt-mariy ha`m mordvalar finno-ugor gruppasina, chuvash tatar ha`m bashqirlar altay sem`yasinin tu`rk gruppasina qiredi.

X a`sirde a`yyemgi udmurdlardin etnikaliq duzilisinde Volga-qoma bolgarlari belgili ta`sir ko`rsetken. qwey-j keyin mongol-tatar basqinshilari basip olardi ha`m XVI a`sir ortalarinda bir bolimi rossiyaga, qubla bolimi qazan` xanlig`ina o`tedi. 1558-jili udmurd elati rossiya ma`mleketine qosilip udmurd xalqi qaliplese baslaydi. Mariy xalqi bizin eramizdin baslarinda da`slep orta volganin sho`l zonalarinda Vetluga ha`m Vyatqa da`r`yalarinin aralig`inda jasagan qa`wimlerden kelip shiqqan.

Olar a`ste-aqirin shig`is rayonlarga jiljip ha`zirgi territoriyasin iyelep algan. keyingi etnikaliq tariyxinda mariylar u`sh gruppaga bolinedi. Volganin qurg`an tawli jerlerinde jaylasqan mariylar, shep qurg`anliqtag`i tegis otlaqli jaylawlardag`i mariylar ha`m shig`is ta`repindegi qon`si Bashqirstan, Tatarstan ha`m Udmurdstan, Gor`qiy, Perm oblastlarindag`i mariylar, mordva xalqi mayda gruppalarga bolinip o`zinin respubliqasinan basqa uzaq shig`is orta aziya ha`m Volga boylarinda rossiya federatsiyasindag`i bir qatar oblastlarda jasaydi. Mordva qa`wimleri tiykarinan oqa ha`m orta volga da`r`yalari aralig`inda jaylasqan. Olar XII a`sirden` baslap ruslar menen baylanis ornatip turgan. Ha`zirgi mordva xalqi eramizdin baslarinda eki u`lken qa`wimler awqami esaplang`an batistag`i moqsha ha`m shig`istag`i erzya etnik gruppalari birikpesinen` qa`liplesedi.

Volga boylarindag`i turkiy xaliqlardin etnogenezi ha`r qiyli ha`m aralasip ketken. Orta volga boyi ha`m onin` qubla rayonlari uzaq da`wir ishinde bir neshshe ma`rte finn tillerindegi qa`wimler menen kelgindi hind evropa tillerindegi sqiflar, olonlar ha`m basqa qa`wimler, keyinirek tu`rkiy elatliqlar menen aralasip ketken. Tu`rkiy qa`wimler III-IV kele baslag`an olardin qeliwi shig`is evropa gunqlarinin basip qiriwi menen baylanisli bolgan. Volga boyi ha`m Ural eteqleride jaylasqan tu`rkler jergiliqli finno-ugor xaliqlarnin ma`deniyatina qabil etqen` ha`m olar menen aralasip ketken en` u`lken tu`rkiy ag`imlar bolgan tu`rk-qag`anlig`i V-VII a`sirlerde Volga ural rayonina bastirip qirgen`, olardan keyin VII-VIII a`sirlerde arqa qavqazdan kelgen` bolgarlar basip kirgen. Olar volganin shep

ta`repindegi qurg`anliqlardin ayrim bolimlerin, kama boylarina deyingi territoriyani iyelep jergiliqli tu`rk ha`m finno- ugor qa`wimleri menen aralasip X-a`sirde Volga bolgariyasi atli da`slepki feodal ma`mleketin payda etken. !tiraptag`i qon`si elatlarg`a o`zinin siyasiy ekonomikaliq ha`m ma`deniy ta`sirin o`tkizgen Volga bolgariyasi XIII-a`sirde mongol tatarlari ta`repinen basip alinip, quwqinliqqa ushiragan bolgarlardin ko`pshiliq bolimi volga boylap arqaga ko`shiwge ma`jbu`r boladi. Olar tawli mariylar ha`m basqa jergilikli qa`wimler menen aralasip chuvash xalqina tiykar saladi. Chuvash etnonimi ha`m bolgarlardin qauimliq awqamlarinin biri bolgan suvorlar yamasa suvazlar ati menen baylanisli. XV a`sirdin` ekinshi yariminda chuvash jerli qazan` xanlig`ina qosilgan. Chuvash xalqinin etnikaliq qaliplesiw barisin u`lkenin 1551-jili rus ma`mleketine qosilgannan keyin ku`sheyedi.

Volga boyi qazan tatarlarinin kelip shig`iwinda bolgarlar ha`m jergiliqli mariy, mordva, udmurdlardin ata-babalari belgili rol` oynagan. XV-a`sirde Altin Orda qulap qazan` xanlig`i payda bolgannan keyin etnikaliq topar onda qipshaqlar hu`qmdarliq ete baslaydi ha`m aqibetinde bolgar tili qipshaq tilin sig`ip shig`arip tatar etnosina tiykar salinadi. Tatar so`zi da`slep VI-IX a`sirlerde payda bolip Baykaldin` shig`isinda jaylasqan mongollardin en` u`lken qa`wimlerinin` biri atamasi menen baylanisli shin`g`isqan ha`m onin miyrasxorlari da`wirinde tatar ati menen qara-ten`iz boylari ha`m qaspiy dalan`liqlarindag`i elatliqlar ha`m qa`wimlerdi atag`an. Ha`zir tatarlar u`lken milletlerden` bolip tatarstan respublikasinin` basqa buring`i awqam ellerinin` ko`pshilik bo`liminde jaylasip olar o`z-ara bir birinen ajiralip turatugin etnografiyaliq gruppalardi duzgen. Bashkirlardin kelip shig`iw ma`selesi ele toliq aniqlanbag`an, ayrim alimlardin` ta`riplewinshe bashkir xalqinin etnogeneznde tiykarg`i roldi IV-a`sirlerden` baslagan. Ulli ko`ship qoniwlar da`wirinde kelgen` turkiy qa`wimler oylagan ayrim izertlewshilerdin pikirinshe bashkirlerdin` qaliplesiwinde tiykarg`i komponentti jergilikli finno-ugor qa`wimleri duzgen. Bashkir xalqinin qaliplesiwinde jergiliqli iran tillerindegi sarmatlar ha`m ha`r qiyli finno-ugor qa`wimleri menen bir qatarda ural eteqlerine X-a`sirlerde kelgen` tu`rkler belgili rol` oynagan. Olardin etnogenezine biraz keyinireq payda bolgan og`uz-pecheneq qa`wimleri, volga-qoma bolgarlari qipshaqlar son` mongollar qatnasqan. Altin orda qulag`annan keyin bashqirlar qazan nogay, sibir` son` rossiya qol astina o`tedi. Xazir bashqirlar o`z respubliqasinan basqa qon`si oblastlarda ko`plep jasaydi.

Buring`i awqamnin qubla-batisinda jaylasqan moldavanlarda o`zine tan ma`deniyatqa iye. Olardin kelip shig`iwinda arqa balqan yarim atawinda ha`m karpat tawi eteqlerinde a`yyemgi da`wirlerde jasagan fronqo-daqiy qa`wimleri negizinde payda bolgan voloxlar menen baylanisli bolip, tili Rim imperiyasi da`wirinde romanlastirilgan. VI a`sirlerde moldavanlardin etnogenezinde turli slavyan toparlari da qatnasqan. Bul belgiler olardin tilinde, turmis ma`deniyatinda tren` iz qaldirgan moldavan xalqin payda etedi.

IV a`sirdin` I yariminda prut da`r`yasinin batis ha`m shig`is bolimindegi jerlerdi orap algan moldava qnyazligi duzilgennen` son` moldavan etnosinin qaliplesiw barisi tamamlanadi. XIX a`sir

baslarinda moldaviyanin bir bolimi prut ha`m dnestr ortalig`indag`i Bessorobiya osman imperiyasi quraminan azat etilip Rossiyaga qosilgan. I-shi Dun`ya juzliq uristan son` Bessorabiya Ruminiya ma`mleketinin quramina, ol 1940-jili Qitaydan buring`i awqam ellerine qosilgan.

**Temani bekkemlewshi sorawlar:**

1. Evropa xaliqlarinin` etnogenezi ha`m etnik tariyxi?
2. Evropanin` roman-german ha`m anglo-saks xaliqlari?
3. Evropa bo`limindegi Shig`is Slavyan xaliqlari?
4. Volga-Kama boyi xaliqlari ha`m moldavanlar?
5. Kavkaz xaliqlari milliy u`rip-a`detleri, da`stu`rleri?

**A`debiyatlar**


Ashirov A., Atadjanov Sh. «Etnologiya». T-2007

Its R.F. Vvedenie v etnografiyu. L., 1974

Tokarev S.A. Istoki etnograficheskoy nauki. M. Nauka, 1978

Jabbarov.I.  Jahon xalqlari etnografiyasi. T., 1996

Jabborov I. Jahon xalqlari etnologiyasi. T. «Yangi asr avlodi», 2005

Narodi mira. M-L., 1954-1966,t.1-13.

Bruk S.I Naselenie mira. M., 1981

A.P.Sadoxin. Etnografiya. M., 2002

Bromley Yu.V. Sovremennie problemi etnografii. M., 1981

**Tema: Afrika xaliqlari etnologiyasi**
**Jobasi:**

1. Afrikanin` etnik ta`riypi.
2. Arqa Afrika xaliqlari.
3. Batis ha`m Orayliq Afrika xaliqlari.
4. Shig`is ha`m qubla Afrika xaliqlari
5. Afrika xalqlarinin` materialliq ha`m ruwxiy ma`deniyati.

*Tayashish tu`sinigi*

*Afrika xalqinin` etnogenezi ha`m etnik tariyxi, Afrika xaliqlarinin` geografiyaliq jaylasiwi. Etnogenezi ha`m etnik tariyxi. Xaliqlarinin` qa`liplesiwi protsessleri. Tu`r o`zgeshelikleri. Bushmen, Pigmey, Kayson Xabashlar h.t.b. Lingvistikaliq, antropologiyaliq klassifikatsiyasi. Otiriqshilarinin` milliy-etnik, materialliq ha`m ma`deniy jag`dayi. Afrika xalqinin` demografiyaliq awhali. Xojalig`i, dini, milliy da`stu`rleri.*

**Afrika materigi-** u`lkenligi jag`inan aziyadan keyingi ekinshi orinda turadi, oni Evropadan Gibraltar bug`azi, Aziyadan Suets qanali ajiratip turadi. Afrikada ko`plegen xaliqlar misirliqlar, jazoirlar, maroqoshlar, onxora ha`m de xausa ful`be elatliqlari menen birge mayda alg`ashqi obshinaliq jamiyet duziminde jasap atirgan qa`wimler de bar. Ha`zir Afrikada 250-ge jaqin xaliqlar belgili, solardan 83- bir min` adamnan aslam Afrikanin ta`biyati o`simligi siyaqli bul orinda jasawshi xaliqlardin etnogenezi etnikaliq qurami ha`m etnikaliq tariyxi ha`r qiyli.

Ayirim alimlar Afrika xaliqlari bir-biri menen baylanisli bolmagan qa`wimlerden` quralgan, tiyqarg`i xalqi kelgendi qurama elatliqlar dep tastiyiqlawg`a uring`an. Haqiyqatinda da materiktin` etnikaliq duzilisi a`yyemgi uzaq da`wir dawaminda qa`liplesip kelgen xaliqlar tiykarg`i orindi iyeleydi. Qa`wimlerdin` etnoslarda birigip elat ha`m milletlerdin` qa`liplesiw barisi qoloniyaliq da`wirde de dawam etken. Afrika ma`mleketler XX a`sirdin` ekinshi yarimina kelip o`z g`a`rezsizligine erise basladi, biraqta qoloniyaliq da`wirde belgilen`gen` ma`mleketliq shegaralar ko`plegen etnikaliq gruppa, qauim ha`m elatlardi bir-birinen` ajiratip jibergen. Ma`selen qw-millionnan aslam ful`be xalqi kigfil, Senegal, Gvineya, Mali, komerdi, Mavritaniya ha`m Gambiya ma`mleketlerine tarqalgan bunday jag`day Mondinga ha`m t.b. u`lken xaliqlar turmisinda ushirasadi.

Antropoliyaliq jaqtan Afrika xaliqlari u`sh u`lken rasa ha`m aralas tiplerge bolinedi. Materiktin arqasinda sahra qobirdin qublasina deyin evropoid rasasina ta`n qara qo`zli tolqin ta`rizli qara shashli, biyday ren` qir murinli arablar barbarlar jasaydi. Efiopiya ha`m Somoliy yarim atiwinda ortasha yarim evropoid yarim negroid rosa esaplangan terisi biraz qaralaw qalin` erinli orta boyli amqara, tigregolliya ha`m basqa xaliqlar jaylasqan. Afrikanin tiykarg`i xalqi esaplangan ko`p sanli negrler sahray Kabirden baslap qublada batis ha`m orayliq sudan, Nildin` joqarg`i bo`limi Kongo boylari. Shig`is tropik Afrika ha`m materiktin qublasindag`i u`lken territoriyaga tarqalgan. Olar qara den`eli qara qo`zli buyra shashli iyegi biraz aldig`a so`zilgan qalin` erinli, qen` pushiq murinli, boyinin uzinlig`i, saqal ha`m baqan belgileri menen ajiralip turadi.

Son`g`i izertlewlerge tiykarlanip Afrika xaliqlarinin tillerin` 4 u`lken til klassifikatsiyag`a bo`lingen.

1) Semito-xamid, yamasa Afrika-aziya, 2) niger-kordofa, 3) nil sahara, 4) Kayson. O`z gezeginde bul 4 til sem`yasi bir neshshe gruppalarga bolinedi. Solardan en` ko`p sanli semito-xamid til sem`yasinda so`yleytugin xaliqlar materiktin barliq xalqinin 3/1 bo`limin quraydi.

Xaliq til sem`yasina kirgen arab tilinde so`yleytug`in Egipetliler. Jazbirliqlar, Tunisliqler, Liviyaliqlar VII-VIII a`sirlerde Arabstan yarim atawinan ko`ship kelip jergiliqli xaliqlar menen aralasip ketiwi na`tiyjesinde payda bolgan. Semit gruppasina kirgen u`lken xaliqlardan aqmara, tigran ha`m tigre ha`zirgi efiofiya ma`mleketinin negizin salgan semit til sem`yasinin Chad gruppasina nigeriya xaliqlari ha`m olarga jaqin xausa, bode bura ha`m t.b. materiktin bir qansha territoriyalarin iyeleydi.

Niger kordafa yamasa kongo-kordova til sem`yasindag`i xaliqlar Afrikanin sahra qublasindag`i u`lken territoriyada jaylasqan. Olar 5 gruppag`a Benuekongo, kva, Monde, Batis Atlantika ha`m Vol`tadan ibarat. Benue-kongo tillerinde so`yleytugin xaliqlar tropik ha`m qubla Afrikada juda qen` territoriyaga tarqalgan bolip materiktin 3/1 bo`limi usi tilde so`yleydi, bul gruppaga kirgen bontu xaliqlari materiktin` ko`pshilik ma`mleketlerine maselen, Zair, Rongo, Angola Uganda, Keniya, Tonzaniya, Zambiya Parpibiyada tarqalgan.

Nil-saha`ra til sem`yasina u`sh u`lken gruppa songan, saha`ra ha`m Shri-lanka bolinedi, bul sem`g`a u`sh o`zine ta`n tilge iye bolgan kishi elatlar moba fur ha`m qolsa qiredi. Songay gruppasindag`i xaliqlar niger da`r`yasinin orta ag`isindag`i ma`mleketler-mali, niger, joqari volota ha`m nigeriyada, saha`ra gruppasina tiyisli xaliqlar chak qo`li a`tirapindag`i ha`m orayliq sahra ko`birinin sho`l bo`liminde ha`m nigeriyanin bir bo`liminde jasaydi. Shari-nil til guppasindag`i xaliqlar joqari nil boylarinda, Viktoriya ha`m Rudol`f ko`lleri jagalarindag`i sudan respublikasinda uganda keniya ma`mleketlerinde jasaydi. Koysan til sem`yasina tiyisli xaliqlar bushmen`ler gutten`totlar ha`m tawli domarlar Afrikanin qubla batis bolimindegi qolibiya, Botsvona ha`m Angolada jasaydi, olardin ko`pshilik bo`limi XVIII-XIX-a`sirlerde kolonizatorlar ta`repinen quwg`inga ushiragan.

Afrika materigindegi barliq xaliqtin evropalilar inglisler, frantsuzlar, ispanlilar, ital`yalilar, partugallilar quraydi. Koloniyaliq da`wirde Afrika xaliqlarinin tariyxiy rawajlaniwin biyкar etip, Evropalilar kelgen`nen` keyin maden`iyat rawajlandi degen` piкirler tarqalgan. Negizinde Afrika materigi Arxeologiyaliq izertlewler waqtinda en` a`yyemgi adamlar watani eqen`ligi aniqlandi, bul jerde bunnan 4 mln jil burin gominidlar yag`niy adam siyaqli maymillar adamzat bunnan 2,5-3 mln jil burin payda bolgan orinlar tabildi. Joqari ma`mleket da`wirine tiyisli ma`kanlar arxeolog Luis Liki ha`m onin balasi ta`repinen` tanzaniyanin olduv`ey u`n`giri tabilgan. Bul jerde bunnan 2-mln jil burin a`yyemgi adamlar tastan qurallar islegen. Neolit da`wirine kelip b.e.sh.V-I min`inshi jillari Afrikanin

ayrim rayonlarinda diyxanshiliq ha`m sharwashliq ma`deniyati qa`liplesken. Egipetten` basqa VIII-IX a`sirlerde bul jerde klassliq duzim ha`rakterindegi bir neshshe ma`mleketler qaliplesedi.

**Arqa Afrika xaliqlari**

Afrikanin arqasinda tiykarinan arab tilinde soyleytugin dep atagan. Bugan Egipet, sudan migrip xaliqlari qiredi. Tiykarinan bul jerdegi xaliq ha`m elatliqlar a`yyemgi aborigen` xaliqlarinin qinlari esaplanadi. A`yyemgi grek avtorlarinin miynetlerinde magrip xalqi Liviyaliqlar dep tilge alinadi.Olar B.e.sh. I-min`inshi jilliqlarda finikiyaliqlar Arqa Afrika jag`aliqlarina tiykar salgan utiku karfagen siyaqli ma`mleketler menen o`z g`a`rezsizligi ushin uris alip bargan. Liviya qa`wimlerinin` tinimsiz urislari numiziya ha`m mavritaniya ma`mleketlerin payda etti, Rim imperiyasi karfagen`di qolga qiritiwi menen b.e.sh. II-a`sir ortalarinda bul eki patsxaliq qulaydi. Sonin menen latin dereklerinde liviya ha`m numidiya atamalari joq bolip, jergiliqli xaliq marvarlar ha`m keyin arablar keliwi menen bartorlar dep atala baslaydi. Usi da`wirde bortor qa`wimlei eki gruppani duzgen` edi. Zonota ha`m sanxaja. Zonota qa`wimleri sharwashiliq penen shug`illanip ko`birek tu`ye o`sirgen`. Sonxoja bortorlari tiykarinan diyxanshiliq penen shug`illangan.

XI- a`sirlerden` baslap arablardin suraym ha`m xilol qa`wimlerinin` magripqa ko`shiwleri natiyjesinde bortorlardi arablastiriw ku`sheytedi, magripta toliq o`zine boysindirg`an arab feodallari saliq diniy siyasat o`tkerip, arab tili dini ken` tarqaladi, XIII-a`sirde arqa Afrikada u`sh feodal-moriniylar, zayyaniylar ha`m xafsidiylar payda bolip, XVI a`sirge deyin saqlanip kelgen`.

Usinday tariyxiy jag`day negizinde barbar arab qa`wimlerinin` aralasiwi na`tiyjesinde magrip xaliqlari maroqoshlar, jazoirliqlar, tunislik ha`m liviyaliqlar keyinirek qolonizatorlarga qarsi azatliq gu`reslerin birgelikte alip barg`an.

Egipet xalqi en` a`yyemgi da`wirden` baslap joqari maden`iyat jaratqan etnoslardan esaplanadi. Egipetliler b.e.sh IV min`inshi jillarda qoldan suwg`ariwg`a tiykarlang`an diyxanshiliqti bilgen`. Arxeologiyaliq izertlewler ha`m xronologiyanin da`liyllewlerge qaraganda antropologiyaliq jaqtan Misirdin en` a`yyemgi xalqi b.e.sh. III min`inshi jilliqta Nil oypatlig`inda payda bolgan da`slepki misir ma`mleketinin xalqinan ayirmashlig`i joq.

Ha`zirgi misirliqlar ulli maden`iyat jaratqan ata babalarinin rasaliq jaqtan ajiralip turadi. a`lbette olardin etnikaliq duzilisinde B.e.sh. V-a`sirde, iran basqinshilari A.Makedonskiydin basip aliwlari, grek rim ma`deniyatinin ta`siri arablardin basip aliwlari belgili darejede iz qaldirgan.

Arab xalifalarinin basqariwshilig`i da`wirinde misir xalqinin qaliplesiwi tezlesedi, biraqta misirdi 18-17jili tu`rkiya basip aladi ha`m XIX a`sir aqirlarina deyin u`stemlik etedi. 1882-jili Misir Angliyanin qoloniyasina aylanadi. Misir Angliya qolonizatorlarinin paxta plantatsiyasina aynaladi. II shi jer juziliq uristan keyin Misir respubliqa dep ja`riyalanadi.

Misirdin qublasinda jaylasqan sudan xalqi 1956-jili o`z g`a`rezsizligin algan sudanliqlar (a`yyemgi kubil) misirliqlar siyaqli joqari maden`iyat jaratqan xaliqlardan esaplanadi. Kuba tuwrali da`slepki

mag`liwmat b.e.sh. III min`inshi jillarda msir jilnamalarinda tilge alinadi. B.e.sh. XVI-XI a`sirlerde qubiyanin bir bolimi misir provintsiyasi esaplangan keyin bul jerde g`a`rezsiz palata ma`mleketi payda boladi ha`m b.e.sh. IX a`sirge kelip olar nil oypatlig`in basip alip qisqa waqit ishinde misir u`stinen` hu`kmdarliq etedi. Keyinirek sudanda qulshiliq meroe ma`mleketi duziledi. B. eramizdin VI a`sirlerinde xristian dini tarqalip orta a`sirlerdegi qubiya ma`mleketinin rasmiy dini dep ja`riyalanadi.

XIII a`sirden` baslap arablar bir eki a`sir dawaminda arab tilin a`ste aqirin tarqatip xristianliqti sig`ip shigara baslaydi, islam dini en`giziledi. Biraqta xaliqtin ko`pshiligi o`z ana tilinde soylegen. XIX a`sirdin` ortalarinda misir a`skerleri shig`is sudandi basip algan. Nil da`r`yasinin batis ta`repindegi ko`shpeli qa`wimliler ha`zirgi qa`liplesip atirgan sudan xalqinin quraminin` tiykarg`i bo`limine aylangan.

**Batis ha`m Orayliq Afrika xaliqlari.** Batis ha`m orayliq Afrika ta`biyati etnikaliq duzilisi, tariyxi jamiyetlik ekonomiqaliq rawajlaniwinin` belgilerine qarap ogan 24 ma`mleket kiredi. Etnikaliq jaqtan bul jerde jasawshi xaliqlardin ko`pshiligi batis sudan ha`m Baontu xaliqlari dep ataladi. Bul ellerdin ko`pshiligi II shi jer juzliq urisqa deyin evropa ma`mleketlerinin koloniyasi bolip kelgen`. 1960-jili Batis ha`m orayliq Afrikanin` 15 ma`mleketi siyasiy g`a`rezsizlikti alg`an. Solardan en` u`lkeniregi nigeriya, zair, sen`egal, mali mavritaniya, qongo ha`m t.b. Batis ha`m orayliq Afrika xalqi turli antropologiyaliq ha`m lingvistikaliq gruppalardan ibarat bolip olar o`zlerinin xojaliq turleri, ma`den`iyati ha`m dini menen ajiralip turadi. Batis Afrikanin arqasinda mali ha`m niger territoriyasinda jasawshi tuareglar u`lken evropoid rasasinin jer orta ten`iz tipine qiredi.

Evropoid belgileri  Orayliq Afrikanin arqa rayonlarinda Tubu, qonuri siyaqli xaliqlarda seziledi. qalgan barliq xaliqlar negroid rassasina qiredi. Biraq olar rasalardin mayda tiplerine bolinedi maselen`. Terisinin ren`i, erninin qalin`lig`i, boyi bas suyeginin o`zgesheligi menen Sinegal, Niger, Gad, Saha`ra tipleri ajiralip turadi. Batis Afrikanin etnolingvistiqaliq qurami ha`r qiyli bul jerde xazir bir neshshe til sem`yalarinin ko`plegen shaqapshalarina tiyisli etnopar jasaydi. Afroaziya til sem`yasina kiretugin barbor ha`m tuareglar ha`m gad gruppasina qiretugin xouslar menen birge niger-xordofa, nil saha`ra, benuz-kongoloz til sem`yalarina kiretug`in juda ko`plegen xaliqlar ken territoriyada jaylasqan.

Orayliq Afrikanin etnolingvistikaliq qartasi bir qansha aralas, uliwmaliqqa iye tiykarinan bul jerde bontu tiplerinde soyleytugin xaliqlar jasaydi. Bontu xaliqlari b.e.sh. I-min`inshi jilliqtin ortalarinda orayliq Afrikada payda bolip bul jerde a`yyemgi da`wirden` jasap kelgen pigmey ha`m bushmenlerdi sig`ip shig`argan. Ha`zir orayliq Afrikada ew-mln. nan aslam bontu xaliqlari jasaydi, solardan en` u`lkenleri boluba, boqonga, bobbondu, ha`m t.b.

**Shig`is ha`m qubla Afrika xaliqlari.** Afrika qontinen`tinin shig`is ha`m qubla boliminde ha`r qiyli rasadag`i o`zine tan turmis ma`den`iyatin jaratqan ha`r turli etnoslar jasaydi. Shig`is Afrikag`a efiopiya somoli jibuti keniya, uganda tanzaniya, ruonda, burundi, zambiya, ma`mleketleri qiredi. Qubla Afrikada qubla Afrika respublikalari, namiviya, botsavena, svazilen`d, lesoto ma`mleketleri

madagaskar, komor seyshel` reyun`on, mavrikiy atawlari jaylasqan. Shig`is Afrikada bunnan 10-12 min` jil burin negroid rasasinin epiopiy, pigney ha`m bushmen` tipleri qa`liplese baslagan.

Bul jerde diyxanshiliq ha`m sharwashiliq ma`deniyati nil boylarinan keyin bunnan 4-5 min` jil burin payda bolgan, neolit da`wirinin ma`qan jaylari shig`is Afrikanin territoriyasinan tabilgan. Da`slep Afrikanin arqa-shig`is boliminde qushit tilinde soyleytugin a`yyemgi aborigen` xalqi Bantu xaliqlari jasagan. Bul jerdegi da`slepki metalldan zat islewdi diyxanshiliqti bilgen` xaliqlar Bantular bolip, Bantu suam degen` manisti an`latqan. Kolonizatorlar kelgen`ge deyinde Bantularda da`slepki feodal ma`mleketleri payda bolgan X-a`sirdin` aqirlarinda hind okeani boylarinda ha`m atawlarinda arab ma`deniyati ta`sirinde o`zine tan suaxil mden`iyati payda bolgan. Bul jerde turli elatliqlar jasaytugin qala-ma`mleketleri duziledi. Tiykarinan suakil xalqi bantular menen kelgindi aziyaliqlardin aralaspasinan payda bolgan.

Qubla Afrikanin tupkilikli xaliqlarin tiykarinan bushmen`lar ha`m gutten`totlar, olar a`yyemgi zamanlarda pu`tkil Afrikanin` shig`is bo`limindegi tropikaliq togayliqlardag`i ken` territoriyalarg`a jaylasqan, Ha`zirgi qubla Afrikanin tiykarg`i xalqi esaplangan negroid bantu xaliqlari eramizdin I-min`inshi jillari arqadan ko`ship kelip en` o`nimdarli jerlerdi shig`is jagalaw lardi iyelep algan, tiykarg`i bantu qauim biriqpeleri qosa, zulu, bosuto, tevana, shona qa`wimleri jergiliqli qa`wimlerdi a`ste aqirin qisip shig`argan ha`m ayrim qa`wimler assimilyatsiya etilip, XI a`sirlerde zombezi ha`m limpopo da`r`yalari aralig`inda monomotona atli joqari ma`den`iyatli da`slepki klassliq bantu ma`mleketi payda bolgan.Mazambik ha`m Zimbob`e portugalilar basip alg`annan keyin XIX a`sirden` baslap qubla Afrikag`a inglisler gollandlar ko`plep kele baslaydi. Bantu qa`wim birikpeleri kolonizatorlarg`a qatti qarsiliq ko`rsetedi. Usilardin ishinde efiopiya etnikaliq jaqtan ayriqsha orinda turadi. Efiopiya en` a`yyemgi maden`iyat oraylarnin biri, bul jerde tabilgan tas qurallar bunnan q mln jil burin payda bolgan. Efiopiyadan polen`oit neolit da`wirine tiyisli qonis orinlar ko`plep tabilgan. Efiopiya eramizdin baslarinda payda bolgan Ansum patshalig`i, misir rim-imperiyasi shig`is ma`mleketleri menen sawda qatnaslarin ornatqan.

Qubla araviyadan semit tilindegi qa`wimlerdin ko`ship kelip jergiliqli xaliqlar menen aralasiwi natiyjesinde efiopiyada axmara galla, tigrey ha`m t.b. xaliqlar qa`liplese baslagan. Ha`zir efiopiya ma`mleketinde 20-dan aslam aslam u`lken xaliqlar jasaydi. Bul jerde evropoid ha`m negroid rasasi ortasinda qa`liplesken efiop tiline tiyisli xaliqlar tiykarinan semito xolits tilinde soyleydi. Shig`is Afrikanin etnikaliq qurami lingvistikaliq duzilisi bir qiyli bul jerdegi Afrikalilardin ko`pshiligi bantu xaliqlari a`yyemgi etnos esaplangan bushmen ha`m guttentotlar metisler aziyalilar quraydi. Turli jergiliqli etnoslar Mazombik, Zimbab`e, QAR, Nomibiya, Botevona, Madakaskar atawlarina jaylasqan. Bul jerdegi keniya respublikasi o`sip kiyatirg`an ma`mleketler qatarina qiredi. Keniyadag`i barliq xaliqtin 93 protsen`ti negroid rasasina ta`n bolip, bul jerde bantu, nilot, qusht tillerinde soyleytugin turli xaliqlar jasaydi.

Qubla Afrikanin etnikaliq qurami ha`r qiyli, qubla Afrika ma`mleketlerinin 5/4 bo`limi turli etnoslardan quralgan, solardan en` ko`bi Bantu xaliqlari barliq xaliqtin 50 protsenti in quraydi, qalganlari bushmen ha`m guttentotlar, matisler evropalilar a`wladlari kelgindi aziyaliqlar. Madagaskar b.e.sh. X-XI a`sirlerde qubla aziya atawlarinin mongolloidlar ko`ship kelgen. Olar bul jerge ilgeri kelip jaylasqan bushmen` ha`m guttentotlarga jaqin xaliqtin ag`imi shig`is Afrikadan baslagan bantuler menen aralasip ha`zirgi malagaspiy xalqinin tiykarg`i jag`day jaratqan. Materiktin` ma`deniyati jag`inan olar Indoneziya xalqina jaqin. Malagosiylardin bay ra`wiyatlari o`tmishte ata-babalarinin shig`is ma`mleketleri menen baylanisqan ekenligin ta`ripleydi, mologoniylardin ata-babalari shama menen b.e.sh I-min`inshi jillari qubla-shig`is aziyadan kelip aralasqan ha`m jergiliqli xaliqlar menen aralasip ketken. Madagaskar atawinda ma`mleketler qolonizatorlar qelmesten` aldin payda bolgan. XIV-a`sirde ataw orayinda imeriq ma`mleketi duziledi ha`m onin xalqinin ko`pshiligi merina xalqinan ibarat bolgan. XVI-XVII a`sirlerde Madagaskar u`sh g`a`rezsiz turli etnikaliq gruppalardan duzilgen` ma`mleketler payda boladi.

XIX a`sirge kelip olar birgelesip Madagaskar korolligine tiykar saladi ha`m oni imerin qa`wimleri basqaradi. Atawdin oy protsenti xalqi molagasiylar, olar 18 etnikaliq gruppalarg`a bo`lingen, bulardin ishinde en` u`lkenleri merika, betsimisaroka, banileu ha`m t.b. bulardan basqa evropalilar qitaylilar, arablar jasaydi. Barliq xaliqlar batis indoneziya shaqapshasindag`i bir-birine jaqin dialeqtlerdegi tillerde so`yleydi, xaliq migratsiyasinin ataw ishinde bolganlig`i sebepli etnik ha`m til birligi tez qolaylasip, uliwma mologasiy xalqinin qaliplesiwin tezletken.

**Temani bekkemlewshi sorawlar:**

1. Afrika materiginin` ko`lemi?
2. Arqa Afrikag`a kiriwshi maleketler?
3. Batis ha`m Orayliq Afrikanin` aymagi?
4. Shig`is ha`m qubla Afrika xaliqlari?
5. Afrika xalqlarinin` materialliq ha`m ruwxiy ma`deniyati?

**A`debiyatlar**


Ashirov A., Atadjanov Sh. «Etnologiya». T-2007

Its R.F. Vvedenie v etnografiyu. L., 1974

Tokarev S.A. Istoki etnograficheskoy nauki. M. Nauka, 1978

Jabborov I. Jahon xalqlari etnologiyasi. T. «Yangi asr avlodi», 2005

Narodi mira. M-L., 1954-1966,t.1-13.

Bruk S.I Naselenie mira. M., 1981

Bromley Yu.V. Sovremennie problemi etnografii. M., 1981

## TEMA. O`ZBEK XALQININ` ETNOLOGIYASI

**Jobasi:**

1. XIX – XX a`sirdegi etnologiya predmeti.
2. Etnologiya derekleri ha`m usillari.
3. Dala izertlewleri, ekspeditsiyalar, qazilmalar ha`m olardin` tu`rleri. Dala izertlewlerin alip bariw metodikasi. Etnologiyaliq ekspeditsiyalar turlari**.**

***Tayanish tu`sinigi***

*XIX – XX a`sirdegi etnologiya predmeti. Jurtimiz ha`m sirt elli qa`nigelerdin` pikirleri. Etnologiyaliq bilimler.. Etnologiya derekleri ha`m usillari. Dala izertlewleri, ekspeditsiyalar, qazilmalar ha`m olardin` tu`rleri. Dala ekspeditsiyalarinin` ob`ektivligi ha`m sub`ektivligi. Arxiv va muzey materiallari. Dala izertlewlerin alip bariw metodikasi. Etnologiyaliq ekspeditsiyalar turlari*

Orta Aziya xaliqlari, sonin` ishinde o`zbek xalki xalqi etnologiyasi haqkinda da`slepki mag`liwmatlar arxeologiyaliq estelikler, da`slepki jaziwlar, derekler ha`m tu`rli qa`dimgi tariyximizg`a tiyisli bolg`an materiallardan ma`lim.

Qa`dimgi da`wirlerde ham Orta a`sirlerde A`muda`r`ya ha`m Sirda`r`ya boylarinda jasagan xaliqlar etnologiyasin u`yreniwde zardushtiylik dininin` muqaddes kitabi- «Avesto», ka`dimgi tu`rkiy bitikler ha`m sog`diy jaziwlari, Abu Rayxan Beruniydin` «Qa`dimgi xaliqlardan qalg`an estelikler», Maxmud Qashqariydin` «Devoni lug`atit turk», Abu Bakir Sharshaxiydin` «Buxoro tarixi», Sharafatdin Ali Yazdiydin` «Zafarnoma» ha`mde «Nasabnomay o`zbek», Zaxraddin Muxammed Baburdin` «Baburnama», Xofiz tanish Buxariydin` «Abdullanama», Abulg`aziy Bahadirxannin` «Shajaray turk», Muxammed Solihtin` «Shaybaniynoma» siyaqli shig`armalari u`lken a`hmiyetke iye.

O`zbek xalqinin` ruwxiy ma`deniyatina tiyisli etnografiyaliq mag`liwmatlar Al-Xorezmiydin` «Surat al -farz» atli shig`armasi belgili bolip, onda 537 en` tiykarg`i jerlerdin` atlari, qalalar, tawlar, da`r`yalar, ten`iz atlira atalip ko`rsetilgen.

Babur babamizdin` «Baburnama» shig`armasi ha`m onin` qizi Gulbadanbegim do`retgen «Xumayunnoma» shig`armasi biybaha tariyxiy-biografiyaliq shig`arma bolip esaplanadi. Tariyxshi ha`i u`lketaniwshi ilimpaz Xofizi Tonish Buxariy (XVI-a`sir) jazip qaldirg`an «Abdullanama», Masud ibn Qwhistoniydin` «Tariyxiy Abulxayirxaniy» ,Kamolladdin Binoniydin` «Shaybaniynomay Buxara», Xiywa xani Abulg`azinin` «Shajaray turk», Nikolay ha`m Yakov Xanikovlardin` (1851j) «Aral ten`izi ha`m Xiywa xanlig`i kartasina qosimsha» shig`armalari biybaha etnografiyaliq mag`liwiatlarg`a bay do`retpeler bolip esaplanadi.

G`a`rezsizlik jillarinda O`zbekstanda etnologiya pa`ni ilimiy jetiskenliklerge etisti. Orinlang`a ilimiy izertlewler na`tiyjesinde koplegen monografiyalar, ilimiy kitaplar, maqalalar jazildi. Xaliq izertleushi alim I.Jabbarovt, H.Ismaylov, O.Buriev, A.Ashirov siyaqli ilimpazlar ozbek xalkinin` turmis tarizi, toy maresimleri milliy qadiriyatlarina baylanisli izertlezdi.

I.Jabbarovtin` «Uzbeklar ananaviy turmush tarizi va madaniyati» T-2004, H.Ismaylov «Uzbek toylari» T-1994, O.Buriev «Uzbek oylasi tarixi», A.Ashirov «Avesto» dan meros marosimlar T-2001 kitaplari jazildi.

Karim Shoniyazovtin` o`zinin` yarim a`sirlik ilimiy izertlewleri na`tiyjesinde Orta Aziya aymag`inda jasawshi o`zbekler ha`mde baskada xaliqlar etnogenezi ha`m etnik tariyxina baylanisli fundamental izertlewler ju`rgizdi monografiyalar jazdi. Alimnin` «Uzbek karluklari», «Uzbek xalqining etnik tarixiga oid» , «Uzbek xalkining moddiy madaniyatidan lavhalar», «Kang davlati va Kanglilar», «Qarluq davlati va qarluklar», «Uzbek xalqining shakillanish jarayoni» siyakli miynetleri jarik ko`rdi

O`zbekstanda etnografiya ha`m etnologiya pa`ninin` tariyxnamasi menen shug`illang`an ilimpazlardan A.Doniyarov, D.Hoshimova, I.Jabbarov, O.Buriev, T.Salimov, B.Isoqov atap o`tsek turarli.

Ha`zirgi da`wirge kelip Uz.R. bir qatar ilimiy oraylarinda etnologiya bagdarinda izertlewler a`melge asirilmaqda. Wz.RFA Tariyx instituti Etnologiya bo`limi, WzMu «Arxeologiya-etnologiya» kafedrasi, TerDU ha`m Qarshi DU da Etnologiya ilimiy orayi xizmet korsetpekte. O`zbekstan etnologiyasinin` mashkalalarina arnalg`an xaliq araliq ha`m respublikaliq a`njumanlar (1999,2000,2004, 2005, 2007jj) o`tkerildi. Ma`mleketimiz etnologlari AQSh, Angliya, Frantsiya, Yaponiya, Koreya, Turkiya, Orayliq Aziya respublikalari etnologlari menen birge ilimiy izertlewler ju`rgizbekde.

**Etnologiya** grektin etnos- xaliq, logos-taliymat, u`yren`iw degen` eki so`zinen` quralgan. O`zinin manisi boyinsha etnologiya xaliqlardin ja`miyetlik duzimin olardin kelip shigiwin, o`z-ara qarim-qatnaslarin, ruuxiy ha`m materialliq ma`deniyatin izertleytugin ilim tarawi. Ayirim alimlar etnografiya xaliqlardin arasinan dereqlerdi jiynaw menen sheklenedi de, etnologiya sol etnograflardin jiynagan dereklerinin negizinde ilimiy miynetler jazadi degen` tusinikti aytadi. Negizinde bul ilimnin eki tarawi qanday ilim turi boyinsha jurgizilgen` izertlewler eki turli tarawdan turadi.

Birinshiden`, ilim izertlewshi temag`a baylanisli dereqlerdi jiynasa, ekinshiden` sol jiynalgan mag`liwmatlarga ilimiy mani berip ilimiy miynetler oqiu qurallarin maqalalar jazadi. Turmis degenimizde ha`r bir xaliqtin a`sirler boyi qa`liplesken turmis tirishiligi, qundeliqli urp-adet dasturleri, jamiyetliq turmisi uliwma milletliq o`zgesheligin tusinemiz. Dun`ya ju`zindegi jasaytugin san jag`inan ulken` ha`m qishi xaliqlardin ha`r birinin a`sirler boyi qa`liplesken teq o`zine tan turmis o`zgeshelikleri bar.

***ETNOLOGIYa-*** tu`rli etnik toparlardin` qa`liplesiwi ha`m rawajlaniwi protsessin, olardag`i etnik o`zlikti an`law, ma`deniy basqariw tu`rleri ha`mde o`z-ara qatnasiqlar nizamlarina, shaxslar ara qatnasiqlardi ha`mde ja`miyetlik ortaliqti uyretiwshi pa`n.

***ETNOLOGIYaNIN` METODLARI:***

7) ***JAZBA DEREKLERDI UYRENIW***- Bunda qadimgi ham orta a`sirlerde Amudar`ya ha`m Sirdar`ya boylarinda jasag`an xaliqlar etnologiyasin uyreniwde zardushtiyliktin` muxaddes kitabi «Avesto», qa`dimgi turkiy bitikler, sug`diy jaziwlari, A.R.Beruniydin` «Qadimgi xaliqlardan qalg`an estelikler», Maxmud Qashkariydin` «Devonu lug`atit turk», Abu Bakir Narshaxiydin` «Buxara tariyxi», Sharafatdin-Ali-Yazdiydin` «Zafarnama», Muxammed Baburdin` «Baburnama», Xofiz Tanish Buxariydin` «Abdullanama», Abulg`aziy Bahadirxannin` «Shajaray turk», Muxammed Salixtin` «Shaybaniynama» siyaqli shig`armalari u`lken a`ha`miyetke iye.

8) ***XALIQ AWIZ-EKI TVORChESTVOSI*:** Qayumars, Jamshid ha`m Siyawish apsanalari, Tumaris ha`m Shirak haqqindag`i qissalar, «Go`rug`li», «Alpamis» da`stanlari h.t.b.

*9)* ***ARXEOLOGIYaLIQ MATERIALLAR****:*

Jazba ha`m awizeki dereklerge qaraganda arxeologiyaliq izertlewlerden tabilg`an materiallar isenimlirek esaplaniladi. Bul materiallar tiykarinda aniagliwmatlar beriwge boladi. Mis: Arxeologiyalik zatlay derekler ata-babalarimiz jasag`an ma`kan jaylar, miynet kurallari, qurilg`an jaylar suw inshatlari esaplanadi.

10) ***TILTANIW METODI*:** Bul usildin a`ha`miyeti tu`rli tillerdegi belgili so`zlerdi aniqlawdan ibarat, bul o`z gezeginde jaqin tiller qatnasiqlari shegarasi ha`m olardin` jaqinlig`i, baylanislig`i da`rejesin aniklawg`a mu`mkinshilik beredi

11) ***STATISTIK METODI*:** Etnologiyada statistik metodi o`zine ta`n metod tiykarinda qollaniladi. Etnologiya pa`n sipatinda jakin arada payda boliwina qaramastan usi statistikaliq mag`liwmatlar ko`p materiallar bermekte. Mis: Xaliqti dizimge aliw, ja`miyetlik-demografiyaliq sawallar aliw h.t.b.

12) ***DALA IZERTLEWLERI*** (ob`ektda statsionar izertlew keminde 1-jil dawam etiw kerek). U`yrenilip atirg`an etnik aymaqta uzaq mu`ddet dawam etken ilimiy izertlewler ju`rgiziw bul orin toliq u`yreniwge ja`rdem etedi. Etnolog izertlewshi da`slepki 2-3 ay dawaminda bul aymaq benen tanisiwi mu`mkin, biraq toliq magliwmatlar toplaw ushin statsionar tu`rde izertlew jumislari ju`rgiziw kerek. Etnoslar arasinda ko`birek bolip izertlew ju`rgiziw bul etnoslar boyinsha toliq mag`liwmatlar aliw mu`mkinshiligin beredi. MIS: amerikali etnolog ilimpaz L.Morgan Amerikadag`i indeytslerdin` arasinda boliwi, yamasa rus etnolog ilimpaxi Mikluxo Maklay Jana Gveniya papuaslarinin` arasinda bolip ju`rgizgen izertlewleri bir jildan artiq dawam etedi, na`tiyjede ju`da` ko`plegen etnografiyaliq materiallar toplawg`a erisedi.

***ETNOLOGIYaNIN` TIYKARI BAG`DARLARI:***

***EVOLYuTsIONIZM****-* adam tabiyattin bir kisimi ha`m ol ta`biyatqa ta`n uliwma nizamliqlar menen birge rawajlanadi. Demek, barliq insanlar psixologiyalik ha`m intellektual jaqtan bir qiyli ta`biyatli ha`m olar tek ozine ta`n bolg`an uliwma qa`siyetlerge iye bolg`an ma`deniyat jaratadi

Evolyutsionizm pikir qollap-quwatlawshi ilimpazlardan Eduard Teylor «Ibtidoiy madaniyat», Genri Morgan «Kadimgi jamiyat», Mak Lennon «Patriarxat nazariyasi» h.t.b.

***DIFFUNIOZM-*** XIX a`sirdin` sog`i shereklerine kelip etnologiyanin` rawajlaniwinda jana da`wir baslandi. Bul tu`sinik negizinde fizikadan o`zlestirilgen bolip, «taratiw», «kirip keliw» ma`nmslerin bildirgen. Etnologiyada diffuniozim bagdari xaliqlardin` o`z-ara qatnaslari- sawda, ko`shiriw, bir xaliqti ekinshisinin` basip aliwi na`tiyjesinde ju`zege kelgen ma`deniy ko`rinislerdin` tarqaliwi tu`siniledi. Diffuniozim – ilimiy bag`dar sipatinda tariyxiy protsessler tiykarg`i mazmunini ma`deniyatlarara o`zara qatnasiqlar na`tiyjesinde basqalardan o`zlestiriw ha`m olardin` birinen ekinshisine ko`shiwine bastartiwdan ibarat. Bul bag`dardi qollap-quwatlawshi alimlar- Fridrix Ratsel, Erland Nordensheld, Robert Grebner, Vilgel`m Shmidt h.t. basqalar.

**Temani bekkemlew ushin sorawlar:**

1. Dunya xaliqlari ha`m O`zbeklerdin` da`stu`riy xojalig`i ha`m olardin` tu`rleri?
2. Xalqimiz tariyxina ha`m etnografiyasina tiyisli mag`liwmatlar?
3. O`zbek etnonimi?
4. O`zbek xalqinin` materialliq ha`m ruwxiy ma`deniyati?
5. Diyxanshiliqqa baylanis o`tkeriletug`in milliy maresimler?
6. O`zbeklerde o`tkeriletug`in jazg`i, gu`zgi, ba`ha`rgi qanday maresimlerdi bilesiz?
7. «Choy mama» maresimi haqqinda tu`sinik berin`?

**Tema: Orta Aziya ha`m Qazaxstan xaliqlarinin` etnikaliq tariyxi.**

**REJE.**

1. Orta Aziya ha`m Qazaxstan xaliqlari etnogenezi ha`m etnik tariyxi.
2. Orta Aziya ha`m Qazaxstan xaliqlarinin` ruwxiy xam materialliq ma`deniyati.
3. Orta Aziya ha`m Qazaxstan xaliqlarinin` xojaligi turleri. Diniy tu`sinikleri.
4. Milliy u`rip-a`detleri ha`m da`stu`rleri.

***Tayanish tu`sinigi***

*Orta Aziya ha`m Qazaxstan xaliqlari etnogenezi ha`m etnik tariyxi, xaliqlarinin` ruuxiy xam materialliq ma`deniyati, xojaligi turleri, diniy tu`sinikleri ha`m da`stu`rleri.*

**Orayliq Aziya-** 4 mln kvadrat kilometr maydandi iyeleydi. Onin` xalqinin` sani (1979 jilg`i aling`an mag`liwmatqa ko`re) 40,2 mln g`a jag`in., keyingi mag`liwmatlarg`a qarag`anda 50 mln di quraydi. Orayliq Aziya Respublikasinda tili ha`m ma`deniyati tu`rli bolg`an ha`r qiyli elat, xaliq ha`m milletler jasaydi.

**ORAYLIQ AZIYa HA`M QAZAQSTAN XALIQLARI**

↓

**O`zbekstan**
**12-walayat ha`m bir Respublika**

↓

**Tajikstan - 3,5mln**
**(3 walayat)**

↓

**Qazaqstan- 15mln artiq**
**(19 walayat)**

↓

**Qirg`izstan- 2,5mln**
**(3 walayat)**

↓

**Tu`rkmenstan- 2,4mln**
**(5 walayat)**

Aymaqtin` goegrafiyaliq sharayati ren`-ba`ren`.Onin` ko`pshilik bo`legi qurg`aqliq ha`m issi sahraliq, qubla-shig`is ha`m qubla ta`repinde Pamir tawlari, Tyan-Shan` ha`m Ko`ppetaw taw dizilmeleri menen oralg`an. Ta`biyati ha`m iqlimina ma`lim da`rejede eki ten`iz-Kaspiy ha`m Aral ta`sir qiladi. Pu`tkil Orayliq Aziyag`a jan berip turg`an A`muda`r`ya ha`m Sirda`r`ya Pamir tawlarinan baslanadi.

**Orayliq Aziya ha`m Qazaqstan xaliqlarinin` til klassifikatsiyasi.**

**I-tablitsa**

**Turkiy til semyasi**

↓

**O`zbekler**

↓

**Qaraqalpaqlar**

↓

**Qazaqlar**

↓

**Qirg`izlar**

**Uyg`irlar**

↓

**Tu`rkmenlekr**

**Orayliq Aziya ha`m Qazaqstannin` jergilikli xaliqlari eki u`lken til tu`rkimide so`yleydi:**

**II-tablitsa**

**Hind-Evropa til semyasi**

↓

**Ta`jikler**

↓

**Kurdlar**

↓

**Farslar**

↓

**Belujiyler**

Orta Aziya sonin ishinde O`zbekstan xaliklarina etnos derekleri negizleri a`yyemgi zamanda neolit (IV-III min`. b.e.sh.) usi jerde jasap Evropalilar rasasinda bolgan. An`shilik, masaqshilik, balikshilik penen shug`illangan. Ol haqkinda Karakalpaqstandag`i Kelteminar, Jampiq kala, Zarafshan, Fergana estelikleri da`lil boladi. Kelteminarlilar arkada Ural boyindag`i, tuslikte Jaytun (Tuslik Turkmenistan) solar arkali Kaspiy xam Iranda jasawshi kauimler menen xar turli baylanista bolip b.e.sh. II- mininshi jillari Xorezmde suyargan madeniyati payda boldi. Bul da`wirde III-II min`inshi jillar Amuda`r`ya suwi Uzboy arkali Kaspiy tenizine quydi. Bul jagalarda diyxan shilik, sharwashilik iri elatli orinlar payda boladi. Jergilikli ozgesheligine iye Kelteminar madeniyatinin dawami Tazabag`jap madeniyati

kaliplesedi. B.e.sh. II-mininshi jillari qoldan suwgariw menen diyxanshilik, tas kurallari menen metall kurallardan paydalaniw arkali awil xojalik iri suwgariw tarmaqlari qurildi qorganlar salindi xar turli isler rawajlandi. Bul jergilikli kauimlerdi belgili bir etnoslarga birigiwin irileniwin tezletedi, suyargen madeniyatin payda etedi xam tezletedi. Aldin`g`i Aziyadan kauimler ko`ship keledi. Bunday jag`day A`mirab madeniyati dauiride de (IX-VIII әә. b.e.sh. ) dawam etedi. B.e.sh. I-mininshi jillari O`zbekstanga mongol rasasindag`i kauimler payda boldi. Bul O`zbekstannin ayirim jerlerindegi xaliklardin antropologiyalik turine azda bolsa tasirin tiygizdi, o`nermentshilik o`sti, kalalar salindi.

**Orayliq Aziya xaliqlarinin` Antropologiyaliq klassifikatsiyasi    I-tablitsa**

**Mongoloid tipine kiriwshi xaliqlar**

↓

Qazaqlar

↓

Qaraqalpaqlar

↓

Qirg`izlar

**II-tablitsa**

**Qa`dimgi Evropoid tipine kiriwshi xaliqlar**

↓

Ta`jikler

↓

O`zbekler

↓

Tu`rkmenler

Baktriya xam Xorezm xaliklari ta`jik, ozbek ayirim turkmen ata-babalarinin ayirimlari Iran tilinde, al ayirimlari turk tillerinde so`ylesken. Biraq bular arasinda etnik o`zgerisler bolmag`an. Ma`selen Gerodot, Strabonlardin ko`rsetiwinshe Xorezmliler sako-massaget toparina kiredi. Sogdianalilar ha`m baktriyalilar turmis ko`rinisi, dasturler boyinsha oz-ara ozgeshelikke iye emes dep ko`rsetedi. Zoroastrizm dininin hu`rmetli kitabi Avestoda b.e.sh. VII a`sirlerdegi jergilikli xaliklar turmisi, xojalik turleri, dasturleri, dinleri bayanlaniladi.

B.e.sh. II-I asirlerde gunn kauimleri keledi. Sak-massagetler menen aralasadi. B.e.sh. 1-2 a`sirler. Sirda`r`ya boyindag`i Ferganadag`i kauimler turklesedi. Bul birikpeler Orta Aziya xaliklarinin ata-babalarinin birigiwinde ulken orin iyeleydi. Ol haqqinda sak ka`wimlerinen tabilgan zatlar da`lil bola aladi. I-II asirlerde Sirda`r`yanin orta jagalarindag`i xaliklar turklesedi. Bul jerde Iran ha`m turki tilindegi xaliqlar birikpesinen kanli etnoslari payda bolip, olar turkiy tilinde so`ylegen. Amuda`r`ya

bronza dauirinde II-mininshi jillari, b.e.sh. III-II jillari Uzboy arkali Kaspiyne aqqan, bag`darin ozgertip, ha`zirgi bag`darina o`tken. Bul jerde de jergilikli xaliqlar ha`m bularg`a qosiliwi elatlardin keliwi menen aralas etnoslardi payda etken. Xorezm, Zarafshan ha`m Fergana oazislerindegi xaliqlarda otiriqshi turmis, qoldan suwgariw diyxanshilig`i boldi. Al bul elatlar a`tirapindag`i xaliklarda ko`shpeli turmis boldi. Usilayinsha oz-ara etnikalik baylanisli xaliklarda oaziste otriqshilik, al dalanliktag`ilarda ko`shpeli turmis dawam etti. Diyxanshiliktin rawajlaniwi o`ndiris kurallarinin, kalalardin, jamiyetlik duziminin ozgeriliwine, rawajlaniwina, ulken tasir jasadi. B.e.sh. IV-III asirdegi Kangoy ma`mleketi madeniyatina baylanisli aramey jaziwina uqsas estelikler tabildi. Zoroastrizm dinindegilerdin marhumlardi Ossuariylerda jerlewi bul bizin` jerimizde ertede bir neshe xaliqlardin` birleskenin ko`rsetedi.

I-IV asirlerdegi Orta Aziyada  ornag`an Kushan ma`mleketi edi. Bul ma`mleket Kangoy ma`mleketinin arqa ta`repin ha`m Xindistannin` arqa ta`repinen biraz jerlerin basip aldi. Kushan ma`mleketi Kanishka dauirinde ku`sheydi (78-123). III-a`sirlerde Kushan ma`mleketi idiray baslaydi. Fergana, Xorezm o`z aldina bo`linedi. Kushan imperiyasinda turli tildegi, dindegi xaliklar madeniyati o`z-ara jaqinlasadi. Sogdiana, Xorezm, Sak, Parfiya tillindegi Aramey al Favidi tiykarindag`i jazba estelikler Kushan da`wirindegi etnikalardi olardin xojalik, turmis, ma`deniyat da`rejelerin bilemiz, til dialektlerin ko`remiz.

Koyqirilgan qala (IV-ә. b.e.sh), Topiraq kala (b.a`.sh.IV a`.), II-III a`sirler tabilgan jazba derekler Aramey jaziwina uqsas bolip, o`zligine iye bolip, ken` taralg`an dialektleri bolg`an. Bul til Sog`diana, sak, asetin, afgan, ta`jik tillerine jaqin. A`yyemgi Sog`dinana ha`m Xorezm tilleri XI-XII a`sirlerge shekem o`mir su`rgen. Sog`d turkiy tilleri u`stemlikke o`tken, degen menen Sog`diana ha`m tu`rk tilleri birge jasap turgan. X-XI asirlerde Orta Aziya da to`rt uriw-kawimleri birikpesinen ibarat ma`mleketler bolg`an. Bir neshe etnoslardi biriktirgen qarluqlar, oguzler, qipchaqlar, qirg`izlar olar ta`repinen biriktirilgen. Olardin` o`zlerine ta`n belgileri, tili qa`liplesti.

XIV-XV asirlerde Orta Aziyada mongol qa`uimleri (jalayir, barlos, min`, man`g`it, nayman h.t.b) ko`ship keledi. Olardin kopshiligi turklesken XVI-XVII asirlerde Orta Aziyada q xanliktin payda boliwi jergilikli xaliklardin` qa`liplesiwine ta`sirin tiygizedi. Ma`selen, uyg`ir-karluk dialekti tiykarinda Chagatay tili, qipchaq- og`uz dialekti tiykarinda Xorezm turkiy, a`debiy tili qa`liplesken. Ha`zirgi o`zbek tili karluk-chag`atay, qipchak ha`m og`uz bolip bo`linedi. Olardin ha`r biri tag`ida bir neshe dialektlerge bolinedi. Orta Aziya xaliqlari erte zamanlardan berli o`z - ana tilleri jaqin boliwi menen birge, dinleride jakin bolgan, bulardi biriktirgen. B.e.sh. VII asirde payda bolgan zoroastrizm qa`dirli kitabi Avesta da ko`rsetilgen diniy isenimler, dasturler bizdi qorshagan ortaliqti ko`sterlew h.t.b. elerge shekem jergilikli xalik turmisinda saqlaniwi o`zbek, karakalaq h.t.b. etnogenezi ha`m etnikaliq tariyxi jergilikli ekenligin, diniy tusinikke iye ekenligin ko`rsetedi (ertek, da`stan h.t.b).

Ma`selen, qaraqalpaq da`stani «Qiriqqiz» da, «Alpamis» ta, turkiy tilles xaliqlarga ortaq. «Dada ko`rkut», «Go`rug`li». Bug`an misal boladi. Bulardag`i biraz ko`rinisler Aral, Kaspiy, qipshaq dalanliqlarinda, Karaqum ha`m Alding`i Aziya ha`mde Arqa Kavkazda jasag`an a`yyemgi ha`m ha`zirgi xaliqlardin awiz eki a`debiyatlarinda da gezlesedi. Demek o`zbek, qaraqalpaq, tu`rkmen, qazaq h.t.b.

**Qazaqstan xaliqlarinin` etnogenezi ha`m etnik tariyxi**

**En` qa`dimgi qa`wimler (er.b.1 min`.jilliqlar)**

↓

**Saklar**

↓

**Alanlar**

↓

**Usunlar**

↓

**Kanguylar**

Bul tablitsada ko`rsetilgen qa`wimler qazaq xalqinin` etnogenezinin` en` da`slepki etnik qatlamlari bolip esaplanadi. VI-VII a`sirler bul aymaqda batis tu`rik qag`anlig`ina tiyisli tu`rgesh, karluq siyaqli qa`wimler payda boldi.

Keyingi u`sh-to`rt a`sir dawaminda kimak, qipshaq, og`uzlar kirip keldi. X-XII a`sirlerde qazaq eli Qaraxaniyler ma`mleketine qosilg`an jergilikli qa`wimlerdin` birigiwine tu`rtki boldi. Qazaq xalqinin` qa`liplesiwinde son`g`i komponent XVI a`sir aqirlarinda Altin Ordadan kelgen ko`shpeli qa`wimlerdin` u`lken tolqini menen baylanisli.

XV a`sir aqiri-XVI a`sir baslarinda qazaq xanlig`i payda boladi ha`m xanliq jag`dayinda qazaq xalqinin` qa`liplesiwi tamamlanadi.

XIX- a`sirdin` 60-jillarinda qazaq jerleri Rossiya ta`repinen jawlap alindi, aqibetinde qazaqlar birligi ku`sheyedi ha`m olar a`ste-aqirin otiriqshi turmis ta`rizine o`te baslaydi.

**Qazaqlar quraminda huqiqiy jihatdan u`sh g`a`rezsiz qa`wimler topari payda bolg`an:**

**U`lken Ju`z (Jetisuw)**

↓

**Orayliq Ju`z**

**(Qazaqstannin` sahralari, Sirda`r`ya, Tobol ha`m Ishim )**

↓

## Kishi Ju`z (Batis Qazaqstan)

**Qirg`iz xalqi etnogenezi ha`m etnik tariyzi:**

Orayliq Aziyanin` en` qa`dimgi xaliqlarinin` biri Qirg`izlar bolip esaplanadi. Qirg`izstanda qon`isi O`zbekstan ha`m Ta`jikstan, azg`ana Arqa-batis Qitayda ha`m Shig`is Afganistanda jasaydi. Respublikanin` uliwma xalqi 4,5 mln.dan artiq, sonnan:

**Statistikaliq mag`liwmat**

| | |
|---|---|
| **Qirg`izlar** | **47,9%** |
| **Ruslar** | **25,7%** |
| **O`zbekler** | **12,1%** |
| **Ukranlar** | **3,1%** |

Eramizdan buring`i I-min` jilliqlar ortalarinda joqari Enesey aymag`inda qirg`izlar o`z ma`mleketlerin du`zgen.

**TEMANI BEKKEMLEWShI SORAWLAR:**

1. Orta Aziya ha`m Qazaxstan xaliqlari etnogenezi ha`m etnik tariyxi?
2. Orta Aziya ha`m Qazaxstan xaliqlarinin` ruwxiy xam materialliq ma`deniyati?
3. Orta Aziya ha`m Qazaxstan xaliqlarinin` xojaligi turleri.
4. Diniy tu`sinikleri.
5. Karaqalpaqlardin` milliy u`rip-a`detleri ha`m da`stu`rleri?
6. Qazaqlardin` antropologiyaliq klassifikatsiyasin aniqlan`?

**A`debiyatlar**


1. Its R.F. Vvedenie v etnografiyu. L., 1974. Izd. vtoroe, 1994
2. Jabborov I. Jahon xalqlari etnografiyasi. T.Uqutuvchi, 1985.
3. Jabborov I. Uzbeklar turmush tarzi va madaniyati. T.Uqutuvchi, 2003
4. Jabbarov.I. Jahon etnologiyasi asoslari. T. 2005
5. Mambetov.K. Qaraqalpaqlardin` etnografiyaiq tariyxi. N.,1995

## TEMA: O`zbek xalqinin` qa`liplesiwi protsessi ha`m etnik tariyxi..

**J o b a s i:**

1. Uriw, qa`wim, elat, xaliq ha`m millet tu`sinikleri. B.e.sh. 1 m.j.- b.e. VII a`sirlerdegi Orayliq Aziyada ju`z bergen siyasiy ha`m etnikaliq jag`daylar.
2. O`zbek xalqinin` etnogenezinin` (kelip shig`iwinin`) ekinshi da`wiri (IX-XII a`sirler)
3. XV a`sirdin aqiri - XVI a`sir o`zbek xalqinin` qa`liplesiwindegi u`shinshi da`wir.

### Tayanish tu`sinikler

Etnogenez, xorezmliler, Sog`dlar, baqtriyalilar, saklar, massagetler, Dashti Qipshaq, ″Eki da`r`ya aralig`i tipi″, ″O`zbek″ atamasi, O`zbekxon

A`yyemgi zamanlarda bir ata-anadan tarqalg`an tuwg`an-tuwisqanlardin` ja`mlesiwi na`tiyjesinde qa`liplesken ja`ma`a`t uriw dep ataladi. Tirishilik ta`shiwishi ha`m sirtqi dushpanlardan saqlaniw ushin adamlardin` tuwg`an-tuwisqanliqqa tiykarlang`an birlesiwin ma`jbu`r etken.

**Qa`wim**-tuwg`an-tuwisqanliq, millet dinles bir neshe uriwdin` ja`mlesiwi, sonday-aq bir uriw ta`biyiy tu`rde ko`beyip a`tirapindag`i uriwlardi boysindirip, o`z quramina sin`dirip jiberiw aqibetinde qa`wim retinde qa`liplesken boliwi mu`mkin.

Qa`wimnin` uriwdan tiykarg`i parqi, ol uriwlarg`a bo`liniwden basqa o`z aymag`i qa`wimlik tiline, qa`wim ken`esine ha`m a`skeriy baslig`ina iye bolg`an. Qa`wimler adamlardin` awshiliq ha`m ko`shpeli sharwashiliq penen birge diyxanshiliq ha`m a`yyemgi temirshilikke o`te baslag`an gezlerinde payda bola baslag`an. Aqil jag`inan bo`liniwshilik mu`lkiy bo`liniwshilikke alip kelgen. Adamzat ja`miyetinde ba`rqulla sonday bolg`an ha`m bunnan keyinde sonday boladi. Elat atamasi, en` a`weli, qa`wimler birlespesi, adamlardin` til, aymaq, ekonomikaliq ha`m ma`deniy jaqtan tariyxiy qarar tapqan birligin bildiredi. Elattin` kelip shig`iwina bir-birine ko`p jag`inan jaqin bir neshe qa`wimlerdin` ja`mlesiwi tiykar bolg`an. Adamlardin` elat-elat bolip, bir aymaqta jasawlari, olar arasindag`i tuwg`an-tuwisqanliq uliwma ma`pdarliq sezimlerin ku`sheyttirgen. Uliwma ma`pdarliq u`les ha`m oni qorg`aw waziypasi ma`mleketti payda etken.

**Elat** bolip qa`liplesiwdin` bir neshe belgileri bolg`an ha`m ha`zirde sonday. Til jag`inan bir yamasa o`z-ara jaqin qa`wimlerdin` ja`mlesiwi elat boliwdin` tiykarg`i belgisi. Bir qa`wimnin` basqasi ta`repinen jawlap aliniwi na`tiyjesinde bir neshe qa`wim aralasip, elat payda bolg`an.

1926-jili o`tkizilgen Pu`tkil awqamliq xaliqtin` esabin aliwdin` juwmag`inda buring`i awqamda 230 dan artiq milletler ha`m elat jasaydi delinse, 1959-jilg`i xaliqtin` esabin aliwda bul 129 g`a azayg`an. Demek, 100 den artiq elat, tiykarinan kem sanli xaliqlar o`z milliyligin jog`altip, ko`p sanli xaliqtin` mug`darin asirg`an.

**Xaliq** atamasina filosofiyaliq jaqtan na`zer awdarsaq onin` ta`riypi bunday. tariyxtin` ha`mme basqishlarinda ja`miyet waziypalarin sheshiwge tayar, jurt jumisina jaramli ha`m qa`biletli qatlam, sotsialliq birlik, tariyxtin` do`retiwshisi.

Millet adamlardin` tig`iz tariyxiy birligi, uliwma ekonomikaliq turmis, til, aymaq birligi, ma`deniyat, sana, ruwxiy ja`mlesiwi demekdur. O`zbek xalqinin` kelip shig`iwi ju`da` uzaq tariyxqa iye. Bul jag`day en` a`yyemgi ha`m erte orta a`sir da`wirinde tu`rli elat ha`m xaliqlardin` pu`tkil Orta Aziya, Qazaqstannin` ken` territoriyalarinda qosiliw ha`m aralasiw protsessi ju`z bergen. Bul territoriyada bir neshe min` jillar dawaminda shegaralari o`zgerip turg`an tariyxiy-ma`deniy birikpeler ju`zege kelgen.

VII-VIII a`sirlerde tu`rkiy xaliqtin` u`lken bir bo`legi Jetisuw, Shash ha`m de Ferg`ana oypatinda, azg`antay bo`legi Zarafshan ha`m Qashqada`r`ya oazislerinde jasaytug`in edi. Olar tu`rkiy tildi qabil etken sol jergilikli xaliqtan ha`m de bul jerge kelip ornalasqan ko`plegen tu`rkiy qa`wim ha`m ruwlardan ibarat edi. Ayirim sug`diy hu`jjetlerde keltirilgen mag`liwmatlarg`a qarag`anda tu`rkiy xaliq ornalasqan bul u`lke VII a`sirden baslap Tu`rkstan dep atala baslag`an. Qullasi arab xalifatlig`i basqinshilig`ina shekem Shash, Ferg`ana ha`m Zarafshan oypatlari Qashqada`r`ya ha`m Sirda`r`ya oazisleri, Xorezm ha`tte miwda`r`yanin` shep jag`asi xalqinin` u`lken bo`legi a`lle qashan tu`rklesip Maverannaxr ha`m Xorezmnin` sotsialliq ha`m ma`deniy turmisinda a`hmiyetli orindi iyelep alg`an edi.

2. XV a`sirde Maverannaxrda Qaraxaniyler ma`mleketinin` du`ziliwi menen qarluk, og`uz, jigil, yag`ma ha`m basqa tu`rkiy qa`wim ja`ne ruwlarinin` Shash, Ferg`ana ha`m basqa walayatlarda jasaytug`in tu`rkiy xaliq penen birigip otiriqshi turmisqa o`tiw protsessi jedellesedi. Otiriqshi diyxan ha`m o`nermentshi xaliq penen aralasip diyxanshiliq ha`m qala ma`deniyatinin` bay ta`jiriybesi ha`m da`stu`rleri o`zlestiriledi. Tu`rkiy uliwma til ha`m xaliq awizeki eposina negizlengen ko`rkem a`debiyat ju`zege keledi. Ha`tiyjede tu`rkiy tilde so`yleytug`in xaliq Maverannaxrdin` negizgi xaliqlarinin` birine aylanadi. Solay etip, a`sirler dawaminda Maverannaxr, Xorasan, Xorezmde ju`z bergen ju`da` qiyin siyasiy jag`dayda dawam etken etnikaliq protsesslerdin` aqibetinde IX-XII a`sirlerde o`zbek xalqi payda boladi. O`zbek xalqinin` kelip shig`iwi haqqinda ilimpazlar ta`repinen tu`rli pikirler aytilg`an. Bazi bir ilimpazlar o`zbekler o`z atin Altin Orda xani O`zbekxannan (1312-1342) alg`an dep aytadi. N.A.Aristovtin` pikirinshe ″o`zbek ati O`zbekxang`a shekem uliwma tariyxta ushiramaydi. Sonin` ushin da o`zbekler o`z atin usi xannan alg`an dep esaplaw kerek″ dep juwmaq shig`aradi. P.P. Ivanovta usi pikirdi jazg`an. A.Yu.Yakubovskiy ″o`zbek″ so`zi parsi tilinde ″o`zbekien″(o`zbektiki) so`zinen kelip shiqqan dep shamalap, ol da o`zbekler o`z atin O`zbekxannan alg`an deydi. Shet el tariyxshilari G.Xovors, A.Vamberi, M.A.Chaplichka da o`zbeklerdin` kelip shig`iwin O`zbekxannin` ati menen baylanistiradi. V.V. Grigor`ev bul haqqinda ma`lim bir pikir aytpag`an bolsa da, o`zbeklerdin` kelip shig`iwi haqqindag`i aytilg`an joqaridag`i pikirler tiykarsiz

ekenligin o`z waqtinda birinshi bolip ko`rsetti. Professor A.A. Semenov, V.V. Grigor`evti quwatlap o`zbek so`zi O`zbekxannan 100 jil keyin Aq Ordada kelip shiqqanlig`in, XIV-XV a`sirlerde Orta Aziya ha`m Iran tariyxshilari Aq Ordanin` tu`rk-mong`ol ko`shpeli qa`wimlerin usi at penen atag`anlig`in aytadi. Ja`ne bir gruppa tariyxshilar (L.Pel`s, A.P. Cholochnikov) Dashti Qipshaqtin` ko`shpeli tu`rk-mong`ol qa`wimleri o`zlerinin` erkinligi sebepli o`zbek atin alg`an, dep jazadi.

O`zbek atamasi bunnan basqa XIII-XIV a`sirlerdegi alimlardin` shig`armalarinda ushirasadi, biraq etnonim retinde emes. XIV a`sirdin` basinda ko`shpeli o`zbekler quraminda ja`mlesken qa`wimlerdin` bir bo`legi Muxammad Sheybanixan basshilig`inda Orta Aziyag`a bastirip kiredi ha`m ha`zirgi O`zbekstan territoriyasina ornalasip aladi. Usi waqittan baslap o`zbek atamasi xaliq atin bildiriwshi etnik atama bolip qaladi. Bunnan o`zbek xalqinin` kelip shig`iwin XVI a`sirden baslaw kerek degen juwmaq shiqpaydi. Bul jerde tek g`ana o`zbek atamasinin` bir etnonim sipatinda kelip shig`iwi haqqinda so`z baratir. Bul u`lkeni XVI a`sirde basip alg`an ko`shpeli o`zbekler Maverannaxrdin` tu`rkiy xaliqlari menen aralasip ketti ha`m og`an tek g`ana o`z atin berdi.

**TEMANI BEKKEMLEWShI SORAWLAR:**

1. Dunya xaliqlari ha`m O`zbeklerdin` da`stu`riy xojalig`i ha`m olardin` tu`rleri?
2. Xalqimiz tariyxina ha`m etnografiyasina tiyisli mag`liwmatlar?
3. O`zbek etnonimi?
4. O`zbek xalqinin` materialliq ha`m ruwxiy ma`deniyati?
5. Diyxanshiliqqa baylanis o`tkeriletug`in milliy maresimler?
6. O`zbeklerde o`tkeriletug`in jazg`i, gu`zgi, ba`ha`rgi qanday maresimlerdi bilesiz?
7. «Choy mama» maresimi haqqinda tu`sinik berin`?
8. «Avesto» kitabinda o`zbekler haqqinda qanday etnografiyaliq mag`liqmatlar berilgen?
9. Uriw, qa`wim, elat, xaliq ha`m millet tu`sinikleri. B.e.sh. 1 m.j.- b.e. VII a`sirlerdegi Orayliq Aziyada ju`z bergen siyasiy ha`m etnikaliq jag`daylar.
10. O`zbek xalqinin` etnogenezinin` (kelip shig`iwinin`) ekinshi da`wiri (IX-XII a`sirler)
11. XV a`sirdin aqiri - XVI a`sir o`zbek xalqinin` qa`liplesiwindegi u`shinshi da`wir.

**A`debiyatlar**

Its R.F. «Vvedenie v etnografiyu». L., 1974. Izd. vtoroe, 1994

Tokarev S.A. «Istoki etnograficheskoy nauki». M. Nauka, 1978

Jabbarov.I. «Uzbek xalqi etnografiyasi». T.1996

Jabborov I. «Jahon xalqlari etnologiyasi». T. «Yangi asr avlodi», 2005

Ashirov Sh, Atadjanov A «Etnologiya» T., 2007

**Tema. Qaraqalpaq`lardin` qa`liplesiwi protsessi ha`m etnik tariyxi.**

**REJE:**

1. Qaraqalpaq xalqinin` etnogenezi ha`m etnik tariyxi.
2. Qaraqalpaqlardin` ruwxiy ha`m materialliq ma`deniyati.
3. Qaraqalpaqlardin` milliy u`rip-a`detleri ha`m da`stu`rleri.

***Tyanish tu`sinigi***

*Qaraqalpaq xalqinin` etnogenezi ha`m etnik tariyx, Qaraqalpaqlardin` ruwxiy ha`m materialliq ma`deniyati, olardin` milliy u`rip-a`detleri ha`m da`stu`rleri.*

**Qaraqalpaqstan-** Orayliq Aziyadag`i en` iri da`r`ya A`muda`r`yanin` del`tasinda, du`n`ya kartalarindag`i belgili u`lken tegislik Turan oypatlig`inda, O`zbekstan Respublikasinin` arqa-batisinda jaylasqan. Respublikamizdin` aymag`inda Aral ten`izinin` qubla-batis bo`limi, u`stirt tegisliginin` qubla-shig`is yarimi, Qizilqum sho`listanlig`inin` arqa-batis ha`m A`muda`r`ya del`tasinin` orayliq, qubla-shig`is ha`m arqa-batis bo`limleri kiredi. Respublikamiz maydaninin` u`lkenligi sonshelli 13 mln.xalqi bar Gruziya, Armeniya, Litva respublikalarinin` jer ko`lemine barabar, yamasa Batis evropadag`i rawajlang`an Bel`giya, Niderlandiya, Shveytsariya, Albaniya qusag`an 32 mln.xalqi bar 4 ma`mlekettin` jer ko`leminen de 23,7 min` km.kv ko`p.

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI**

↓

**Paytaxti- NO`KIS qalasi**

↓

**JER MAYDANI-164,9 min` km.kv**

↓

**XALQI - 1mln 420 min`nan aslam**

↓

**Xalqinin` tig`izlig`i- 1 km.kv jerge 8,6 adam**

↓

**Qalalari: Xojeli, Shimbay, Beruniy, Qon`irat, To`rtku`l, Taxiatasl**

↓

**15 ha`kimshilik rayonlarg`a bo`linedi:**

Qaraqalpaqlar O`zbekstannin` Fergana, Xorezm, Buxara walayatlarinda, Tu`rkmenstan ha`m Qazaqstanda ha`mde azlap Afganistan aymaqlarinda jasaydi.

**Statistikaliq mag`liwmat**

| | |
|---|---|
| **Qaraqalpaqlar** | **32,1%** |
| **O`zbekler** | **30,5%** |
| **Qazaqlar** | **25,9%** |
| **Basqa xaliqlar** | **1,5%** |

**Qaraqalpaq xalqinin` etnogenezi ha`m etnik tariyxi.** Ha`r qanday xaliq tariyxi o`zleri jasap atirg`an jeri, sol jerdegi ma`deniyat tariyxina baylanisli izertleniwi kerek. Usi ko`z-qarastan qaraqalpaqlardin` ata-babasi Tu`slik Rossiyada jasag`an, Oris jilnamalardag`i «Chernie klobuki» (qara klobuklar) menen baylanisli degen pikirler duris emes.

Qaraqalpaq etnografiyasi, qaraqalpaqstan arxeologiyaliq estelikleri, fol`klori, mifologiyalari ha`m eski jazba derekler qaraqalpaq xalqinin` ata-babalari a`yyemgi jergilikli qa`wimler bolip esaplanadi.

Qaraqalpaqlardin` xaliq bolip qa`liplesiwi Tu`slik Aralda IX-XI a`sirlerge tuwra keledi. Sonin` menen birge qaraqalpaqlardin` etnogenezi ha`m etnikaliq tariyxi ju`da` uzaq da`wirden baslanadi. Bul xaliq bir neshe uriw ha`m qa`wimlerdin` birikpelerinen qa`liplesken. Ol haqqinda ko`plegen dereklerdi qaraqalpaq uriw atamalarinan da ko`riwge boladi. Biraq bunnan, qaraqalpaq xalqinin` kelip shig`iwindag`i a`yyemgi dereklerdi izertlew kerek emes degen pikir kelip shiqbawi kerek. Qaraqalpaq ata-babalari ha`m izleri a`yyemgi da`wirlerden berli Tu`slik Aral jaqlarinda jasaydi. Aral jag`alari ko`plegen xaliqlardin` ata-babalarinin` gezlesken, qa`liplesken da`rbenti.

Bul jerde Orayliq Aziya, Sibir`, Evraziya, Kavkaz, Orta Aziya ha`m Qazaqstan, aldin`g`i Tu`slik Aziya xaliqlarinin` ata-babalarinin` qa`liplesken ken` a`yyemgi uriwlar, qa`wimler jasag`an. Olar bir tilde so`ylesip, bir antropologiyaliq tu`rde bolip, o`z-ara jerleslik, xojaliq, ma`deniy birliklerin payda etken. Son`g`i da`wirlerde olar ha`r qiyli tariyxiy sebepler menen bo`lsheklenip Ural tawlarinan Indiyag`a shekemgi jerlerge ko`ship barip, ol jerlerdegi jerglikli qa`wimler menen aralasip, jergilikli xaliqlardin` qa`liplesiwine qatnasqan. Demek bul jerlerdegi jasap atirg`an xaliqlardin` hesh birin qanday da bir qa`wim birikpesinen emes, al ha`r tu`rli qa`wimler birikpesinen qa`liplesken xaliqlar dep tu`siniwi kerek. B.e.sh. VII a`sirde du`zilgen, zoroastrizm dininin` ta`liymati u`yretiwshi kitap «Avesta» kitabi A`miwda`r`ya jag`alarinda qa`liplesken. Demek bul jerde Iran ha`m tu`rkiyy tilles qa`wimler b.e.sh. I minin`shi jillari jasag`an. Olar ha`zirgi jergilikli xaliqlardin` ata-babalarinin` qa`liplesiwine qatnasg`an. B.e.sh. V a`sirlerde jergilikli Iran tilindegi saklar, massagetler, xorezmliler menen baktriyalilar arasinda tu`rkiyy tilles qa`wimlerde bolg`an. B.e.sh. I minin`shi jillardin` aqirlarinda bul aralas qa`wimlerdin` bir topari alanlar, aslar, sarmatlar dep atalg`an. Bul birikpedegi xaliqlar A`miwda`r`yanin` eki jag`asinda jasag`an. Arab jazba dereklerinde eftalitler, kidaritler (kerderler) dep ataydi.

Arab ilimpazi Yakut, 1219 jili kerderler Xorezmde aralasip jasaydi. Olar tu`rkler menen shegaralasqan jerde qon`islasqan. Tili xorezmlilide emes, tu`rkiy tilinde de emes dep ko`rsetedi.

Bunin` sebebi ol da`wirdegi jergilikli xaliqlar etnikaliq ha`m tili jag`inan ele toliq o`z-ara aralasip bir etnoslarg`a birige almag`an boliwi mu`mkin. Sonliqta olar aralas tilde so`ylesken. Kerderli-kidaritler Qaraqalpaqstanda jasag`an qaraqalpaq, qazaq, o`zbekler arasinda elede bar.Sak-massagetler, awgasiler apasiaklar menen a`yyemgi orta a`sirlerdegi tu`rkiy tilles uriw ha`m qa`wimlerdin` ja`miyetlik du`zimi, xojaliqlardin` tu`rleri neke ha`m sem`ya, da`stu`rleri menen diniy isenimleri haqqinda derekler Qaraqalpaqlar turmisinda elede saqlang`an. Sak-massagetler, apasiak, alanlar shig`istan kelgen gunnlar b.e.sh. II - b.e. IV a`sirlerde, sol tu`rkler menen (VI-VII a`sirlerde) aralasiwinan Aral jag`alarinda kerderler, og`uzlar, qipshaqlar birikpesi payda bolg`an. Solardin` xojaliq tu`rleri son`g`i Aral jag`alarindag`i xaliqlarda da dawam etken.

Sarmat - alan qa`wimine tiyis samat uriwi Qaraqalpaqlardin` mu`yten uriwlarinin` birikpesinde apasiak uriwi Qaraqalpaqlardin` man`g`it ha`m ashamayli uriw birikpelerinde elege shekem o`mir su`rmekte. Augasiler menen og`uz qa`wimlerinen qalg`an arxeologiyaliq estelikler ha`zirgi Qaraqalpaqlardin` xojaliq tu`rleri, ma`deniyatlari menen uqsas. Da`stu`rleri, qol o`nerindegi uqsasliqlar ayqin bayqaladi. Olar xojalitin` bir-neshe tu`rleri menen shug`illang`an mal sharwashilig`i, baliqshilin`, diyxanshiliq, Qaraqalpaqlar bunday xojaliq tu`rleri menen elede shug`illanadi. Ol haqqinda awiz eki a`debiyatta «u`sh ay shabag`im, u`sh ay qabag`im, u`sh ay sawinim, u`sh ay qawinim» delinedi. Jildin` to`rt ma`wsiminde belgili tamg`amlar bolg`an. X a`sir og`uzler ma`mleketi Tashkent, Jambil, Ustyurt aralig`in qamtig`an. Og`uzlerdi yabi basqarg`an, orayliq qalasi Yangikent, Sirda`r`yanin` to`mengi salasinda. Jergilikli qa`wimler tiykarinda VIII-XI a`sirlerde Qaraqalpaq xalqi qa`liplese baslag`an. XI a`sirlerde bularg`a sel`jduklar Sirda`r`ya jag`asinan kelip qosilg`an. Al XI a`sirde bulardi qipshaqlar bag`indiradi, olardin` tili en` jaydi.

Maxmud Kashkariy, XI a`sir og`uzler qa`wimi tu`rklerdin` bir bo`legi, olar 22 uriwdan ibarat bolip ha`r birinio` tan`balari bar. Bassiz bo`rik bolmas, tatsiz turik bolmas dep naqildi keltirip, og`uz qa`wimlerinin` aralas uriwlar ekenligin ko`rsetedi. Og`uz qa`wimlerinin` Qaraqalpaqlardin` etnikaliq tariyxina qatnasqaninan shejirelerinde de aytiladi. XI-XIII a`sirlerdin` basinda Xorezm patsxaliq da`wirinde Qaraqalpaqlar o`z aldina walayat bolg`an. XIII a`sir basinda mongollardin` jawlap aliw da`wirinde o`z watani, Aral ten`izinin` tu`sliginde, o`z aldina wa`layat bolg`an. XIII-XIV a`sirlerdin` aqirlarina shekem A`miwda`r`yanin` tiykarg`i tarmag`i Xojeli–Go`ne-Urgenish aralig`i menen Sariqamis, Uzboy arqali Kaspiyge aqqan. Sonin` menen birge A`miwda`r`yanin` bir tarmag`i da`slep Maylio`zek, son`, Kerder Aralg`a quyg`an. XVI a`sirdin` aqiri, XVII a`sirdin` basinda A`miwda`r`ya tu`slikten arqag`a o`z ag`isin o`zgertip ha`zirgi bag`darinda tu`sedi. Sarikamis, Uzboy boylarindag`i xaliqlar suwsizliqtan ko`ship ketedi. Awil xojaliq qurallari jer su`riwde gu`nde moyindiriq, pazna, mala, arba, bel, ketpen, oraq, jaba. Bul qurallardi islewshi ustalar a`yyemgi zamannan berli bolg`an. Ol haqqinda arxeologiyaliq, fol`klorliq, jazba derekler jetkilikli. Diyxanshiliqqa baylanisli diniy isenim

ha`m da`stu`rleri bolg`an. Baliqti awlaw kershi, kaza, basay, shanishqi, ilme, aw, na`rete, keme, shana arqali awlag`an. Olardi saqlaw ha`r tu`rli tag`am tayarlaw usillari bolg`an.

Baliqshiliqqa baylanisli xaliq ta`jiriybeleri menen birge diniy isenimler, da`stu`rler bolg`an. Mal sharwashiliq (to`rt tu`lik mal), baliqshiliq ko`birek Qaraqalpaqlardin` qon`irat arsinda bolg`an. An`shiliq duzaq, kekban, jang, ara, oq jay, sol miltiq qurallari menen bolg`an. An`shi iyt, an`shi quslar bolg`an. O`nermentshilik kesteshilik, o`su`rip kiyatirg`anlig`in ko`rsetedi.

**Qaraqalpaqlardin` ruwxiy ha`m materialliq ma`deniyati.** Ha`r qanday el arasinda tu`r, til, kiyim xaliqtin` milliy o`zgesheligin bildiriw menen bir qatarda, geypara kiyimleride uliwmaliq belgilerden bolatug`ini aniq. Ma`selen, kostyum, shalbar, tufli, etik, pal`to ha`m malaqay du`n`yanin` ko`pshilik elleri ushin ta`n.Bul kiyimler uliwmaliq sipatlarqa iye bolip, jer ju`zinin` jetpis payizinan aslam xalqi tap usinday kiyimlerden paydalanadi. Leykin solay bolsa da ha`r qanday xaliqtin` o`zine ta`n milliy lipaslari bar. Ko`pshilik jag`dayda ha`r qanday xaliq o`z kiyiminin` o`zgeshelikleri tiykarinda da ajiralip turadi.

Bas kiyim ushin ju`n, qoy terisi, tu`lki, qasqir, qarsaq, qoyan ha`m tishqan terileri paydalanilg`an. Iylengen mal terileri malaqaydin` tisi ushin qollanilg`an. Bas kiyim tigiwdin` bunday usillari basqa xaliqlarda da bar. Biraq tu`ri a`dewir o`zgeshe bolip keledi. Sebebi «qaraqalpaqsha jataq malaqay», «qaraqalpaqsha sho`girme», «qaraqalpaqsha taqiya» a`dewir o`zgesheliklerge iye. Da`stu`riy xaliq kiyimlerin izertlep u`yreniw milletimiz xalqimizdin` Etnogenezi ha`m etnikaliq tariyxi ushin bay material beredi ha`m o`zligimizdi an`lawg`a ja`rdem etedi. Da`stu`riy xaliq kiyimlerinin` ishinde er adamlar kiyimlerinen qalpaq, hayal-qizlar kiyimlerinen kiymeshek, jo`gde, sa`wkele qaraqalpaq xalqinin` o`zligin an`lawda u`lken a`hmiyetke iye. Bul kiyimlerde Qaraqalpaq xalqinin` milliyligi, o`zligi a`sirler dawaminda sin`irilip keldirilgen.Bulardin` ishinde qalpaq eskiden kiyatirg`an bas kiyimnin` biri. Ol burin bo`zden, juqa etip basilg`an kiyizden, gezlemeden islengen. Qalpaq atamasi ha`zirgi qaraqalpaq xalqinin` ati menen tig`iz baylanisli. Prof.S.P.Tolstovtin` tuwri ko`rsetkenirnedey-aq «Qaraqalpaqlardin` qa`liplesiwinde en` a`hmiyetli payit IX-X a`sirdegi pechenegler siyasiy birlespesinin` du`ziliwi bolip esaplandi». Sol waqitlari Qaraqalpaq Edil Jayiq da`r`yalari boylarinda, Aral ha`m Kaspiy ten`izi araliqlarindag`i dalanliqlarda jasag`an.

X-XI a`sirdegi rus jilnamalarinda «Klubok», «Cherniy klubok» degen atamalar gezlesedi. Bul tu`rkiy tilinde «Qalpaq» yamasa «Qaraqalpaq» degen ma`nisti an`latadi. Ko`pshilik ilimpazlar Qaraqalpaqlardin` kelip shig`iwin usi atama menen baylanistiradi. Bul ayirim shig`is avtorlarinin` miynetlerinde de ushirasadi.Tariyxshi Rashid-Ed-diyn 1239 jili Batiyxannin` atlanislarin su`wretlew mene bir qatarda a`skeriy awqamlasi bolg`an «qawimi-qulaxiy-siyaq» atli xalqinda atap o`tedi. «Qulaqiy-siyaq» negizinen parsi so`zi bolip, «qulaq»-qalpaq, «siyaq»- qara, yag`niy «qaraqalpaq» degen mag`anani bildiredi. Tariyxshilardin` izertlewlerinde bulardan basqada «qalpaq», «Qara bo`rikli» degen atamalar ushirasadi. Ma`selen Xorezm tariyxshisi Abul Fayz Bayxaki Xorezm patshasi

Altinshashtin`- «Ko`shpeli qa`wimlerden jallap aldirilg`an 7500 atli gvardiyasi bolg`anlig`i, olardin` Qalpaq dep atalg`anlig`i haqqinda jazadi». «Qalpaq» atamasi Qaraqalpaq a`debiyati klassiklerinin` shig`armalarinda da ushirasadi. Leykin qaraqalpaqsha ko`yleklerde «nog`ay jag`a» degen da`stu`r.Bul jag`anin` tariyxi ba`lki qaraqalpaqlardin` sol XVI a`sirdegi Nog`ayli awqaminda jasag`an da`wirlerinen qalsa kerek. Sebebi, ko`ylektin` «Yaxtak» dep atalg`an tu`ri (shapan siyaqli aldi ashiq bolip, belinen oramal baylanadi) o`zbek ha`m ta`jikler arqali basqa xaliqlarg`a da o`tken. Al, qaraqalpaqlar nog`ay jag`ali ko`ylek kiyedi. Bunin` eki tu`ri bar. Birinshisi, ko`ylektin` bas beti adamnin` basi siyg`anday etip oyilip, son`inan qizil sabaqlar menen a`diplenedi. Ayrimlarina nag`ish ta qoyiladi. Qiz ha`m kelinsheklerdin` ko`ylekleri a`dewir o`zgeshe boladi. Bularda jipek ko`ylek, pashshayi ko`ylek, ko`k ko`ylek quni jag`inan ha`tteki bir neshe maldin` bahasina ten`. Ba`shpen qara barxt yaki qara tawardan tigilgeni menen onin` nag`islarinin` san sanag`i joq. A`sirese ba`shpenttin` jag`asi, etegi, kisesinin` qaptalinin` ba`ri tolg`an nag`is bolg`an. Bunday nag`islardi qizlardin` o`zleri jen`gelerinin` ja`rdeminde tikken. Qizlar on jasinan baslap nag`isqa u`yretilgen. Usinday jaa`dayda olar kelinshek bolip tu`setug`indag`i kiyimlerinin` nag`islari menen bir qara u`ydin` o`rmek da`skesin zordan segiz jilda toqip bergen.

Demek, Qaraqalpaq hayal-qizlarinin` kiyim-kenshekleri erkeklerdin` kiyimlerine qarag`anda a`dewir qimbat, olardi tigiwdin` o`zi mashaqatli ekenligshi o`z-o`zinen ma`lim. Bunin` en` basli go`zzalliq timsali-dep tu`siniw tiykarinda bolsa kerek. Sebebi XVIII a`sirden en` birinshi Qaraqalpaqlar arasina kelgne oris sayaxatshisi P.Richkov: «Bul eldin` qizlari ju`da` suliw bolip keledi. Al, quslarinin` qorazi ha`dden tisqari go`zzaliuua iye. Olar o`z go`zzaliqlarina baylanisli bezenip te biledi. Bul u`lkenin` qizlarinin` kiyimleri menen qoraz, qirg`awillari tap sonday sipatlawg`a turarliq» dep jazadi. Qaraqalpaqlar: «Qiz bala o`z u`yinde qonaq» dep esaplap, ol o`zge esitkke barg`anda da o`z ornin t`awip ketiwi ushin jas ku`ninen baslpa og`an o`ner u`yretken. Bul o`ner kiyim tigiw ha`m og`an nag`is oyiw, sonday-aq u`y da`skeleri ushin o`rmiek toqiwda belgili bolg`an. Sonin` ushin da bul jag`day qizlar arasindag`i o`ner jarislarin payda etken. O`nerli qizlardin` miynetleri ko`birek baxalang`an. Usinday sebeplerge ko`re da`slep xa`r qanday qizg`a o`ner uyretiu ushin jen`geleri xa`m analari ja`rdem bergeni menen de, son`inan bul isti olardin` o`zleri men`gerip ketetug`in bolg`an. Xa`r qanday qiz o`zinin` qol o`neri menen de baxalang`an. Turmisqa shig`atug`in qiz xaliqqa o`zinin` qol o`nerinde tanita alg`an.

Belgili etnograf, professor T.A.Jdanko bul xaqqinda: «Qizlardi 10-14 jaslarinan baslap o`rmek tog`iu xa`m nag`is oyiug`a uyretiw qaraqalpaq xalqinin` en` unamli ta`repi. Sebebi XVIII-XIX a`sir materiiallari arasinda qaraqalpaqlarda o`rmek toqiu xa`m nag`is oyiudi bilmeytug`in qizdi tabiu qiyin. Sonin` ushinda olar 18 jasqa shiqqang`a shekem sonday bir mektepti payda etken, ha`tteki isengin` kelmeydi. Jap-jas qizlar bir-biri menen jarisip ju`rip-aq ko`rkem o`nerrin` biyik shin`larina ko`terilgen» dep jazadi.

Al, XVIII-a`sirde Qaraqalpaqlar arasina kelgen Oris ofitseri Gladishev: «Er ballardin` ko`pshiligi olpi-solpi ko`ylekleri o`rim-o`rim, ayaqlari jalan` ayaq. Al, qizlardin` kiyimleri aytarliqtay taza bolmag`apni menen de basinda nag`ishli taqiyasi bar. Ko`ylеklerinin` nag`islari da bolar emes. Sog`an qarag`anda bul elde hayal-qizlarg`a ayriqsha ko`z-qarastin` bar ekenligi bayqaladi» dep jazg`an.

T.A.Jdankonin` boljawinsha 80 protsentke jaqin qizlar tap sonday o`nerge iye bolg`an. Xalqimiz da`sturiy kiyim-kensheklerinin` qisqi kiyimleri haqqinda aytatug`in bolsaq, hayal-qizlarimiz maqpaldan paxta mene astarlap tigiletug`in gu`pi, an` terisinen tigilip ha`zirgi shubalarg`a ushaqan ishik, bunda ishikler tu`lki, shag`al, qasqir ha`tteki ayirimlari jolbaris terisinen de tigilgen.

Tap sonday jolbaris terisinen ishik, menin` anamnin` anasi Seytnazar hajinin` kelini Zliyxa analiqta jaqin jillarg`a shekem saqlanip kelgen edi.Qaraqalpaq hayal-qizlarinin` qisqi kiyimlerinde nag`is boladi. Tek qara qoqshil barxit maqpal gu`pilerdin` jag`alari menen qaltalarina g`ana nag`is oyiladi. Qalin` astarli gu`pini erkekler de kiyedi. Biraq olardin` en` basli qis kiyimi qoy terisinen tigiletug`in sen`-sen` postin. Sen`-sen` postin qoy terisinen iylep tigiledi. Terisi ma`lha`m bolg`annan keyin a`nar suwi ju`rtilip, sarig`a boyaladi. Son`inan arqasina u`sh mu`yeshli ayshiq qoyiladi. Leykin

Qaraqalpaq xalqinin` kiyimlerinin` o`zgesheligi bunin` menen sheklenip qalmaydi. Qaraqalpaq milliy tag`inshaqlari- Qaraqalpaq hayal-qizlarinin` milliyliginin` bir belgisi bolip, a`sirese ata-babalarimizdan miyras bolip qalg`an tag`inshaqlar u`lken a`ha`miyetke iye bolg`an.

O`tmishten miyras bolip kelgen xalqimizdin` qol o`neri arqali bizge jetip kelgen Sa`wkele, Ha`ykel, A`rebek, Kiyme- shek, Tu`rme, Aydanli, Qara u`y siyaqli milliy qa`diryatlar-imiz: Aqbasqur, Qizilqur, Kergi, Iyin baw h.t. basqada zergerlik buyimlari Qaraqalpaq xaliqlarinin` o`zine ta`n etnografiyaliq o`zgesheliklerin sa`wlelendiredi. Sonday-aq jasi 40 o`tken hayallar keywana esaplanip, qizil kiymeshek ornina aq kiymeshek, qizil jegde ornina aq jegde ha`ykel ornina tumarsha, qalqanli sirg`v ornina bu`rshekli sirg`a, qasli bilezik ornina kuyma bilezik tag`ing`an.

Kelinsheklerge bas oraw da`stur bolg`an. Sebebi ha`r qanday kelinshek bas orawdin` sheberi bolip, qizlarg`a haywanshaqli bas oraw usilin u`yretken. Bas oraw ushin ko`bipnshe jipekten qalin` etip islengen tu`rme qollang`an. Tu`rme eni 30sm usilinda toqilg`an uzinlig`i 10 metrden aslam jipek mata. Bunin` en` qisqa tu`ri ma`deli-dep ataladi. Oni jigitler belbew ushin paydalang`an. Al, tu`rme bolsa negizinen hayal-qizlardin` bas orawi ushin paydalanilg`an. Qaraqalpaqta qizlar kiygen kiyimlerdin` en` eskilerinin` biri sa`wkele. Bul qizlardin` bas kiyimi bolip, to`besi shlemge uqsap gumbezlenip turadi. Onin` negizi ushig`a menen tislang`an juqa kiyiz. Ushig`a qizil ha`m qara ren`de bolip, tik tartilg`an to`rt jolaqtan qurilg`an. Sa`wkelenin` toppisi (to`besi) to`belik yamasa jegde menen jabilip turatug`in bolg`anliqtan onda aytarliqtay, ko`p nag`is bolmaydi. Al, onin` man`lay jag`i qizil, jasil marjanlar menen birlikte gu`mis penen bezelgen. Eki qastin` arasin bir qatar dizbe monshaqlar bolip turadi. Onin` u`stine gu`misten islengen gu`mis qasli g`ubba qadalg`an. Qulaqtin` u`stin eki qatarli qizg`ilt sarg`ish feruza,marjanlar jawip turadi. Shamasi bul bas kiyimnin` tarqaliwi

og`ada erte da`wirlerdi o`z ishine alip eramizdan buring`i X-a`sirde Mesopatamiyada payda bolg`an. Son`inan Sak ha`m Massagetler eline tarqalg`an boliwi itimal. Biraq bul bas kiyiminin` sonshelli eski boliwina qaramasta Qaraqalpaqlar arasinda tarqaliwi ko`p.

1741-jili Qaraqalpaqlar arasina kelgen Gladishev ha`m Muravin «Sa`wkele Qaraqalpaq hayal-qizlarinin` ku`ndelikli bas kiyimi»-dep ta`riyipleydi. Ha`zirgi waqitta onin` bes danasi tabilip, muzeylerde saqlawli tur. Qaraqalpaq qizlari bunnan tisqari gu`mis taqiya kiygen. Bul taqiyanin`da silsineli taqiya ha`m to`belik taqiya dep atalg`an tu`rleri bar. Gu`mis taqiyalar negizinen gumis qan`iltirdan islenip, og`an mis penen ushig`a aralasqan. Qaraqalpaq hayal-qizlarinin` o`zine ta`n tag`inshaqlarinin` tu`ri og`ada ko`p. Ma`selen, A`rebek muring`a salinatug`in sirg`a. Ol gumis simnan do`n`gelek etip jasalg`an bolip, sirtqi qaptallarinda ko`k ren`li, feruza tu`sli mayda-mayda hasil taslar, altin jalatilg`an. A`dette ol murinnin` on` jag`ina tag`iladi. Murin a`zzi ag`za bolg`ani ushin a`dette ol jen`il boliwi tiyis. Usinday sebeplerge ko`re Qaraqalpaq hayal-qizlarinin` tag`inshaqlarinin` o`zi de olardin` jaslarina qaray bo`linedi.

Ma`selen, Qaraqalpaqlardin` 12-13 jastag`i qizlari-ha`ykel, ayshiq, moytumar, ilgek tag`atug`in bolg`an. Al, erjetken qizlar ushin ha`ykel, jumalaq tu`yme, giltsalg`ish ha`m o`n`irmonshaq tag`iw da`stu`rge aylang`an. Sonin` ushin da Ag`inbay Allamuratov: «Olar basina kiygen gu`mis taqiya, to`belik yamasa sa`wkele sa`wle shaship,qulag`indag`i halqali sirg`alari jalt-jult etip, milliy kiyimlerdin` nag`islarindag`i qizil,jasil, sarg`ilt nag`islar ha`r kiyli tu`slerge dolanip, ba`ri bir-birine qosilip, a`jayip sa`n berip turg`an» dep jazadi.Hayal-qizlardin` tag`inshag`i ha`ykel Orta Aziyanin` ayirim xaliqlarinda ushirasqani menen de Qaraqalpaq xalqinin` ha`ykeli a`dewir o`zgeshe. Bul tag`inshaq negizinen tumardin` jetilisken tu`ri boliwi mu`mkin. Sebebi, ha`ykel ju`da` suliw ha`m nag`ishli boliwi menen birge, onda qa`ramatli quran su`releri de saqlang`an. Qaraqalpaq ha`ykeli birneshe bo`leklerden turadi. Bas beti gu`mis qan`iltirdan quralg`an. Bet jag`inda birneshe qaslar ha`m altin jalatip islengen nag`islari bar. Gu`mis qan`iltirli, qoshqar shaq ha`ykeldin` basi u`sh iri bo`lekten turadi. Onin` ortka bo`legi kesesine ornalasqan uzin tu`tikshe. Eki ushi nag`isli etip qaqpaqlang`an. Bir jag`inin` qaqpag`i almali-salmali bolip, onin` ishinde quran hayatlari yaki qag`azda jazilg`an duwa, ten`geler salinadi.

Ha`ykeldin` qarami a`dewir u`lkenlew bolip,ol ja`wxar tas, altin ha`m gu`misler menen bezetilgen. Mayda jiltirawiq shinjiri ha`m qon`irawli tag`inshag`i bolg`ani ushin da qizlarg`a u`lken saltanat bag`ishlaydi.Sonliqtan, bul tag`inshaqtin` orni a`dewir o`zgeshe. Usinday sebeplerge ko`re Orta Aziyag`a da`slepki kelgen oris sayaxatshilari Qaraqalpaq ha`m Tu`rkmen hayal-qizlarinin` tag`inshaqlarina u`lken kewil awdarg`an. Jegde ha`m kiyim-kenshektegi nag`islar, bezewler qaraqalpaqlardin` a`yyemgi ata-babalarina ta`n bolg`an. Sa`wkele hayal-qizlardin` a`yyemgi zamanlardan baslap bas kiyim bolip esaplanadi. Ol ha`r tu`rli nag`is benen kestelenip tigilgen bolip, altin, gu`mis basqa zatlar menen bezelgen boladi. Sa`wkele batir qizlar bas kiyimi «Qiriq qiz»

«Alpamis» da`stanlarinda-da ushirasadi. Bul qaraqalpaqlardin` erte da`wirden berman kiyatirg`an da`sturiy bas kiyimi ekenligi joqarida aytqanimizday arxeologiyaliq izertlewlerdin` juwmaqlari menen de tastiyiqlanadi. 1740-jili qaraqalpaqlar arasinda bolg`an russ elshixanasi ag`zalarinin` biri giodezist Muravin bul bas kiyimdi «kosavoy» degen at penen ta`riyplep jazip qaldirg`an. Sa`wkele jaqin jillarg`a shekem xalqimizdin` su`yikli da`stu`riy bas kiyim bolip keldi. Sovetlik da`wirlerde bul bas kiyimlerdi tigiw, toqiw qadag`an etilgen, olarg`a eskiliktin` qaldig`i retinde qaralip, bizin` milliyligimizdi, o`zligimizdi umittiriwg`a ma`jbu`r etpekshi boldi. Qaraqalpaqlar arasinda 18-20 atadan berli temirshilik penen shug`illaniwshi adamlar bar. Paxta, jon`ishqa, tuqim tazalaw mayda zavodlar, juwaz, qaraz bolg`an. Jol qatnasta arba, keme, shana, at qollanilg`an. Arba, tat arba, telegen arba bolip ekige bo`lingen. Bul xojaliq tu`rleri erte zamanlardan berli o`mir su`rgen.

Qaraqalpaqlarda sem`yanin` ha`m nekenin` bir neshe tu`rleri bolg`an- u`lken sem`ya, kishi sem`ya, ag`ayinli adamlar sem`yasi (bir atanin` ballari).

**Qaraqalpaq sem`yalarindag`i neke tu`rleri haqqinda mag`liwmat:**

| | |
|---|---|
| **Ekzogamiya** | Uriw ishinde neke qadag`an |
| **Levirat** | Eri o`lse qa`ynisine nekelew |
| **Sororat** | A`yeli o`lse sin`lisine nekelew |
| **Poligamiya** | Ko`p qatin aliwshiliq |
| **Endogamiya** | O`z ishinen nekelesiw |

Neke ekzogamiya- uriw ishinde neke qadag`an. Neke aqlaỹ, quda tu`siw, ayttirip aliw, basin shatiw - eri o`lse, zayibin qaynisine turmisqa shig`ariw (levirat). Zayibi o`lse sin`lisine u`yleniw (sorarat). Tiykarg`i neke tu`ri, ayttirip aliw, qalin` mal to`lew arqali bolg`an. Qalin` mal ushin mal to`lengen. Qizdi uzatiw toyi, qiz u`yinde, jigittin` u`yleniw toyi jigittin` u`yinde. Uzatilip kiyatirg`an qizdin` jolinda tu`rli tamashalar (ilaq, qol oramal) qa`deler (ko`pirde, awil tusinan o`tiw h.t.b.) bolg`an. Bul toylarda gu`resip, ba`ygige atlar jiberilip, baqsi jirawlar tiplanip, atko`nshekler tebilip, keshte otirispaqlar bolg`an. Nekelesiwshi ha`m nekelesken jaslardi shan`araq mashqalalari menen jaslardin` ata-analari menen birge jenge, jigit ag`a, murindiq ene, murindiq ata tanistirip, basshiliq etip barg`an.

Poligamiya-ko`p hayal aliwshiliq baylarda bolg`an. Nekelesiwde ko`birek endogamiya (o`z ishinen neke) bolsada, jergilikli xaliqlar o`z-ara nekelesken. Jerleslik, xojaliq birligi na`tiyjesinde Qaraqalpaqstandag`i xaliqlar o`z-ara tig`iz, uzaq da`wirler jasaw menen bir-birine aralasip, etnikaliq quramin ko`beytken. Ma`selen: diyxanshiliq, qoldan suwg`ariw arqali o`nim beredi. Bul ushin uzaqtan sag`a alip, uzin arnalardi birigip qaziw ushin Qaraqalpaq, qazaq, o`zbek, tu`rkmenler ja`mlesip qaziwlar qazg`an. Egin egiletug`in jerlerdi, suwlardi, awil xojaliq qurallarin birigip paydalang`an.

Sonday-aq, bul xaliqlar arasinda o`z-ara nekelesiw da`stu`r, bayramlardi birge o`tkeriw arqalida etnikaliq qurami o`zgerip turg`an.

Sonday-aq, turaq jaylari tam, qaqira, sho`pkerden islengen jaylar, tu`rli, bul xaliqlarda bir - birine uqsas. Arxeologiyaliq estelikler, bul turaq jaylar uzaq da`wirlerden berli o`mir surgen.

Endilikte g`a`rezsizligimiz sharapati menen ata-babalarimizdin` kim bolg`anlig`in, olardin` min` jillar dawamindag`i do`retiwshilik ma`deniyatin qayta tiklep o`zimizdin` milliyligimizdi, o`zligimizdi an`lap atirmiz. Solay etip, ha`r bir xaliqtin` o`zine ta`n kiyimleri menen etnografiyaliq o`zgeshelikleri bolg`anlig`i siyaqli, qaraqalpaq xalqinin` da o`zine ta`n milliyligi, milliy da`stu`riy kiyimleri bolg`an. Bul o`zgeshelik xaliq qosiqlari, shayirlarimiz miynetlerinde ha`m tariyxiy kitaplar betlerinde sa`wlelener eken- demek bul xalqimizdin` tariyxiy-etnografiyaliq miyraslarinin` negizi bolip xizmet atqara aladi dep isenemiz.

## TEMANI BEKKEMLEWShI SORAWLAR:

1. Ekzogamiya ne ma`nisinde qollaniladi?
2. Levirat nekenin` qanday tu`ri?
3. Sororat nekenin` qanday tu`ri?
4. Poligamiya yamasa Endogamiya nekenin` qanday tu`rleri?
5. Qaraqalpaqlardin` kelip shig`iwinda ta`sir ko`rsetken etnik komponentler, ruw ha`m qa`wimler?
6. Qaraqalpaqstan bu`gingi ku`nde neshe ha`kimshilik rayonlarina bo`linedi?
7. Sak-massagetler haqqinda aytip berin`?
8. «Qiriq –qiz» da`staninan u`zindi keltirin`?
9. A`rebek bul ne?
10. Qaraqalpaq uriwlari haqqinda ne bilesiz?

## A`debiyatlar


Karimov.I.A. «Tarixiy xotirasiz kelajak ywq» T., 1998

Adambaev.T. Qaraqalpaq muzika tariyxi. N.,1968

Allamuratov.A. Qaraqalpaq ko`rkem-o`neri tariyxinan. N.,1968

Allamuratov.A. Ma`n`gi miyras. N.,1994

Esbergenov.X. Etnograficheskie motivi v Qarakalpakskom fol`klore. T., 1998

Kamalov.S.K. «Berdaxtin` Shejiresi qaraqalpaq xalqinin` etnogenezin izertlew ushin tariyxiy derek». /Respublikaliq ilimiy-teoriyaliq konferentsiya materiallari/ No`kis. «QMU» 2005., 3- bet

Kamalov.S.K. Qarakalpaki v XVIII nachale XIX vekax. T.,1968

Kamalov.S.K. XVIII a`sirde qaraqalpaq-oris qatnasiqlari. N.,1969

Mambetov.K. Qaraqalpaqlardin` etnografiyaliq tariyxi. N.,1995